12+

1

2013





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

# МАХ ДУГ

**1**

**2013**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

## НОМЫРЫ ИС:


### АГЪНАТЫ ГÆСТÆН: 70 АЗЫ

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Æндæрг.** Уацау цыбыртæгондæй 6

*ХÆМЫЦАТЫ Албег.* **Нæй нæртон фæтк æмæ уаг.** Æмдзæвгæтæ 58

*ТЪЕХТЫ Валентин.* **Этюдтæ** 67

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Чиныг «Исчи»-йæ.** *Æмдзæвгæтæ* 70

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр.* **Юмористон радзырдтæ** 82

### АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*АБАЙТЫ Арбилянæ.* **Театр – йæ хъысмæт, йæ цин** 88

### «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 97

**Равдыстмæ фæсныхас** 106

### ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*Тазе БЕСАЕВ, Татари ЕПХИЕВ.* **До конца разоблачить троцкистов на литературном фронте** 108

*ЦÆГÆРАТЫ Максим, БАСИТЫ Дзаххотт, ДЗАЛАТЫ Мойсей.* **Нигерæн не ‘мбæлы советон фыссæджы ном хæссын** 110

### АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*Мзокты Аслæнбег.* **Цæлыккаты Ахмæты сфæлдыстад астæуккаг скъолайы** 113

### ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

*ГÆДИАТЫ Цомахъ.* **Царды уæз** 126

### АРВИСТОН 135


*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

# АГЪНАТЫ ГÆСТÆН: 70 АЗЫ



*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ÆНДÆРГ

*Уацау*

Цыбыртæгондæй

...Диссаг, ацы хæдзары никæд уыдтæн, йæ цуры мæ къах никæд æрæнцад, фæлæ мæ мидзæрдæйы куыддæриддæр хъуыды кодтон, афтæ рауад: мæ цæстытыл уад бæрзонд, фондзуæладзыгон райдзаст агъуыст, ивгъуыд рæстæджы уырзæй арæзт бæстыхай. Хъуыды кодтон: бахиздзынæн уæрæх хъæдын дуарæй, дæ кусæнуат – дыккаг уæладзыджы, ссæудзынæн æм нывæфтыд гауызтыл. Куыддæриддæр хъуыды кодтон, афтæ рауад. Æвæццæгæн, зæрдæ алцыдæр раздæр базоны, æгæрон дунейæ не 'хсæн – мингай тæгтæ.

Дуаргæс мæм цалдæр хатты æрбакаст, фæрсæн каст. Дæ ном æмæ дæ мыггаг куы загътон, уæд йæ цæстытæ уæрæх байгом сты, уыйбæрц цымыдисаг зынд, æмæ сæ сæ бынæттæй рацъыввытт кæнынмæ бирæ нал хъуыд: фæцæй мæ ныхъуырдтой, ракæнонхуызæй мыл цалдæр хатты сæрæй бынмæ джигултæгæнгæ æрцыдысты, цыма арвæй æрхаудтæн. Дуаргæсы цæстытæ мæ фарстой: чи дæ? Кæцæй æрбахаудтæ? Цæмæн дæм цæуын? Ахæм æнæфсæрмæй мæм джигул кодтой, æмæ фæкъæмдзæстыг дæн, фæтарстæн, цыма мæ мадард бæгънæгæй уыдта. Мæ сæры фæвзæрд: кæд мæ, цы не 'мбæлы, ахæм исты зыны. Æмæ аивæй мæхимæ æркастæн. «Цу», – загъта сылгоймаг æмæ йæ сæр иуварс азылдта,

йæ хъæлæс – æнæрвæссон, сæрыстыр. Цымæ, раздæр цы куыст кодта, кæцæй йæм æрцыдисты уыцы «æвæджиауы хорз» миниуджытæ?

Цыдæр уысм мæ мидбынат лæугæйæ аззадтæн: фæстæмæ разил æмæ йын алывыдтæ акал. Мæ уынд, мæ дарæсмæ мын цæмæ кæсы? Чи дæн, уымæн исты зоны? Кæд философ-академик дæн, уæд та? Кæд генералиссимус исты дæн, уæд та? Кæд уæларвон тыхтæй зæхмæ минæвар дæн, уæд та?.. Хъуамæ дуаргæсыл цалдæр зынг ныхасы баппæрстаин, фæлæ мæхиуыл ныххæцыдтæн: цы дзурон йемæ, æнæфендимæ æнæфенд ныхас сæрмæ хæссинаг нæу.

Куыд дæм кæсы? Финляндийы хуыд ног итувæрд сау костюм мыл, урс хæдон, галстук, англисаг дзыхъхъынног туфлитæ, мæ дæларм – æрттиваг папкæ. Рахызтæн трамвайæ нæ, фæлæ сау «Волгæ»-йæ, æмæ дуаргæсы уынаг цæстытæ, ай-гъай, уый æнæ ацахсгæ нæ фесты. Куыд дæм кæсы, уæд мæ æрурæдтаид? Йæ цæстытæй мæ афтæ сгæрстаид? Нæ! Уæд мын сыстадаид бæрзонд, йæ сæрæй мын ныллæг акуывтаид, йæ мидбылты мæм бахудтаид, цалынмæ мæ уыдтаид, уæдмæ мæ йæ фæлмæн цæстæнгас фæндараст кодтаид. Æвæццæгæн, уыцы иу рæстæг адæймаджы мидæг цагъар дæр цæры æмæ цагъаргæнæг дæр, æмæ дзы фадат кæмæн куыд фæвæййы, уый дуæрттæ уæрæх байтындзы, йе 'мбæрц слæууы, æддæмæ рахизы æмæ фидар къахдзæфтæй ацæуы. Адæймаджы цы дыууæ адæймаджы цæры, уыдонæн æрмæстдæр фадат фæуа, æндæр сæхи равдисын кæддæриддæр æмæ кæмфæнды дæр базондзысты. Йæ цагъар æмæ йæ цагъаргæнæг уд йæ риуæй хæрдмæ чи нæ суадзы, уый амондджын у, уый æцæг хъæбатыр у, уый дын æцæг Адæймаг.

Цæргæ-цæрæнбонты æппæты тынгдæр бæллыдтæн иу хъуыддагмæ: адæймаг, æцæг адæймаг куы уыдаин, уымæ, фæлæ... Чи дæн, æмæ-гъа. Дæ ном куы загътон, асинтыл хæрдмæ куы сцæйцыдтæн, уæд цыдæр уысм фæстæмæ фæкастæн, æмæ мын уæ дуаргæсы цæстытæ хъæрæй æмæ æнæфсæрмæй дзырдтой:

«Ацы сæмпæрчъи, ацы гæлхæрд цымæ хицаумæ цæмæ цæуы? Чи йын у? Цы йæ хъæуы?!»

Чи зоны, ды дæр ма мæн тыххæй йæ цæсты фæныллæгдæр дæ. Цæмæй йæ зоны: æз æмæ ды сыхæгтæ уыдыстæм, хорз сыхæгтæ, не 'хсæн цыппар хæдзары, иу кæртæй рахъæр кæн æмæ дæ иннæ фехъусдзæн. Цæмæй йæ зоны: æз æмæ ды иу

къласы ахуыр кодтам. Цæмæй йæ зоны, фаззон æфсымæрты хуызæн, кæрæдзи къухтыл хæцгæ, скъолайы къæсæрæй иумæ бахызтыстæм. Нæ. Цæугæ нæ кодтам – тахтыстæм уæлдæфы. Фыццаг дзæнгæрæг... Уый фыццаг дзæнгæрæг нæ уыд, фæлæ мады æхсызгон худт, йæ алы мыр дæр, йæ алы зæл дæр зæрдæйы кæмæн ахъары, ахæм æхцон зарæг. Ныр дæр ма мæ хъустыл уайы, сиды мæм, фыццаг урокмæ мæ фæхоны.

Дæс къласы каст куы фестæм, уæд нæ фæстаг дзæнгæрæг та? Цы 'нкъард уыд, дзæнгæрæг кæугæ дæр фæкæны, уый уæдмæ нæ зыдтон. Кæугæ нæ – уый кодта хъарæг, æмæ зæрдæ рыст, фæйнæрдæм тъæппытæ хауд. Нæлгоймаг хъуамæ афтæ тæнзæрдæ уа? Мæ цæстытæ доны разылдысты, скæуынмæ мæ бирæ нал хъуыд. Цыма, мæ цард цард цæмæй нал уыдзæн, ахæм цыдæр ахсджиагæй хицæн кæнын. Цы, уый кæмдæр зæрдæйæ æнкъардтон, фæлæ йæ зонд нæма ахста. Фæстæдæр æй базыдтон. Уæд хицæн кодтон ме 'взонгдзинадæй.

Ды… Цал азы рацыд уæдæй нырмæ. Нæ фæндзай азтæ мæнæ-мæнæ кæнынц. Æвæццæгæн æм дæхи цæттæ кæнын райдыдтай. Хæрзаг, стыр бæрæгбон дын уыдзæн, æрхондзынæ æвзæрст адæм, æхсæст хоры хуызæн фæсивæд, Ирыстоны абон æмæ фидæн сойын цырæгътæй дæ алыварс судздзысты. Æз мæ райгуырды бон иу хатт дæр нæма сбæрæг кодтон, ацы дунемæ кæй фæзындтæн, уый ахæм цау нæу, æмæ уый тыххæй сæрмагонд гаджидау сисой. Куы нæ фæзындаин, уæд та – ноджы хуыздæр.

Æмæ уый дзырдтон. Дæ цæстытæ... Ныр дæр ма сæ уынын. Сабыр, хъуыддагхуыз, растдæр зæгъгæйæ та – сагъæсæй седзаг æмæ уазал, æцæгæлон. Нæ алыварс цы цыд, уый цыма дæумæ æппындæр ницы бар дардта. Ахæм рæстæг ахæм цæстытæ. Тынг дыл фæдис кодтон. Диссаг, ныр дæр дæ цæстытæ, уæд куыддæриддæр уыдысты, афтæ – уазал, æцæгæлон. Æппындæр нæ аивтой. Цыма царды уайæнты нæ ауадтæ, цыма, æз куыд лæууын мæ зымæджы къæсæрыл, ды йыл афтæ нæ лæууыс. Адæймаг аивы, суанг къæссавæлдæхт дæр фæвæййы, фæлæ йæ цæстытæ... Уыдон ивын нæ комынц.

Фæстаг дзæнгæрæджы катайаг хъæрмæ мæ цæстысыгтæ æнæфсæрмæй куы æруайой, мæ рустыл куы æрфæд кæной, уый тæссæй мæ бинаг былыл дæндагæй ныххæцыдтæн, тынг, куыд мын фæрисса, афтæ. Æмæ, æцæгдæр, мæ кæуындзæг мæ суагъта. Фæкомкоммæ дæм дæн раст уыцы уысм. Мæхи нал баурæдтон

æмæ цы загътон, уый ма абон дæр хорз хъуыды кæнын: «Цы 'нахуыр цæстæнгас дын и».

Ды дæ къух ауыгътай, бахудтæ: «Куыд æнахуыр?»

Тæрккъæвдайы размæ сау мигътæ æддæг-мидæг куы ауайынц, куы сæмтъеры вæййынц, уæд арвæн куыд тызмæг тæссон хуыз вæййы, дæ цæстытæ уыдысты афтæ. Æрмæст дзы мигътæ нæ ивылд, уыдон не 'фсæрстой кæрæдзи, фæлæ дæ хъуыдытæ. Цавæр хъуыдытæ, уымæн та æвдисæн – æрмæстдæр дæхæдæг. Уæвгæ, цыма сæ æз дæр зонын: скъолайæ куыд аирвæздзынæ, институтмæ куыд бацæудзынæ, студентæй куыд агæпп ласдзынæ. Æнæмæнг, уыцы хъуыдытæ дын æнцой нæ лæвæрдтой.

Де 'рфгуытæ дзæгъæлы фæтар сты: раст, тынг раст дын бамбæрстон дæ цæстæнгас! Цæттæдзинады аттестат куы райсай, уæд кæдæм бацæудзынæ, уый дын дыууæ-æртæ азы размæ дæр бæрæг уыд, фæлæ нæм дзæнгæрæг фæстаг урокмæ куы сидт, нæ кълас иумæ æмхуызонæй куы лæууыд, ахуыргæнæгæй, скъоладзауæй иууылдæр махмæ куы кастысты, чызджытæй бирæтæн сæ цæссыгтæ сæ рустыл куы æрызгъæлдысты, уæд та дæм дæ сусæг хъуыдытæ 'рбагуылф кодтой æмæ дæ сæ уæлныхты систой. Лæууыдтæ мæ фарсмæ, æцæгдзинадæй та ды уыдтæ горæты, чи зоны, уыцы уысм лæвæрдтай фыццаг фæлварæн, чи зоны, уыцы уысм, æртæ-цыппар азы размæ цы институт равзæрстай, уый студент сдæ æмæ йæ уæрæх тыргъы рацæйцыдтæ. Нæ! Дæ бакастмæ гæсгæ фæлварæнтæ лæвæрдтай, уæззау фæлварæнтæ. Дæу хуызæттæн сæ алы акъахдзæф дæр бæлвырд у. Кæм æрлæудзæн, йæ санчъех йæ фæстæ цы расайдзæн? Дæ хуызæн адæймагæй, раздæр кæй нæ баууила, ахæм ныхас не схаудзæн. Йæ дæлбар адæймагмæ, суанг æм тынг мæстджын куы уа, суанг æй йæхицæн знаг куы хона, уæддæр тызмæг ныхас ницы хуызы скæндзæн, фæлæ сабыр, фæлмæн, цыма йæ бирæ уарзы, афтæ. Дæ хуызæттæ се 'цæг цæсгом никæд æвдисынц. Уымæн æмæ хорз зонынц: ныхас бæлон нæу, раирвæзт, уæд æй нал æрцахсдзынæ. Цымæ, искæд дæ зæрдæйæ æцæг зæгъинаг суагътай? Нæ мæ уырны.

Ацы фембæлд хъуамæ бирæ раздæр æрцыдаид. Цал хатты ахъавыдтæн цæуынмæ! Мæхи-иу сцæттæ кодтон, – цы цæттæ мæ хъæуы, дæ пысултæ, дæ хæррæгътæ дæ уæлæ баппар æмæ рæвдз дæ, фæлæ та-иу цæмæндæр бакъуылымпы дæн. Ацы къæсæры сæрты мын хохы сæрты æрбахизæгау уыди. Тынг

зынтæй дæм цыдтæн, хъизæмаргæнгæ. Цыдæр тых мæ ардæм æппæрста, цыдæр тых та мыл фæстæмæ хæцыд. Æууæнк. Уымæй зынаргъдæр ницы ис, æмæ ды йæ сæрты ахызтæ, дæ цъыф къæхты бын æй сызмæстай. Афтæмæй – стыр бæрнон кусæг, адæмы разæй цæуæг, хъуамæ кæй фæзмæм, ахæм адæймаг. Хæрзаг, дæхимидæг зæгъыс: «Цытæ дзуры, йæ зонд фæцыд æви сæнттæ цæгъды?»

Æвæццæгæн, дæ бынаты æз дæр афтæ хъуыды кæнин. Хæрзаг мыл дæхимидæг кæл-кæлæй худыс. Ма тæрс, дæ цæсгомыл æппындæр ницы фæзынд. Æниу, куы худай, уæддæр цы? Цæмæй мæ хъуамæ тæрсай, демæ абаргæйæ, æз чи дæн? Мардæрцыд дæр уый у, æмæ æз дæ бынаты никæд уыдзынæн, æмæ мыл дæхимидæг сæрыстырæй уымæн худыс, бынмæ мæм уымæн кæсыс. Æмæ раст дæ. Мах кæрæдзийæ тынг дард стæм, зæххы дыуурæ полюсы.

Кæддæр фаззæтты хуызæн уыдыстæм. Хуызæй, асæй. Ныр нæм хуызæй дæр иумæйагæй ницуал ис. Уый афтæ кæй у, уый базонын дæ фæнды? Айдæн дæм нæй? Ныр, дам, куы сыстис æмæ, дæ секретаршæ кæм бады, уыцы уатмæ куы ахизиккам æмæ бæрзонд, уæрæх айдæны цур куы 'рлæууиккам. Разынид дзы дыууæ лæджы. Сæ иу бæрзонд, фæтæнуæхск, æлвæст, ногдаст, йæ рустæ æнахуыр лæгъз. Йæ фындзы бын цыбыр урс рихитæ, йæ халас сæры хилтæ зулмæ фаст, уырынгтæ-уырынгтæ. Йæ уæлæ донхуыз костюм, кæй зæгъын æй хъæуы – итувæрд. Дæ уатмæ куы æрбахызтæн, уæд фыццагдæр цæмæ фæкомкоммæ дæн, уый дын зæгъон? Дæ дарæс куыд бæстон итувæрд у, уымæ. Дæ хæлафы итувæрдыл адæймаг йæхи ахафта, уæд ыл йæхи алыг кæндзæн, алыг нæ, фæлæ йæ адзæнгæл кæндзæн, цыма æхсаргарды ком у. Дæ хæдон урс-урсид, дæ галстук æмæ костюмы хуыз сиу сты. Зынаргъ одеколоны зына-нæзына æхсызгон тæф. Уыцы лæг уаис ды, иннæ та æз. Уыцы иннæмæй, ома мæнæй дæр цæуид зына-нæзына тæф, æрмæст одеколоны тæф нæ, фæлæ арахъхъы. Уыцы иннæ лæг, ома æз, дæуæй чысыл ныллæгдæр, къæсхуыр, йæ сæр фæгæмæх æмæ æрттивы, цæхæр калы. Уымæн дæр йæ фындзы бын чысыл рихитæ. Æрвхуыз хæлаф итувæрд кæд уыд, уый йæ хицауæй дæр æмæ хæлафæй дæр раджы ферох, фæлæ йыл уæддæр хорз зыны. Ахæм хъуымац у, æмæ йыл аз иу хатт иту сæвæр æмæ дзы уый фæстæ хуысгæ дæр кæн, ныхс æй, уæддæр йæ итувæрд нæ фехæлдзæн.

Чырынтæ хæдон. Дæрдджын пиджак. Лæгæн йæ цæсгом – æнцъылдтæ, хурсыгъд, фæлæ цардхуыз. Галстук... уый дæр кæддæр, студент ма куы уыд, уæд дардта галстук. Афтæ рæсугъд æй баста, æмæ-иу æм йе 'мбæлттæ æрбауадысты – мæнæн дæрма йæ абæтт, зæгъгæ. Ныр æй бабæттын нæ, фæлæ йæ хъуырыл бакæнын дæр нал базонид. Цы дзы кæны? Ха-ха-ха! Хъомдоны 'хсæвгæс – галстучы!

Фыццаг къласмæ куыд бацыдыстæм, уый мæ зæрдыл арæх æрлæууы. Ды дæр æй хъуыды кæндзынæ. Уæвгæ, цæмæн дæ хъæуы? Цæмæн хъуамæ лæууа дæ зæрдыл?

Уæдæ æз, суанг, цы дзырдтам, уый дæр ма æрымысын. Асинтыл тагъддæр чи сызгъордзæн, цыма иннæ, дыккаг къласмæ фыццагдæр уый баивдзысты, афтæ нæм каст. Уый афтæ кæй нæ у, цалынмæ уый базыдтам, уæдмæ дыккаг къласы асинтыл, хистæр скъоладзауты æмæ ахуыргæнджыты сусæгæй цал æмæ цал хатты сызгъордтам! Æз дæуæй цæрдæгдæр уыдтæн, дыккаг кæнæ æртыккаг ма фæуыдаин, уымæн гæнæн нæ уыд. Асиныл сызгъорынмæ хъавæм, уæд-иу аивæй къахдзæф, суанг ноджыдæр раздæр алæууыдтæ, фæлæ уæддæр никæд фæразæй дæ. Дæ лæфлæф-иу ссыд, дæ цæстытæ-иу сырх-сырхид афæлдæхтысты, туджы-иу разылдысты, скæуынмæ-иу дæ бирæ нал хъуыд, афтæмæй-иу фæауuон дæ. Уыцы бонты дын, æвæццæгæн, нæ асинтæй æнæуынондæр ницыуал уыд. Æмæ ма иннæтæ – гъа, фæлæ æз дæуæй фæраздæр уон? Дæ чысыл зæрдæ куыд быхса уымæн? Æмæ мын иу хатт тæхгæ-тæхын ме 'фцæггот ацахстай, æз мæхи атыдтон, фæразæй та дæн. Иннæ хатт мæм дæ къах фæдардтай, фæлæ æз нæ ахаудтæн, ноджы тынгдæр азгъордтон, уæддæр та фæразæй дæн. Цы цæстытæй мæм æрбакастæ!

Иухатт дæхи нал баурæдтай, афтæ тызмæг, афтæ æнæхатырæй мæ асхуыстай, æмæ ме 'мбæрццаг мæхи дæлгоммæ бахастон, мæ зæнджы хъæбæры цъар алæбырд, йæ туг фемæхст, мæ бон æдæрсгæ сыстын нал уыд. Лæппутæ дæм сæхи бæппæрстой: «Фашист дæ æви цы?»

Дæ амондæн дзæнгæрæджы хъæр райхъуыст, æндæр æнæ надæй нæ аирвæзтаис.

Цалдæр боны рацыд, асинтыл сызгъорынмæ та нæхи æрцæттæ кодтам. Ды нæм иуварсæй кастæ. Гъа, атындзæм, афтæ ныххудтæ, нæ цурмæ æрбацыдтæ æмæ нæ алкæуыл дæр дæ цæст ахастæй. Мах куыддæр федзæм стæм. Дæ цæстæнгас сывæллоны

цæстæнгас нæ уыд, фæлæ ас лæджы, фенддӂын адæймаджы цæстæнгас: сабыр, уæззау, æрвонг, хъуыдыхуыз.

«Цы æдылытæ стут», – загътай ды.

«Æдылытæ?»

«Хæрз æдылытæ. Иу къласæй иннæ къласмæ, асиныл чи фæраздæр уа, уымæ гæсгæ нæ, фæлæ ахуырмæ гæсгæ ивынц».

Дæ хъæлæсы алы мыр, алы зæл дæр хъæр кодта: кæсут, æз сымахæй цас зонддӂындæр æмæ æмбаргæдæр дæн. Диссаг, дæ ныхасмæ ма куыд нæ бафтыдтай: æз уый рагæй зыдтон, æндæр-иу æдзухдæр фæразæй уыдаин.

Дæ хабар махæн уыд арвæй дур æрхауæгау, æнхъæл кæмæн нæ уыдыстæм, ахæм стыр ногдзинад. Уыцы бон ды сыръзтæ, æмæ цалдæр сантиметры нæ, фæлæ æнæхъæн метр. Худтæ ныл. Ды кæддæриддæр раст уыдтæ. Искæд галиу, æнæзакъон ми бакодтай? Сывæллонæй дæр никæд. Адæм сызмæстысты, æддæгмидæг ауадысты, раст æмæ зылыны арæнтæн кæрæдзийæ раиртасæн нал и, уæддæр сæ ды раиртасдзынæ, ды нæ фæрæдидзынæ. Ды рæдийын нæ зоныс, дæ хуызæттæ цыфæнды рæстæг, цыфæнды хицауад, цыфæнды адæмимæ дæр хъæрмуд уыдзысты, æмфæндаггæттæ, æмзонд. Ды ныртæккæ цыдæриддæр дæ, зондæй, хъаруйæ, буарæй – алцæмæй дæр дæ рацарæзты фарс, ног хъуыды кæнынады фарс, æргом ныхас æмæ демократийы салдат. Сталин æмæ дын Сталины рæстæг у æнæуынон, дæхи æмбарынхъом куы фæдæ, уæдæй фæстæмæ тох кодтай абоны сæрвæлтау, кæд знон райгуырдтæ, уæддæр абоны хъæбул дæ. Ха-ха-ха! Уæдæ æз та цы зæгъынмæ хъавын: ды кæддæриддæр рæстæджы хъæбул уыдтæ. Дæ хуызæттæ, кæцæй радымы, уый уайтагъддæр базонынц æмæ уыцырдæм фæзилынц. Ды, кæцырдæм дымы, уый базонынæн æвæджиауы хорз флюгер дæ. Цæмæндæр мæм афтæ кæсы: зæгъгæ, райсом нæ бæстæйы хæстон фæфæлдæхт æрцыд, ранхъæвзта тæккæ карздæр æмæ æвирхъаудæр диктатурæ, уæд ды иннæрдæм кæй дзурис, цæргæцæрæнбонты ацы бонтæм æнхъæлмæ кастыстæм, зæгъгæ!

...Цы æнтæф дæм у. Дæ донæй аназæн нæй? О, уый мын дæхæдæг куы рауагътай. Бузныг, стыр бузныг! Уый æнхъæл кæд уыдтæн, æмæ мæм ды дæхи къухтæй агуывзæ æрбадардзынæ. О, уæздан æмæ æфсæрмыджын дæ ды. Нæ цуры исчи куы уаид, уæд мæм кæсгæ дæр не ‘рбакодтаис. Цыдæр гæлхæрдæн ды хъуамæ дон авæрай?!

Дыууæ азы размæ колхозмæ ныфтыдтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, де 'мсæр æмæ, дæуæй уæлдæр чи у, ахæм хицæуттимæ. Æмæ уемæ цъæх уалдзæг ныххастат. Æртæйæ уæм дыууæ хæдтулгæйы, шофыртæ дæр адæймæгтæ сты? Уыдон нымады нæ цæуынц. Уыдон уæ дæлбар, цумайы лæдзджытæ, физонæггæнджытæ, амалгæнджытæ, фæрсаг адæм, уæддæр сæ цардæй – иттæг разы. Адæмæй мæм æппæты тæригъæддæр æмæ æлгъагдæр шофыртæ кæсынц. Цæмæй сæм царды цыдæртæ хауа, уый тыххæй сæм, æнхъæлдæн, адæймаджы миниуджытæй ницыуал вæййы. Худинаг æмæ амæлæт! Фæлтау мæн сыгъзæринтæ дæр нæ хъæуы.

Уæ машинæтæ, ай-гъайдæр, сау «Волгæ»-тæ. Æвæццæггæн, модæйы сты. Сау хæдтулгæйæ куы нæ рахизай, уæд цæй лæг дæ, уæд цæй хицау дæ?

Районы разамонджытæ дæр уæ хæдфæстæ æрбалæууыдысты. Цы тарстхуыз сын уыд! Цыма цыдæр фыдракæндтæ ракодтой æмæ сæрмагондæй уыдоны тыххæй æрцыдыстут, цыма сын ныртæккæ сæ цæнгтæ æмæ сæ къæхтыл хъадамантæ бакæндзыстут æмæ фæцæуынц... Сыбыры бинаг къæймæ. Диссаг, дæлдæр хицауад уæлдæр хицауадæй афтæ цæмæн тæрсынц? Уыдоны цур – ног чындзытæ, уайсадæг чындзытæ, сæ дæлбар адæмы раз та – баст куыйтæ, иу уæздан, иу фæлмæн ныхас сæ нæ фехъусдзынæ. Уæздан æмæ æфсарм цы у, уый цыма зонгæ дæр нæ кæнынц. Фæлæ зонынц, алцыдæр зонынц!

Районы æмæ колхозы разамонджытимæ фермæйы æрзылдыстут, цалдæр адæймагимæ аныхæстæ кодтат. Цы мын æй бамбарын хъуыд: уæ ныхас – æфсоны ныхас, цыма уыл хæс æвæрд уыд æмæ уый æххæст кæнынмæ æрцыдыстут. Уæд æз дæр уым цæмæн фæдæн, æмæ-гъа. Иуварсæй уæм кастæн æмæ мæм февзæрд æвæджиауы хорз бæллиц: фæззæг уарынтæ куы нал фенцайынц, хъуццытæ сæ фæздæттæм цъыфы куы афардæг вæййынц, уæд уæ уæ уæлæнгай хъысхъысгæнаг туфлиты бонхæрæны астæу æрæппар, уæ машинæтæ иу километр æддæдæр куыд уой, афтæ. Хæрзаг ныххиутæ, ныхъхъилтæ уаиккат, уæ цыппæртыл цæуын уæ бахъæуид. Æмæ уæд бирæ цæуылдæртыл ахъуыды кæниккат. Сæумæцъæхтыл, фæндзæм сахатыл митæмхæццæ сæлфынæджы фермæмæ куы фæцæйзгъориккат, уæд бирæ цæмæдæрты æндæр цæстæй ракæсиккат, бæргæ. Сæрдыгон лæгъз фæндагыл æрбасыффытт кæн, цъæх нæууыл симæгау ацу, уый хорз у, фæлæ...

Нæ сæрдар мæ кæцæй ауыдта, Хуыцау йæ зонæг. Бахудт мæм, стæй йæ амонæн æнгуылдз йæ былтыл авæрдта; ома мацы зæгъ, хæстæг нæм ма ‘рбацу, цыма тифæй рынчын уыдтæн æмæ мæ йæ буц уазджытæн тарст. Хъуамæ мæ иу ныхас дæр ма схауа. Чи зоны, ноздджын мæ фенхъæлдта, æмæ æз та, кæсагæй дæр сыгъдæгдæр уыдтæн. Расыгæй горæтæй æрцæуæг хицауады цур æрлæууыдтæн, уæд – худинаг æрмæст сæрдарæн нæ, фæлæ æнæхъæн хъæуæн дæр. Тарст, уæ цуры исты æнæхсæст, исты æнæууылд, цы не ‘мбæлы, ахæм ныхас куы зæгъон. Бæрзонд хицауады цæстмæ хъуамæ нæ хъуццытæ дæр сæ мидбылты худой, кафгæ цæуой.

Уый фæстæ йæ бамбæрстон: колхозы сæрдар æппæты

тынгдæр тарст, исты карз ныхас куы зæгъон нæ буц уазджыты ныхмæ, уымæй. Æмæ хъуамæ цы загътаин ахæмæй? Æрмæстдæр, цы зонын, царды æцæгдзинад мæ цы хъуыдытæ æмæ сагъæстыл æфтауы, уый. Æмæ уым æвзæрæй цы ис? Иуырдæм фæдзур, иннæрдæм фæдзур, æрмæст æцæгдзинад ма зæгъ. Цæмæн? Æз нæ цардарæзты знаг дæн? Мæ хъæлæс ист у? Кæрæдзийы сайынæй æппын нæма бафæлладыстæм? Ног рæстæджытæ ралæууыд, зæгъгæ, алырдæм фæдисхъæр куы систам æнæхъæн дунетыл. Уæд ын ам, чысыл Ирыстоны бынат нæма и? Бæгуыдæр, зæгъинæгтæ мæм уыд, куырм æмæ къуырмайæ нæ цæрын.

Сымах – итувæрд, сыгъдæг, ногдаст, уæ къæхты бын фысы бага нæ фæцъæл уыдаид. Æз та мæ кусæн дарæсы, ноджы, холлагдæттæгмæ фæкæсон, зæгъгæ, æмæ мæ хæлафыл æнтыд æркалд. Мæ къæхтыл резинæ цырыхъхъытæ, уыдон дæр цæхæр кæм калдтаиккой. Æмæ уæм мæхи æрбайстон. Сæрдар мæ йæ цæстытæй уæгъд нæ уагъта: нæма фезмæлыдтæн, афтæ мын йæ къухæй ацамыдта: хæстæг ма ‘рбацу. Мæстæй ссыгъдтæн. Йæ цагъар мæ æнхъæлы æви цы хабар у? Улæфгæ дæр хъуамæ уый ныхасмæ гæсгæ кæнон. Æппæты сæйрагдæр цы у? Адæймаг уæвын. Адæймаг у æмæ цыфæнды куыст дæр кæн – сæрдар дæ, профессор, министр, дохтыр, хъугдуцæг...

Уыцы уысм мæхимæ политикон ахсты хуызæн фæкастæн: æбар, æхсæнадæй иуварс адæймаг. Уый, нæ рæстæджы, «демократи, демократи», зæгъгæ, хъæр кæнынæй нæ хъуыртæ куы ныффæсус сты, уæд.

Мæн фæндыд уемæ аныхас кæнын. Уæвгæ, ныхасæй кæй ницы

ис, уый хорз зонын. Ныхасæй исты куы уаид, уæд хъуамæ ныр пылыстæг галуанты цæриккам, сой æмæ мыды æвдыликкам, мах та нæ хъустæ тонæм».

Куыддæр ды машинæйæ рахызтæ, афтæ дæ базыдтон, дæ дыууæ ‘мбалы æхсæн бæрæг бæлвырд дардтай, ноджы дæ федтон фæсонты ‘рдыгæй, фæлæ дæ уæддæр базыдтон. Дæ къухты уæззау змæлд, дæ къæхты хъавгæ айст – æрыгонæй куыддæриддæр уыдысты, афтæмæй баззадысты.

Баввахс дæм уон, афтæ фæлæууыдтæн. Фендзынæн дæ, демæ аныхас кæндзынæн, æмæ цы? Фæлæ мæ размæ цы тых æппæрста, уый иннæ тыхæй тыхджындæр разынд: мæ къæхтæ зæххæй атыдтон. Сымах фæцæйцыдыстут сабыр къахдзæфтæй, сæрдар уын цыдæр дзырдта. Æз уæ баййæфтон, уæ разæй мæхи фæкодтон, комкоммæ дæумæ разылдтæн æмæ загътон:

– Салам!

– Дæ бон хорз, – æмæ мæм æрбакастæ ахæм æнахуыр цæстытæй, цыма дæ разы адæймаг нæ лæууы, фæлæ æндæр цыдæр. Дæ цæстытæ мыл уысмæй фылдæр нæ афæстаит сты, фæлæ сæ уæддæр хорз бахъуыды кодтон: мæсты стъæлфт фæкодтой, мæнæй цæхгæр сæхи иуварс аппæрстой.

– Нал мæ зоныс? – бакастæн дæм æз. Комкоммæ, куыд фемдзаст уæм, афтæ. Барæй. Кæддæра, зæгъын, фефсæрмы уаис. Мæ къух дæм баивæзтон. Ды та мыл сæрæй къæхтæм дæ цæстытæ æрхастай тагъд-тагъд, дæ сæр банкъуыстай, дæ былтæ куыддæр фæцъупп сты, ома, нæ дæ зонын, бахатыр кæн. Дæ къух цыдæр уысм уæлдæфы ауыгъдæй аззад, æвæццæгæн. Арвы æрттывдау дæ сæры февзæрд дызæрдыджы хъуыды: мæ къух мын райсай æви нæ? Ай-гъай дæр, æз дын, æгасцуай зæгъын, æмæ ды дæхи фæиуварс кæн, уый аив нæ уыдаид, уæлдайдæр адæмы цур. Мæ къух мын райстай, дæ фæлмæн урс арм æмæ мæ хъæбæр скъуыдтæ арм кæрæдзиуыл андзæвыдысты. Æвæццæгæн, дæ къух ссыгъд, уайтагъд æй аскъæфтай, дзæбæх дын æй куы æрæлхъывтаин, мæн та уый фæндыд. Диссаг, дæ къух ахсынмæ дон æмæ сапон куыннæ бацагуырдтай, дæ къухмæрзæн куыд нæ систай æмæ дæ арм куыд нæ асæрфтай!..

Цыдæр уазал риз мæ уæнгты ацыд. Дæ къухмæ дын куы бавнæлдтон, уæд мæ зæрдæ тагъддæр кусын куыд райдыдта, уый хорз фенкъардтон, мæ улæфт фæкъуыхцы. Комкоммæ та дæм бакастæн:

– Уæдæ мæ нал зоныс?

– Бахатыр кæн, – загътай ды æмæ мын мæ уæхскыл дæ армытъæпæн авæрдтай, зына-нæзына мыл иуварс ахæцыдтæ, ома ма мæ къуылымпы кæн, мах æнæвдæлон адæм стæм, нæ дæ зонын. Нал мæ базыдтай, уый мæ, топп мыл ныццæв, уæддæр нæ бауырндзæн.

Иуварс алæууыдтæн æмæ цавддурауæй баззадтæн. Цыдæр уысм кæм дæн, уый нал æнкъардтон. Ссыгъдтæн, æнхъæлдæн, судзгæ æхсидав фестадтæн. Цыдæр тых мæ ахæм рогæн фелвæста, ахæм гæпп акодтон, æмæ дыууæ къахдзæфæн дæ хæд цур февзæрдтæн, дæ цонг дын ацахстон:

– Уæдæ мæ нал зоныс, зæгъыс?.. – афтæ мæстджын уыдтæн, æмæ ме 'взаг мæ дзыхы нал тасыд, ныссуйтæ.

Ды бахудтæ:

– Хорз. Хорз.

Бахудтæ, ай-гъай дæр – былалгъæй, æнæбары. Дæ цæстытæ... уыдон дыл гадзрахатæй цыдысты, дыууæ нæмыджы фестынмæ сæ бирæ нал хъуыд.

Ды дæр æмæ де 'мбæлттæ дæр уæ къахайст нæ аивтат. Цыма дыл бындз дæр нæ амбæлд. Æмæ мæ сæры февзæрд: кæд мæ æцæгдæр нал хъуыды кæны, кæд... Нæ! Уымæн уæвæн нæ уыдис æмæ нæй.

Нæ колхозы сæрдар мыл иуварс ахæцыд:

– Уæхимæ цæуыннæ ацыдтæ?.. Æз æм фæзылдтæн:

– Бузныг дæ уынаффæйæ. Нырмæ дæр дæ зондæй нæ цардтæн.

Сæрдары цæсгом асырххъулæттæ. Иу ныхас дæр ма дзы схауд, зæгъгæ, æртæ ахæмæй йын дзуапп раттаин. Чи, чи, фæлæ цы кусæг у, уый æз хорз зонын, адæмы æхсæн æй йæ уæнтыл сæвæрдтаин.

Æз дын дæ фæндаг æрцахстон, æмæ ды дæр æмæ иууылдæр бар-æнæбары æрлæууыдыстут.

– Дæ иууыл бæрзонддзинад, уæдæ мæ нал зоныс, и? Дæ алгебрæйы хынцинæгтæ-иу кæй тетрадæй сфыстай? Фыссæн фæйнæджы цур-иу æхххуыс æнхъæл къласы къуымты кæй цæстытæ зылдысты? Былты змæлд æмæ къухты амындæй, растиу цыма чиныджы кастæ, афтæ нæ къласы æппæты хуыздæр чи æмбæрста? Хæрз чысыл зонгæйæ, цыма исты зоны, йæхи æппынæдзух афтæ чи æвдыста?

– Ноздджын у... – загътай ды, дæ хъæлæс къæзыд! Ды дæр æмæ де 'мбæлттæ дæр, цыма дзырд бакодтат, афтæ колхозы сæрдармæ тызмæгæй бакастыстут, ома ахæм расыггæнджытæн хæдзарады бынат цæмæн и?

Сæрдары цæсгом нынхъырдтæ, иу рухсы тæпп ыл нал зынд, фæлæ ницы загъта.

Мæ хъæлæсы дзаг ныххудтæн. Худтæн фыр мæстæй. Æцæгдзинад зæгъын нæ фæччы. Æцæгдзинад зæгъын расыджы æфсон ссис, æцæгдзинад чи зæгъы, уыдон сымахæн психикон рынчынтæ сты.

Дæ цæсгом асырх, ацъæх. Чысыл раздæр уазал æмæ æцæгæлонæй цы дыууæ цæсты кастысты, уыдон æрттывтой, æхсидæвтæ сæ калд.

– Æппындæр нæ аивтай, – загътон æз. Æнæмæнг, ныхас фæзилын хъуыд æндæрырдæм, ноджы цæхгæр. Æмæ уымæ дæуæй хуыздæр чи сарæхсдзæн:

– Уæдæ уæ хъом раивынмæ хъавут æмæ баныхас кодтат?

– Баныхас кодтам, – дзуапп радта сæрдар.

– Хъомтæ баивдзысты, фæлæ адæмы та чи раивдзæн, – нал фæлæууыдтæн æз.

– Расыг у, – загъта, уе 'ппæтæй хицаудæр чи уыд, уый. Цы дзуры, уый не 'мбары.

Уыцы ныхæсты разынд æгæрон тых, дæ цæсгом ныррухс, дæ мидбылты бахудтæ.

Дæ æддаг бакаст та йæ гаччы сбадт. Ды уыдтæ уæйыг, Мукара, æз та мæлдзыг, бирæ бонтæ чи нæ фены, ахæм.

Уыцы бон мын кæй никæд ныххатыр кæндзынæ, уый хорз зонын. Фæлæ мын цы дæ бон у? Уæле дæ бæхджынтæ, дæле дæ фистæгджынтæ. Мæ хъарм, фæлмæн бынатæн дæ тæрсын? Æз мæхи кæмфæнды дæр фæдардзынæн, фæлæ, мæгуыр уый у, йæ бынатæй куы расхъиуа, уæд айчы пырх чи ныууыдзæн.

Æддаг бакастæй ды дæр æмæ де 'мбæлттæ дæр – хуыцæуттæ. Æцæгдзинадæй та... Уырны дæ, æцæгдзинадæй æз дæуæй бирæ бæрзонддæр дæн, уымæн æмæ мæнæн мæ уд сыгъдæг у. Ды дæ уд хæйрæджытæн раджы ауæй кодтай. Ды, сыгъдæг уды тых цы у, уымæн ницы зоныс, æз та йæ алы минут дæр æнкъарын.

Уæдмæ уæ хæдтулгæты сбадтыстут. Горæтаг буц уазджытæ раззаг машинæйы, сау «Волгæ»-йы, районы хицауад сæ урс хæдтулгæйы.

Мæнæ ныр къæлæтджыны цы урссæр лæг бады, рæстæгæй-рæстæгмæ цыдæр гæххæттытæ чи рафæлдахы, йæ фыссæн сисы цæгатæй стъол чи æрхойы, йæ сæрыстыр цæстæнгас мæныл чи ахæссы, уыцы фенддæын, уынддæын лæг уæд уыд чысыл сывæллоны хуызæн, цумайы лæппу, йæ хицауы æрмæст цæстæнгасæй дæр чи бамбары, ахæм кæстæриуæггæнæг. Цæмæ 'рхауы адæймаг, цæ!

Саубазыр «Волгæ»-мæ куы бахæццæ стут, уæд уе 'ппæт дæр, цал уыдыстут, уыдонæй алкæй дæр фæндыд бæрзонддæр хицауæн хæдтулгæйы раззаг дуар бакæнын. Иууылдæр дуармæ уæхи бахастат. Райкомы фыццаг секретары цонг æмæ дæ цонг адаргъ сты уыцы иу рæстæг – иннæтæ ферæджы кодтой, æви дуар байгом кæнынмæ сæ ныфс нæ хастой. Уæ дыууæйæ хъуамæ иу фæразæй уыдаид, æмæ уыцы сæрæнджын разындтæ ды. Дуарыл рахæцыдтæ, æмæ цалынмæ хицау сбадт, уæдмæ йæ уæгъд не суагътай, стæй йæ бахгæдтай, хъавгæ, сабыргай, уæлдай хъæр куыд не скæна, афтæ

О, цы кадджын хæс сæххæст кодтай уæд! Диссаг, бадæн дæ урс-урсид къухмæрзæнæй куыд нæ асæрфтай. Дуарыл куы хæцыдтæ, уæд мæм афтæ фæкаст, ныртæккæ дæ зонгуытыл æрхаудзынæ æмæ хæдтулгæйы дуар афтæмæй бакæндзынæ.

Мæнæн та мæ цæсгом ссыгъд, æфсæрмæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон. Цы тæригъæд дын фæкодтон, цы! Æнæниз у, уæнг, къабаз хъуаг ма у, æмæ уыдæттæ дæ сæрмæ хæсс. Æмæ æрдæг лæг куы уай, уæддæр уыдæттæ хъуамæ дæ сæрмæ ма хæссай. Фæлтау амæл, мауал у. Куыд зын хæссæн у адæймаджы ном, куыд!

Ды дæр машинæйы сбадтæ, фæлмæн, æхсызгон мидбылхудт дæ цæсгомыл хъазыд.

– Цæуæм, – загъта хицау æмæ адæмы 'рдæм ракаст, йæ сæр зына-нæзына базмæлын кодта. Саубазыр «Волгæ» хъæумæ йæ ных сарæзта.

Цæмæй йæ зыдтай, æмæ дæм чи æрбацæудзæн, æндæр, æвæццæгæн, абон куыстмæ нæ фæзындаис, æппынфæстаг, дæхиуыл дуар сæхгæдтаис. Æхсызгон дæ хъуыд ацы фембæлд? Мæ уындмæ бæллыдтæ?

Ам куы дæн, уæдæй фæстæмæ цалдæр хатты мæ сæры февзæрд; милицæмæ нæ адзурдзæн, цымæ? Дæ бон у æмæ адзурай: мæнæ дæм уатмæ цыдæр æнæзонгæ адæймаг, цыдæр расыггæнаг

ærbalæburdta æmæ dæ kусын нæ уадзы, æхсæнадон æгъдау халы. Адзур, дæ бон у. Дыуuæ-æртæ милиционеры ам æрбалæуудзысты, къуырттытæкæнгæ мæ уатæй федде кæндзысты, Хуыцау сын ахæм нывондаг авæра.

Дæ секретаршæмæ хæрзаг мæстджын кæныс. Дæ хорзæхæй, ма йæ бафхæр, уый æппындæр аххосджын нæу, нæ мæ уагъта, мæ размæ æрлæууыд, тыххæй æрбацыдтæн.

– Нæ йæ æвдæлы, чидæртæ йæм ис.

– Нæ йæ ахæрдзынæн, ма йын тæрс, – æмæ йыл иуварс ахæцыдтæн. Æмæ дæ бахордтон? Цы иузæрдион лæггадгæнджытæ дын и, растдæр зæгъгæйæ та – цы иузæрдион цагъартæ дын и. Алырдыгæй дæ хъахъхъæнынц, уарттæ сæ сарæзтай дæхицæн.

Цал дуарыл дæм æрбацæуын хъæуы? Фондз. Бынæй-иу, секретаршæйы æмæ дæ уатмæ – дывæр дуæрттæ, дæ кабинеты дуæрттæ – тулдзæй, бæрзонд, уæрæх, æрттивынц, цæхæр калынц, лакæй ахуырст. Хæрзаг уæззау сты. Æз сын сæ уæз нæ банкъардтон. Æнæ дæу фенгæ хъуамæ фæстæмæ ацыдаин? Ницы хуызы. Æмæ дуар мæ сæрыл æрбахастон.

Куы мæ ауыдтай, уæд тынг фæдис кодтай, цыдæр уысм аджих дæ, дæ былтæ базмæлыдысты. Кæцæй æрбахаудтæн? Цы ми кæнын ам? Цы мæ хъуыддаг и? Чи зоны, цыдæр уысм дæ сæры февзæрд: хъæуы не 'хсæн цы ныхас рауад, растдæр зæгъгæйæ та – æз цы «æнæгъдау» ныхас кодтон, мæхи куыд «æвзæр» дардтон, ууыл фæсмон кæнын, адæмы цур дæ бафхæрдтон æмæ дæм ныр хатыртæ курæг ссыдтæн.

Фæлæ æцæгдзинад æргом зæгъ, уый кæдæй нырмæ раст нал у? Æргом, комкоммæ ныхас нæ царды фæтк кæд суыдзæн? Æрцæудзæн искæд ахæм рæстæг? Уæвгæ, æнæрцæугæ йын нæй, уый не 'рцыд, уæд нæ цард æрлæудзæн, сæфты къахыл ныллæудзыстæм.

Иу рæстæг центрон телеуынынад цыдæр документалон киноныв æвдыста. Йæ сæйраг архайæг партийы райкомы фыццаг секретарь, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр. Ас лæг. Йæ иу хъуыды ахæм уыд. Æргом, комкоммæ ныхас, дам, хæстон хъæбатырдзинады хуызæн у.

Раст хъуыды. Бирæтæй иу комкоммæ, иу æргом ныхас цæрæнбонты никæд схауд. Дæ хъуыдытæ гуыдырæвæрдæй хæсс, дæ ныхас уæлдæр хицауады ныхасмæ гæсгæ араз. Æмæ цæмæн?

Тамако цы арæх дымыс, иу сигарет иннæйы фæстæ. Дæ уаты

фæздæгæй сулæфæн нал и. Æз æнхъæлдтон, тамако дæ къухмæ дæр никæд райстай. Студентæй нæ дымдтай. Æвæццæгæн, фæстæдæр... Чи зоны, ныр дæр нæ дымыс. Кæд мæнæ ныр... Дæу хуызæттæ тамакойы фæздæг дардмæ куы феной, уæддæр дзы хъуамæ арвгæрæтты лидзой, ды та... Нæ дыл фидауы, нæ дын æмбæлы тамако дымын. Æз – æндæр хъуыддаг.

Уæд уыцы документалон кинонывы сæйраг архайæгæй герой арæзтой. Мæнмæ та æнæбон æмæ тæригъæддаг фæкаст. Хæсты цæхæры чи бахауд, мæлæты цæстытæм комкоммæ чи каст, йемæ фæрсæй-фæрстæм чи цыд, уый йæхи куыд ныллæг æруагъта? Цæмæй тæрсы? Æппынфæстаг, адæймаг иу хатт мæлы æмæ цъындцæстæй нæ, фæлæ, дæ цæстыты дзаг кæсгæйæ, ахицæн у ацы цардæй. Абарста мын хæстон хъæбатырдзинад æмæ æргом ныхас. Райкомы фыццаг секретарь нал уыдзынæ, æмæ цы? Æндæр куыстытæ нæй? Хъуамæ æнæмæнг райкомы фыццаг секретары бынаты бадай?

Суанг, æвæццæгæн, дæхиимæ дæр æргом никæд ныхас кодтай, дæ цот, дæ бинойнагимæ – ууыл нæ дзурын.

Цот дын чызг æмæ лæппу ис, нæ? Тæригъæд сын кæнын, уæлдай тæригъæддаг та дæ бинойнаг у. Фыццаг хатт куы сæмбæлдыстут, уæдæй абонмæ йæ сайгæ кæй кæныс, чи зоны, уый нæ хаты æмæ йæхи амондджын хоны. Цæуыннæ уа амондджын? Цы хъуаг у? Йе та, цы зæрдæйы уаг æм дарыс, уый тынг хорз зоны, фæлæ йæ цард цæмæн хала?

Дзерассæйы ма хъуыды кæныс? Дæ зæрдыл не ʻрлæууы? Махæй иу курс дæлдæр ахуыр кодта. Нæ, нæ дæ ферох уыдаид. Фæрæдыдтæн та – æвæццæгæн, дæу уайтагъддæр ферох. Цы дзы кæныс? Цæмæн дæ хъæуы?

Уæдæ йæ æз арæх æрымысын, æнæнхъæлæджы мæ цуры февзæры. Уæлдайдæр йæ цæстытæ... Æнæхин, сыгъдæг, æдзухдæр фæлмæндзаст. Адæймаг йе ʻнкъарæнтæ зæрдæйы арфдæр къуымы цыфæнды æмбæхст куы бакæна, уæддæр кæй рабæрæг уыдзысты, уый фыццаг хатт уыцы цæстытæм гæсгæ базыдтон. Дзерассæ йе ʻнкъарæнтыл хæцыд, æмбæхста сæ, фæлæ йыл уыцы дыууæ сау хъоппæг цæсты бонæй-бонмæ гадзрахатæй тынгæй-тынгдæр цыдысты. Æфсæрмыгæнгæ-иу дæ ссардтой, æфсæрмыгæнгæ-иу дыл æрæнцадысты, узæлыдысты дыл, сæхи-иу дыл фæлмæн ахастой.

Дзерассæйы фыццаг хатт куы федтон, уæд мæ сæры февзæрд:

ацы чызг зын никуы никæмæн скæндзæн, искæмæн маст ракæна, уый йын Хуыцауæй лæвæрд нæу. Æмæ ныр дæр афтæ хъуыды кæнын.

Нæ курсы студенттæ чызгæй, лæппуйæ иууылдæр бафиппайдтам: Дзерассæ дæ бауарзта. Фæлæ, диссаг, иу æнæуууылд, иу æнæссæст ныхас нæ никуы никæмæй схауд. Дзерассæ не ‘мгар, афтæмæй нæ цыдæр æфсарм уагъта, æрвонг нæ кодта. Мин хатты мæхи бафарстон: Дзерассæйы зæрдæмæ афтæ цæмæй фæцыдтæ? Нæ курсы дæр, институты дæр – дуне лæппутæ æмæ уыдоны ‘хсæн сæрмагондæй дæу цæмæн равзæрста? Саджы фисынтыл амады хуызæн у, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, уыдонæй нæ уыдтæ, стæй ныртæккæ дæр нæ дæ.

Институтмæ куы бацыдыстæм, уæдæй фæстæмæ де стырдæр бæллиц уыд: хуыздæр чи ахуыр кæны, æнæмæнг уыдоны æмрæнхъ æрлæууын. Æмæ дæ къухы бафтыд: æртыккаг курсы дæ мидбылты худтæ факультеты Кады фæйнæгæй.

Искуы лæппутæй искæимæ фæхъæбысæй-хъæбысмæ дæ æмæ йæ дæ алыварс ныззылдтай? Искæд æмдзæрæны цур фæзы сæрак пуртийы фæстæ азгъордтай? Нæ! Дæуæн уыдæттæн рæстæг никæд уыд, ахæм уæлдай митæм дæ не ‘вдæлд. Æмдзæрæн. Институт. Библиотекæ. Библиотекæ. Институт. Æмдзæрæн. Искæд æмбисæхсæвæй раздæр схуыссыдтæ? Уæдæ æз та цы зæгъынмæ хъавын: фондз азы дæргъы институты нæ уыдтæ, фæлæ ахæстоны, дæхæдæг дæхи къалатийы баппæрстай. Ныр дæр ахст дæ. Гъе, гъе уымæн дын кæнын тæригъæд.

Уый дæр дæ куыд нæ хъуыд, фæлæ дын сæйрагдæр уыд – дæхи равдисын, ахуыргæнджыты цæстæнгас дæхимæ раздахын. Ды цæргæ-цæрæнбонты дæр кодтай цæстмæ митæ.

Æвæццæгæн, суанг уæд дæр зыдтай: дæ дæсныйад дæ нæ бахъæудзæн. Агрономы дæсныйад райстай, фæлæ агрономæй иу бон дæр искæд бакуыстай? Институты фæстæ искæд бæгъæввадæй ног хуымзæххыл æрлæууыдтæ? Искæд хæмпус зæххы æхсызгон хъарм дæ армыл банкъардтай? Искæд ногнай мæнæуы кæрийыл фырцинæй хъæбысгæнæгау дæхи баппæрстай? Искæд…

Цæмæндæр мæм афтæ кæсы: йæ дæсныйады йæхи чи не ссары, цыма партион куыстмæ уыдон фæтындзынц. Уым сын хъарм бынæттæ. Иумæйаг разамынд дæттын æнцон у. Æмæ цæмæ æрцыдыстæм: бæстæ хъæвс-хъæвс кæны, быцæутæ йæм аразæм, æддæг-мидæг ауадыстæм, уæззау рынчынæн хостæ агурæм.

Уæддæр, цæмæй балхæдтай Дзерассæйы зæрдæ? Кæд, фæллад кæй нæ зыдтай, иу минут дæр кæй нæ сæфтай, дæ нысанмæ æнæ фæцудгæйæ æмраст кæй цыдтæ, уымæй? Иу иннæйы цæмæн бауарзы, уыцы уæлвонг зæрдæсыгъдæггæнæн æнкъарæнтæ цæмæн райгуырынц, – марадз æмæ сæ базон.

Абоны онг дæр дыл дис кæнын: Дзерассæйы цæстыты хъармæй цъититæ атадаиккой, йæ фæлмæн цæстæнгасæй айнæг къæдзæхыл дидинджытæ æрзадаид, æрмæст ды нæ фендæрхуызон дæ: дæ уазал, дæ куыдфæнды цæстæнгас æм нæ аивтай. Уæвгæ, нæ! Иу рæстæг, æнхъæлдæн, фæсаст дæ. Уæдæ, искæй æфсæрмæй киномæ чи ацæуа, искæмæн æхсызгондзинад саразон, уый тыххæй йæ рæстæгæй чи раскъуыддзаг кæна, ды ахæм дæ? Чи зоны, уæд дæ зæрдæйы цыдæр æнкъарæнтæ райгуырынмæ хъавыд, фæлæ нæма базмæлыдысты, афтæ сыл уæззау сау дуар бассыдтай, рухсы цъыртт сæм нал бауагътай. Æрмæстдæр дæумæ разындзæн ахæм хъару: уыцы уæлвонг æнкъарæнтæ билцъ мама рауадзæнт, афтæмæй сæ ныххурх кæн. Кæй нæ рæдийын, уый фæстæдæр хорз базыдтон. Æваст Дзерассæйæ цæхгæр фæзылдтæ, дæхи йыл фæтигъ кодтай, нал æй зыдтай. «Салам», æмæ-иу йæ иувæрсты ацыдтæ.

Чи зоны, уæд Дзерассæ сойын цырагъау куыд тад, уый хорз зыдтай, чи зоны, ныр дæр ма тайы. Цыма уæд йæ зæрдæйы цы æнкъарæнтæ ссыгъд, уыдон никæд æрмынæг уыдзысты, афтæ мæм кæсы. Æмæ цæмæй тарстæн, куы йæ асайай, йæ рухс бæллицтыл ын чъизи къæхтæй куы бацæуай, уымæй. Æмæ канд æз нæ хъуыды кодтон афтæ. Уырны дæ, цалдæр лæппуйæ бадзырдтам: ахæм исты хабар, уæд дæм æнхъæлмæ каст уырдынад, ахæм над, цæргæ-цæрæнбонты дæ зæрдыл кæй бадардтаис, уыцы изæры фæстæ дæ фæрсчытæ дохтыртæн æвæринаг фæуыдаиккой. Нæ ныхас фидар уыд, ардбахæрды хуызæн.

Нæ! Дзæгъæлы тарстыстæм. Хорз дæ нæма зыдтам. Фыццаджыдæр, мæхицæй зæгъын. Йæ алы ныхас дæр, йæ алы акъахдзæф дæр раздæр хъуыдыгонд кæмæн у, уый ахæм æнæсæрфат ми куыд бакæндзæн?

Иу лекцийы дæуырдæм каст цæмæн фæдæн, нæ зонын. Ды Дзерассæйæ дæ цæстытæ нал истай, ныдджих æм дæ. Нал змæлыдтæ, æнхъæлдæн, улæфгæ дæр нал кодтай, æмæ мæм, цыма уадзыг бадæ, цыдæр уысм афтæ фæкаст. Æваст дæ сæр фæзылдтай, сонт зылд. Ахæм æнахуыр хуыз дын уыд, цыма

дын исчи дæ уæлхъус никъкъæрцц кодта бирæ адæмы цур. Æвиппайды дæ цæсгом атар, асаухъулæттæ, дæ былтæ стъæлфыдысты, æхсыдтай сæ. Æмæ арвыæрттывдау мæ сæры атахт: дæ царды тынг ахсджиаг чи у, ахæм цыдæр хъуыддаг æрцыд. Лекци куы фæци, Дзерасæйы иувæрсты, цыма йæ нæ зоныс, афтæ куы ацыдтæ, æцæгæлон, уазал цæстæнгасимæ, уæд ма йын цы бамбарын хъуыд: Дзерассæимæ дæ ницыуал бæтты, дæхи дзы аскъуыддзаг кодтай. Дзерассæ ма дæ фæстæ бæргæ каст, йæ фæлмæн хурæнгæс цæстытæй дæ урæдта, демæ адзурынмæ хъавыд, фæлæ ды ницы уыдтай, дæуæн æруромæн нал уыд.

Ды лæгæй-лæгмæ сайыс дæхи. Царды æппæты зынаргъдæр у сæрибар æмæ, уый цы у, уымæн ды ницы зоныс. Сæрибар адæймаг – уый дын мæнæ æз. Æмæ кæд, мæн мæ куыстмæ сау «Волгæ» узгæ не 'рбаласы, лакæй æмбæрзт даргъ стъолы фарсмæ фæлмæн къæлæтджыны не 'рбадын, уæддæр æз дæуæй амондджындæр дæн.

Уый æмæ дын æз, мæ фæззæг æрхæццæ, мæ зымæг мæм æрбацæуы, уæддæр... Нæ! Фæсмон ницæуыл кæнын. Сæйрагдæр – мæхи æнхъæлын æмæ хонын Адæймаг æмæ мын уый æппæтæй зынаргъдæр у, цæмæй ацы зæххыл цæрон, уымæн мын уый фаг у.

Цалдæр азы размæ нæ хъæуы астæу абана аразын райдыдтой. Чи зоны, ды дæр æй хъуыды кæнай. Уæвгæ ма хъæуы кæд вæййыс?..

Æз кæм фæнды уон – мæ фынтæ æдзухдæр хъæуы цæуынц, нæхимæ. Уæдæ горæты дæр ацардтæн, цыппар азы флоты службæ кодтон, кæмдæр цæргæйæ æхсызгон æмæ зын бонтæ дæр арвыстон, уæддæр мæ фынтæ æдзухдæр хъæуы цæуынц. Æфсады куы уыдтæн, уæд мæм цæмæндæр афтæ каст, цыма нæ уынджы никæдуал ацæудзынæн, нæ хæдзары цур обауæй нал ракæсдзынæн, нæ доны, цæссыджы хуызæн сыгъдæг доны мæхи никæдуал ныннайдзынæн. Æмæ фыццаг отпусчы куы æрцыдтæн, автобусæй куы рахызтæн, нæ уынджы куы фæхæрд кодтон, уæд æнæнхъæлæджы мæ цæссыгтæ æруадысты, куыддæр, сæхи æгъдауæй, нал сæ баурæдтон, æфсæрмæй зæххы скъуыды ныххауынмæ цæттæ уыдтæн.

Æз дæ бынаты бастæй дæр нæ фæлæууин. Ды та дыууææртæ азы иу хатт æрæфтыс, æмæ хъæуыл хур ракæсы, зæд уæларвæй æртæхы. Чындзхаст, цины хъуыддагмæ ма æрцу, фæлæ зианмæ!.. Адæймаджы йæ фæстаг балцы афæндараст кæнынмæ

рæстæг ма ссар! Ныр дæм, æнхъæлдæн, хъæуæй ничиуал сæрвиты хъæргæнæг. Уæддæр дæ фæхъахъхъæнын, фæлæ дзæгъæлы.

Æз æндæр хъуыдыйыл хæст дæн. Ацы зæххыл адæймагæй зынаргъдæр ницы ис. Æмæ уый нал и, уæд уымæн йæ фæстаг сахат сæркъулæй йæ цуры ма æрлæууу, уый куыд раст у? Нæу! Æнустæм хицæн кæны ацы зæххæй æмæ йын фæндараст зæгъ. Уый нæ хæс у!

Хъæуæй дæм хъæргæнæг ничиуал æрвиты, адæмæй рох кæнын байдыдтай. Уæвгæ, уый дæуæн хуыздæр у. Уæдæ ма дæ æмсæр, уæлдæр хицауадæй, дæ цард, дæ хъысмæт аразгæ кæмæй у, уыдонæй искæуыл зиан æрцæуæд? Æхсæв не схуыссис, ирон фæндаггæнгæ йæм бацæуис.

Мæ ныхас нæ абанайы тыххæй уыди. Нæ хъæуы цæрджытæ йæ «æнусы арæзтад» схуыдтой.

Абанайы арæзтад фæстагмæ бынтондæр банцад, царæн, дам, хъæугæ бетон къæйтæ нæ арынц. Дæумæ дæр цалдæр хатты ссыдысты, зæрдæтæ-иу сын бæргæ бавæрдтай, æмæ ууыл ахицæн. Цæмæн хъуамæ батыхстаид нæ колхозы сæрдар дæр: дыууæуæладзыгон уæрæх, райдзаст агуыридур галуан чи аскъæрдта, йæхимæ абана кæмæн и, йæ «Волгæ» уаддымгæйы хуызæн кæмæн асыффытт кæны, хæдтулгæйæ бухъытæ кæнгæ чи рахизы, уый, цæуыннæ, æхсæв-бонмæ фермæйы алыварс рæдзæмæдзæгæнгæ чи рацу-бацу кæны, уый мæтæй бахус. Колхозы сæрдар чи у, уый дын зæгъон? Чысыл паддзах.

Хæсты фæстæ нæ хъæугæрæтты хъæдмæ цы нарæг æфсæйнаг фæндаг арæзт уыд, уый ма хъуыды кæныс? Рагуалдзæг-иу ыл давæттæм арæх цыдыстæм, фæззæг – æхсæр æмæ тæрсмæ. Дæс æмæ ссæдз, фынддæс æмæ ссæдз азы бæрц ыл цæуæг нал и, хъамыл æмæ хæмпæлы бын фæци, кæм бынтондæр нал зыны, зæххимæ сæмвæз, кæм та ма згæхæрд рельсытæй гæбæзтæ зыны. Хъæд баихсыд, сгæмæх æмæ фæндаджы сæр нал хъæуы. Æмæ ныхъхъуыды кодтон: фæндаджы сæр цалдæр хиды – бетон къæйтæй арæзт, сæфынæн æвгъау сты. Цалдæр хатты сæм ссыдтæн, дæргъмæ дæр, уæрхмæ дæр, иуæрдæм дæр, иннæрдæм дæр фæбарстон. Æвæджиауы аразæн æрмæг.

Иу æхсæв, фермæйы алыварс куыд зылдтæн, афтæ мæ сæры февзæрд: уыдон абанайы сæр æрæмбæрзынæн агургæ æмæ æнаргæ æрмæг.

Колхозы правленимæ къахæй нæ цыдтæн, фæлæ тахтæн уæлдæфы, æз уыдтæн базырджын, зæрватыкк. Сæрдарæн мæ фæнд æхсызгон кæй уыдзæн, ууыл иу уысм дæр дызæрдыг нæ кодтон. Хъуыста мæм æнæ дзургæйæ, йæ сæр-иу банкъуыста, цалдæр хатты мæм æрбакаст, фæрсæн каст, цымыдис каст. Æмæ бамбæрстон: мæ цин дзæгъæлы у, мæ цин йæхи хоста бетон къæйыл.

Нæ чысыл «паддзах» æрæджиау йæ сæрыл схæцыд æмæ загъта:

– Цал азы дыл цæуы? – æмæ мын ме уæхскыл йæ къух æрæвæрдта. Æз сагъдауæй лæууыдтæн. Мæ цуры сигаретыл хæцыд куырм, къуырма адæймаг. Ахæм фадат, æмæ уымæй ма спайда кæн, уый фыдгæнæг у, уый адæмæн знаг у. – Æвддæсссæдзаздзыд лæппуйы хуызæн дæ.

Уæддæр мæ ныфс нæма саст, æнхъæлдтон, мæ хъуыды нæ сæрдар хорз нæ бамбæрста, бамбардзæн æй æмæ уый дæр ссудздзæн. Мæнæй тынгдæр. Нæ! Уымæй иу нуар дæр нæ базмæлыд, нæ фæлæ, йæ цæсгом фæуазал, фецæгæлон.

– Цæмæй уыцы бетон къæйтæй спайда кæнæм, уый тыххæй нæм хъуамæ гæххæттытæ уа. Паддзахады иу мисхал дæр æнæ хицау æмæ дзæгъæл нæу, – алыг кодта сæрдар.

Æз мæ худын нал баурæдтон. Худтæн мæстæй. Уый цытæ дзуры нæ паддзах? Йæ къæхтыл фыццаг бон чи ауад, ахæм сывæллонимæ ныхас кæны? «Æнæхицау, дзæгъæл нæм ницы ис?» Нæ фæлæ нæм кæд æгæр бирæ цыдæртæ ис æнæхицау. Колхозы быдыртæ дын æнæхицау. Фермæтæ дын æнæхицау. Тракгортæ, комбайнтæ, машинæтæ æнæхицау не сты. Адæм иумæ дзуапп кæуыл дæттынц, уыдон иууылдæр æнæхицау сты. Колхоз бæхы мард у, куыд дæ фæнды, афтæ дзы тон, скъæф. Æмæ йæ скъæфынц, тонынц æй.

Уæдæ æз та цæуыл дис кæнын: дунейыл мах паддзахадæй тыхджындæр æмæ хъæздыгдæр нæма уыд æмæ нæ уыдзæн. Æнæ кусгæйæ йæ цал æмæ цал азы дæргъы, кæмæн куыд йæ бон у, чи куыд арæхсы, афтæ давы, уæддæр читт нæ комы. Уæвгæ, раст нæ дæн: ныр зæронд уæрдоны хуызæн хъæфс-хъæфс кæны.

Сæрдар мæм æрбакаст, ома уый цавæр æдылы худт у.

– Дæуыл худын, – загътон æз. Уæдæ ма уыцы бетон къæйтæ йæхи хъуыдаиккой, кæддæра дзы уæд гæххæтты кой уыдаид. Исты хъуыддагæй дæ дæхи раиуварс кæнын фæнды, уæд гæххæттыты æфсон скæн, дæхи сæ фæстæ амбæхс.

– Дæс æмæ ссæдз азы бæрц цæуæг кæуыл нал и, зæххы бын чи фæци, уыдонæн цæй гæххæттытæ хъæуы?

Нæ гыццыл «паддзах» мæм æрбадзагъул кодта, йæ цæстæнгасæй дуармæ ацамыдта: ома ныхас фестæм.

– Æз закъон иу хатт дæр нæма фехæлдтон, стæй йæ нæ фехалдзынæн.

Æз та ныххудтæн. Уый, акæса, закъон никæд фехæлдта, стæй йæ нæ фехалдзæн. Кæд хъæуы закъон исчи халы, уæд фыццагдæр нæ сæрдар.

– Нæ ныхас фестæм, – æмæ уаты хицау мæ разæй рахызт. Нæ сæрдарæн уæды онг лæгдæр æнхъæл уыдтæн, уæд мæ цæсты тынг ныллæг æрхауд.

Сæрдары уатæй рацыдтæн расыджы хуызæнæй, мæ сæр зылд, мæ зæнгтæ мæ быны цудыдтой. Уырны дæ, уыцы бонæй фæстæмæ мæм нæ сæрдар, цыма нæ хъæуы, нæ колхозы знаг у, афтæ кæсын райдыдта. Æмæ йын зæгъгæ дæр кодтон:

– Ды знаг дæ, ды адæмæн фыдбылыз дæ, ды хъуамæ сæрдарæй иу бон дæр ма бакусис, ды кæд ацы хъæуы цæрыс, уæддæр ын æцæгæлон дæ.

Цалдæр боны æмæ æхсæвы уыдтæн æррайы хуызæн, мæ хъуыды æппынæдзух дæр зылд уыцы бетон къæйты алыварс. Цæттæ аразæн æрмæг, Хуыцауы лæвар, æмæ дзы ма спайда кæн, уый мæхицæн нæ ныббарстаин. Уымæн уæвæн нæ уыд. Æз сæ мæхæдæг дæр сæвæрдзынæн. Мæхæдæг цы, фæлæ сæ адæм сæвæрдзысты. Æмæ фæсахсæвæр мæ сыхаджы дуар бахостон. Кран кæуыл и, ахæм машинæйы хицауы дуар. Уый сæ сисид, уый сæ сæ бынæтты æрæвæрид. Тарстæн: мæ фæнд æм цыдæр сæртæг æмæ рог ми куы фæкæса. Æвæдза, уый мын тынг зын уыдаид, ностæ зæрдæимæ рацыдаин. Фæлæ нæ. Мæ сыхаджы цæстытæ ссыгъдысты, разыйы цин сæ ферттывта.

– Уый нырмæ дæр нæ сæр куыд не 'рцахста.

Æмæ бауынаффæ кодтам: уыцы бетон къæйтæн æнæ æрласгæ нæй.

Цалдæр боны мæнмæ бакæсын, нæма-иу æррухс, афтæ-иу фермæйæ хъæугæронмæ мæ ных сарæзтон. Згæхæрд, уæззау рельсытæ тыхамæлттæй раппæрстон. Изæрæй-иу мæ къабæзтæ фезмæлын кæнын нал фæрæзтон. Исчи иунæгæй ахæм уæззау куыстытæ кæны? Иу рæстæг мæ уыргты сæрмæ судзгæ нæмыджы хуызæн цыдæр ацыд, мæхи сраст кæныны хъару мæм нал уыд, дыууæ-æртæ сахаты нæууыл дыдагъæй фæхуыссыдтæн. Цæмæй фæтарстæн: мæ мæлæт мæ уыцы ран куы æрæййафа,

халӕттӕ ӕмӕ рувӕсты амӕттаг куы фӕуон, мӕ мард зӕхмӕ куынӕуал бахӕццӕ уа.

Ӕнхъӕлдтам: ничи нӕ базондзӕн, афтӕмӕй бетон къӕйтӕ абанайы царыл ӕрӕвӕрдзыстӕм. Нӕ фӕнд нӕ иуы дзыхӕй дӕр не схауд, фӕлӕ адӕмӕй бамбӕхсӕн ницы ис: абанайы цур нӕм цалдӕр адӕймаджы ӕнхъӕлмӕ каст. Кӕдӕм ацыдыстӕм, цы ми кӕнӕм, цы ласӕм – цӕмӕй йӕ базыдтой, Хуыцау сӕ зонӕг. Адӕм хорз ӕмӕ ӕвзӕр нӕ зонынц, чи зӕгъы, уый тынг рӕдийы. Зонынц! Алцыдӕр хорз зонынц. Чи зоны, Госӕдайы ма хъуыды кӕнай, рухсаг уӕд. Нӕ хъӕуы дзырддзӕугӕдӕр хистӕр сылгоймӕгтӕй иу – хуынимӕ нӕм ӕнхъӕлмӕ каст. Ӕртӕ сойджын уӕлибӕхы, сӕ цыхт фӕйнӕрдӕм ӕнхъӕвзта, гогызы йас карк, графины дзаг арахъхъ. Уый ӕнхъӕл чи уыд, ӕмӕ цыдӕр уысм сагъдауӕй аззадтӕн. Хӕргӕ мыстытӕ дӕр кӕнынц, фӕлӕ ӕгъдау. Уымӕн дзы ӕмбал нӕй!

Госӕда кувгӕ дӕр йӕхӕдӕг ракодта. Дунейы хорзӕх уӕд адӕмы, абоны хорзӕх сӕ уӕд! Иумӕйаг хъуыддагыл чи фыдӕбон кӕны, уыдоны цардамонд бирӕ уӕд! Ӕмӕ кувӕггаг комкоммӕ мӕнмӕ авӕрдта. Кӕстӕртӕ дзы бӕргӕ уыд, фӕлӕ... Ӕнхъӕлдӕн, уӕды хуызӕн ӕхсызгонӕй агуывзӕ мӕ къухмӕ никӕд райстон, уӕды хуызӕн ӕхсызгонӕй кувӕггаг никӕд анызтон. Ӕз арахъхъ нӕ анызтон, фӕлӕ дзӕм-дзӕмы донӕй, адӕймаджы ног чи кӕны, тыхджындӕр ӕмӕ йӕ базырджындӕр чи кӕны, ахӕм ӕнахуыр нозт. Уыцы арахъӕй тыппырнӕрст графин куы банызтаин, уӕддӕр мын, ӕвӕццӕгӕн, ницы уыдаид – нӕ дзы фӕрасыг уыдаин, нӕ дзы фӕрыстаин, фӕлӕ ӕртыккаг гаджидауы фӕстӕ загътон:

– Хуыцауӕн табу ӕрбауӕд, нӕ куывдтӕ йӕм фехъуысӕнт, ныр уал ӕгъгъӕд фӕуӕд.

Мӕ фӕнды ныхмӕ ничи ницы загъта, уымӕн ӕмӕ алчидӕр ӕмбӕрста: бахӕрын ӕмӕ баназынмӕ не 'рӕмбырд стӕм. Мӕ уӕхсчытыл ӕнкъардтон цыдӕр стыр бӕрнондзинад, стыр хӕс. Мӕхи раз. Адӕмы раз. Иугӕр симды бацыдтӕ, уӕд симын хъӕуы.

Хъӕуыхицау нӕ разӕй нал цыд, иуӕрдӕм-иу ауад, аннӕрдыгӕй-иу ӕрбакаст. Цы йӕ бон у хъӕусоветы ӕххӕсткомы сӕрдарӕн?! Бӕгънӕг къарол. Колхозы хицау – уый дын ӕндӕр хъуыддаг. Цалдӕр хатты нӕм фӕзынд, фӕлӕ йӕм ӕз кӕсгӕ дӕр нӕ ракодтон.

Авд бетон къæйы цас æрæвæринаг сты. Æртæ-цыппар сахаты, æмæ, цалдæр азы нæ цæстытæ кæмæй фæцъæх сты, йæ цурты зæрдæ ацæуын дæр кæмæн нал куымдта, зæрдæ-иу кæмæй ныккæрзыдта, уыцы æнусон арæзтад аивта – йæ цар æхгæд æрцыд.

Æвæццæгæн, нæ абанайы арæзтадæн хинтæ конд уыд æмæ уыцы бон фесæфтысты, сæ тых асаст... Цæвиттон, арæзтад фезмæлыд. Æвдæм ноябры адæмæн йæ дуæрттæ парахат байтыгъта. Ног рæсугъд агъуыст. Ног арæзтады æхсызгон тæф фындзыл æмбæлд. Йæ кæрты адæмæй къах айсæн нæ уыд. Иу рæстæг мæ алыварс цалдæр лæджы æрбакъорд. Цæвиттон, абанайы фыццаг ныннайыны бар лæвæрд цæуы мæнæн æмæ, табуафси. Фæхæцыдысты мыл. Мæхи сæ нæ атыдтон, уæд мæ, æвæццæгæн, тыххæй фæмиддуар кодтаиккой. Колхозы сæрдары цур лæуд фæдæн, æнæнхъæлæджы æви барæй, нæ зонын. Нæ. Æнæнхъæлæджы.

– Абанайы хъуамæ йæхи фыццаг чи ныннайа, уый зонут? – загътон æз. – Мæнæ нæ сæрдар.

– Нæ сæрдар? – цалдæрæй мæм æрбакастысты. Цыма мæ фыццаг хатт федтой, цыма, зæххыл чи не 'рцыд, ахæм цыдæр загътон. Сæрдар мыл сæрæй къæхтæм йæ цæстытæ æрхаста. Æрхаста, зæгъгæ, сæрæй къæхтæм мæ лыг кæнгæ æрцыд.

– Фыццаг дзы уый цæмæн хъуамæ ныннайа йæхи?

– Уадз æмæ йын дон йæ чъизитæ аласа.

Нæ цуры чи лæууыд, уыдонæй чидæртæ бахудт, цæмæй сæ пыррыкк ма райхъуыса, уый тыххæй иуварс фæзылдысты, иннæтæ, цыма ницы фехъуыстой, сæхи афтæ скодтой. Нæ «паддзахы» цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт, йæ цæстытæ туджы разылдысты, æрбадзагъул мæм кодта, ныззæмбыдта:

– Мæ цурæй фесæф!

Æз бахудтæн. Уæдæ йыл хъуамæ уасæджы хуызæн мæхи ныццавтаин? Мæ къух æм систаин? Нæ сæрдар мæм уæды хуызæн æнæбон æмæ лæмæгъ никæд фæкаст.

– Уæвгæ, нæ хицауæн йæ чъизитæ Терчы дон дæр нæ аласдзæн, – загътон æз. Сæрдар æнæдзургæйæ дыууæ-æртæ къахдзæфы иуварс ацыд, стæй, фæтары.

Царды æппæты хуыздæр цы у – дæхи ницыхъусæг, ницыуынæг скæн. Уæд дыл къæм нæ абаддзæн. Дыууæ адæймаджы кæрæдзийы марынц – сæ иувæрсты ацу. Кæйдæр хæдзар ссыгъд – нæ йæ

федтай. Давæг дæ цуры йæ «сыгъдæг хидвæллой» фæхæссы – ма йæ æруром. Ды ницы федтай, ницы зоныс. Уыцы хаххыл лæуд дæ, уæд дæм никуы сдзурдзæн, дæхицæн дæр дæ фæндæгтæ – гом – ничи дæ æруромдзæн.

Адæмы фарн, адæмы тых бирæ у. Адæмы хорзæх Хуыцауы хорзæх у.

Уыцы бетон къæйты æрласт мын стыр æхсызгондзинад куыд не 'рхаста! Ныр дæр ма мæхицæй бузныг дæн, фæлæ мæм дзы мæт дæр æрхауд. Мах цæрæм гæххæттын дунейы. Сæрдар раст загъта: гæххæтт æмæ ма иу хатт дæр гæххæтт. Цæмæй фæкъаддæр уой, уый тыххæй фæдисы дзæнгæрджытæ бæргæ цæгъдæм, фæлæ, диссаг! – къаддæр нæ, фæлæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Æнæ гæххæтт мард дæ, иу къахдзæф дæр нæ акæндзынæ, дæ фæндæгтæ – æхгæд.

Мæй рацыдаид æви фылдæр, афтæ мæм районмæ фæдзырдтой, милицæмæ. Никуы ницæмæ бавнæлдтон, мæ цæсгом – сыгъдæг, æмæ цæмæй хъуамæ тарстаин? Уæддæр зæрдæ йæ бынаты нæ уыд, сусæг тас æй æвдæрзта. Æмæ дзæгъæлы нæ.

Уæд ма æнæном фыстæджытæн стыр тых уыд, алы ранмæ дæр сын – уæрæх фæндæгтæ. Ахæм рæстæг адæймаджы цъыфимæ сызмæнт кæнæ æрцахс, уый цас диссаг у. «Рæстдзинад»-æн йæ зонд, йæ хъару кæрæй-кæронмæ чи снывонд кодта, мæныл дæр иу ахæм ныххахх кодта. Кæугæйæ. Зæрдæрисгæйæ. Цæвиттон, æз дæн советон адæмы знаг. Советон цардарæзт халæг, фыдгæнæг. Цæттæ хид фехал, уый куыд у? Чи йын радта ахæм бар! Ома мæнæн. Дуне фæлдисæг хæст мауал рауадзæд, фæлæ та, зæгъæм, ссыгъд, уæд уыцы фæндаг нæ бахъæуадзæн? Чи йæ сарæзта, уый йын йæ халын нæ зыдта.

Иу фарсты фæстæ иннæ фарст. Иуæй иннæ карздæр. Мæ сæрыхъуынтæ арц сбадтысты, ме 'взаг адæмы уагыл иу ныхас зæгъынмæ нал арæхст. Фыдгæнæг кæй дæн, знаг, ууыл мæхæдæг дæр дызæрдыг нал кодтон. Цæмæй хæйрæг уыдтæн, æмæ хъуыддаг афтæ фæзилдзæн? Æмæ æрмæст æз нæ – зæгъæн и: нæ хъæубæсты адæм иууылдæр, уыцы писмо ныффыссæгæй фæстæмæ.

Ныхас топпы нæмыгæй тагъддæр тæхы. Фыстæджы хабар уайтагъд нæ хъæубæсты айхъуыст. Нæ хæдзармæ мæм цалдæр фæдисоны æрбацыд. Куысты дæр æмæ мæ алы ран дæр фыццагдæр фарстой уыцы хабарæй. Се 'ппæт дæр дзырдтой иу дзыхæй: æз нæ, фæлæ писмо чи ныффыста, знаг уый у. Уæдæ

ма дæм исчи сдзурæд. Фыццаг уал тæрхондоны раз æрлæууæнт, колхозы, паддзахады исбон хъазгæ-худгæйæ йæ хъуыры чи ауагъта, колхоз бæхы мард чи хоны, уыдон, стæй бæрæг уыдзæн. Нæ хъæубæстæй цалдæр адæймаджы сæрмагондæй районмæ ацыдысты, æмæ писмойы хабар нал райхъуыст.

Адæймагæн йæхицæй лидзæн и? Ницы хуызы. Æмæ цæргæцæрæнбонты æлгъыст цардæй цæрдзынæ: цæргæ-цæрæнбонты уыдзынæ фæлгæты, сæрибарæй никæд сулæфдзынæ. Стæй дæ уый хъæугæ дæр нæ кæны.

Цымæ де 'фсин æмæ дæ сывæллæтты цур цы цæсгомæй æрлæууыс? Нæ адзæгъæл вæййыс? Сагъдауæй нæ баззайыс? Уый цы ми кæнын, чи дæн, зæгъгæ. Ды разы дæ дæхицæй, дæ цардæй. Кæй зæгъын æй хъæуы – нæ. Кæй зæгъын æй хъæуы ды, æдзухдæр йæ бинойнагыл иузæрдион чи у, бирæ йæ чи уарзы, æрхъæцмæ дæр ыл чи нæ хъæцы, ахæм лæг дæ.

Дæ бинойнаг... Йæ ном... Жаннæ. Жаннæ. Айдагъ йæ ном дæр цæй аргъ у! Уæдæ цы нæмттæ сты Фаризæт, Зæлинæ, Фузæ?.. Уæвгæ, Жаннæ нæ, фæлæ йын цыфæнды ном куы уыдаид: Саучызг, Хадзыгуассæ, Марфуткæ кæнæ æндæр ахæм исты, уæддæр дæуæн уыдаид тæккæ рæсугъддæр ном, дæ хъæлæс зæлланг кодтаид, уый уыдаид зарæг. Жаннæйы та кæй никæд уарзтай, ууыл æз иу уысм дæр дызæрдыг никæд кодтон æмæ нæ кæнын. Фæлæ йæхæдæг та? Къæппæгмæ кæй бахауд, уый нæ зыдта æви йæм зонгæ-зонын йæхæдæг бацыд? Кæд æй нæ зыдта æмæ йæ ныр дæр нæ зоны, уæд цæргæ-цæрæнбонты йæ тæригъæдæй дæ ас никæд ссардзынæ, иу бон дыл æнæмæнг уыцы стыр тæригъæд æртæфсдзæн. Куыд тæригъæд у! Æмæ, чи зоны, кæд дæ Лæгтыдзуар æнхъæлы. Ды артист дæ, курдиатджын артист.

Апрель. Æппæтцæдисон зиу. Дæхи хъæппæрисæй йæм къахдзæф дæр никæд ракодтаис. Цæмæн дæ хъæуы? Фæлæ-иу дын ахæм хуыз уыди, цыма æнæ уыцы зиу дæ цард цард нал уыдзæн, ды дæр æмæ дзы мах дæр куы нæ бакусæм, уæд не 'хсæнад фæцуддзæн. Не 'мкурсонтæй бирæтæм афтæ каст, уæлдайдæр, фыццаг рæстæджыты – ды ацы дунемæ райгуырдтæ æхсæнадон куыстæн.

Фæстæдæр, нæ цæстытæ куы байгом сты, уæд бамбæрстам: æхсæнадон куыст дæуæн у, дæхи кæй бын æмбæхсыс, ахæм гамхуд. Æз ма уымæй дæр фылдæр бамбæрстон: уæд уыцы æхсæнадон куыст дæуæн у бæрзонд бынатмæ стæхæн фæз, уæд ды дæ фат æхстай абонмæ, æмæ нысаныл хорз сæмбæлд. Нæ

курсы фæскомцæдисы раздзæуæг куы сдæ, чи зоны, ацы уаты дуарыл фыццаг хатт уæд æрбахызтæ. Дæсны цуанонæн, дам, цы сырд амардзæн, уый дзидзайы тæф йæ фындзыл фæуайы. Ды дæсны цуанон дæ.

Жаннæйы фыд… Уæд министр уыд, фæстæдæр та ноджы бæрнондæр кусæг. Куы фæзиан, рухсаг уæд, уæд ыл хæрзаг тынг фæрыстæ: æвæццæгæн, дæ мад æмæ дæ фыдыл афтæ нæ фæхъыг кодтай. Уымæн, æмæ акалд дæ цæугæ мæсыг, ахауд дæ Уастырджи. Уæвгæ, уæдмæ дæхæдæг дæ къæхтыл фидар слæууыдтæ, дæ уидæгтæ арф ауагътай…

Де 'фсины мад – зынгæ ахуыргонд, филологон наукæты доктор, профессор. Уый дæр дын – хъуыдыгонд.

Хорз ныхъхъавыдтæ. Жаннæимæ æмбæлыс, уый тыххæй дæ иу ныхас никæд схауд, фæлæ адæмы цæст уынаг у. Мæнмæ диссаг нæ фæкаст, фæлæ кæмæдæрты… Никæд дæ бафарстон, мæ цæсгом нæ хъæцыд, фæлæ ныр… Жаннæ ахæм фыд æмæ мады чызг нæ уыд, уæд æй ракуырдтаис? Нæ йæ ракуырдтаис. Нæ фæлæ йæ фæрсты дæр никæд ацыдаис. Фыдуынд нæ уыд, фæлæ фыдуынд куы уыдаид, даргъæфсæр, тæнæгбыл, бурхил, цыргъфындз, йæ зæнгтæ кæсагласы къæхты хуызæн лыстæг, кæнæ фырнæрдæй лæу-лæу куы кодтаид, уæддæр Жаннæ дæуæн уыдаид æппæты рæсугъддæр.

Лæг æмæ усæн сæ цæстытæ кæрæдзиуыл куыд амбæлынц, Жаннæимæ афтæ уæ цæстытæ куы амбæлынц, куы йæм фæкомкоммæ вæййыс, уæд дæ цæсгом не ссудзы? Дæ уырзтæ йыл цы зæрдæйæ андзæвынц? Æмбуар куы свæййут, уæд нæ ныккæрзыс?

Адæймаджы ма уарз, афтæмæй, цыма йæ бирæ уарзыс, æнæ уый дæ цард цард нæу, дæхи афтæ дар, уымæн цæйбæрц тых хъæуы. Сæйрагдæр та… Уымæй ма æлгъагдæр ми исты уа?

Цы кæныс, уый сабыргай, æнæ хъæр, æнæ цъистæй! Де 'фсин дæ хæрзаг разы у. Уæддæр, дæ къæппæджы куыд бахауд, уымæн исты зоны? Гæнæн ис, æмæ йын йæ царды фæстаг бонмæ дæр мацы базона. Йе та, уæ фыццаг фембæлдæй фæстæмæ алцыдæр хорз зоны. Разы у ахæм цардæй æмæ йæхи ницы 'мбарæг, ницызонæг скодта. Лæг æмæ, дам, ус фæрæтхъæдæй барст сты, Хуыцау уæ кæрæдзийæн сфæлдыста.

Жаннæимæ кæд базонгæ дæ? Æртыккаг æви цыппæрæм курсы райдианы? Фæаууон-иу дæ, æмдзæрæнæй-иу æрбайсæфтæ. Къахтам дæ-иу, фæлæ дæ иу ныхас, уæд та дызæрдыг кæуыл

фæуыдаиккам, ахæм ныхас куы схаудаид! Жаннæимæ фембæлдтытæ дын уыдысты стыр сусæгдзинад. Паддзахадон сусæгдзинад.

Уарзондзинад... Уый адæймаджы хурæнгæс кæны. Уый цъæх уалдзæг у. Уый дæ зæрдæйы æрцард, уæд зæххы къори дæ хъæбысы сисдзынæ. Уыцы æнкъарæнтæ дæ зæрдæйы ссыгъдысты, уæд зæххон адæймаг нал дæ, фæлæ Хуыцау. Ды нæ аивтай, иу нуар дæр дæ нæ фезмæлыд, уымæн æмæ уарзондзинады арт дæ риуы не ссыгъд, æндæр, цыфæнды æмбæхст æй куы кодтаис, уæддæр дæ риуæй рагуылф кодтаид, сæ уæлныхты дæ систаиккой уыцы уæлвонг æнкъарæнтæ. Дæуæн дæ афтид зæрдæйæ цы рагуылф кодтаид? Уæддæр, Жаннæимæ æмбæлыс, уый цæмæн æмбæхстай?

Тæссæй. Хъуыддаг куы фехæла æмæ министрæй сидзæрæй куы аззайай. Æнæмæнг, уымæй! Æмæ ды ахæм дæ, йæ рæсугъд фæндтæ митын мæсыгау атайын чи бауадза? Ницы хуызы. Ды ссардтаис æндæр министры, æндæр профессоры чызджы.

Цымæ-иу Жаннæимæ кæм æмбæлдыстут? Цал азы хистæр дæ у? Цыппар æви фондз? Министры чызджы ног киноныв фенын никæд бафæндыд? Концертмæ никæд ацыдыстут? Йæ зæрдæ-иу спектальмæ бакæсын никæд æрцагуырдта? Дæумæ бакæс! Хæрзаг-иу аууæтты-аууæтты фæцæйцыдтæ хъуызгæ, цыма хуыснæг уыдтæ, давæг. Æмæ давæг уыдтæ, амонд давæг. Ды давтай дæхи амонд, Жаннæйы амонд.

Чындзæхсæв афтæ тагъд цæмæн скодтай? Ха-ха-ха! Æнæ рæсугъд Жаннæ дæ цард цард нал уыд, æнæ уый дыл æхсæв бон нал кодта, бон – æхсæв. Сойын цырагъау тадтæ, уæлхъæдæй бахус дæ. Цы нæ вæййы, хæрæг ихы сæр куыд аззайа, афтæ куы аззайай. Дæ амонды дын исчи дæ фындзы бынæй куы аскъæфа, чи зоны, уымæй дæр æдас нæ уыдтæ. Ды æхсæвы тар удуæлдай тохы бацыдаис, Жаннæйы сын сæ къухтæй скъахтаис, туджы сахатæ уадаиккой. Нæ! Иу къахдзæф дæр никæд акодтаис!

Ды суанг скъолайы дæр дæхи куыддæр дардтай, иннæ 'мгæрттæй хицæн кодтай. Асдæр, æмбаргæдæр, хъуыдыджындæр, æмбæхстдæр, хиуылхæстдæр...

Дæсæм кълас... Скъолайы фæстаг бонтæ. Мах чызгæй, лæппуйæ – дунейы тæккæ амондджындæртæ, зæххыл нæ цыдыстæм, фæлæ тахтыстæм уæлдæфы. Ымад бонтæ ма фæлварæнтæ ратдзыстæм,

æмæ нæ размæ байгом уыдзысты мингай æмæ мингай фæндæгтæ. Фæндæгтæ стыр дунемæ, уæрæх дунемæ, ног цардмæ. Фæлæ куыд? Кæдæм? Цы? Мин æмæ мин фарсты. Нæ зæрдæбын ныхас-иу сахат, дыууæ сахаты адаргъ. Ды дæ сыгъзæрин рæстæг мах хуызæн дзæгъæл дзæнгæдатыл нæ сæфтай: кæс æмæ фæцæуыс, æрбайсæфтæ. Иу ныхас дæ никæд схауд. Кæдæм бадæтдзынæ дæ гæххæттытæ? Цы институт равзæрстай? Дыууæ-æртæ азы размæ дæр дын бæрæг кæй уыд, ууыл нæ дызæрдыг ничи кодта. Диссаг, цæмæн æй æмбæхстай? Æрбакастæ-иу нæм: кæдæм цæуынмæ хъавыс, уый нæма равзæрстай.

Аттестаттæ куы райстам, уæд нæм цалдæр лæппуйæ цы фæнд уыди, уый дын зæгъон? Иуварс дæ акæнæм, дæ цæнгтæ дын сыздухæм, раст сæ къæс-къæс куыд цæуа, афтæ, æмæ уæд, дæ гæххæттытæ кæдæм бадæттынмæ хъавыс, уый нæ, фæлæ ма дæ хæйрæджы ном дæр зæгъдзынæ.

Не 'мбæлттæй иу æмбаргæдæр разынд: «Кæдæмфæнды дæр цæуæд. Ныхъхъуытты йæ уадзут!»

Нæ фæстаг фæлварæн мæ цæстытыл арæх ауайы, уал æмæ йæм уал азы фæстæ ногæй бахауын.

Бадтæ æнцад, стъолмæ ныггуыбыр дæ, цыдæртæ фыстай, рæстæгæй-рæстæгмæ-иу дæ алыварс тарст каст акодтай. Цалдæр хатты дын мæ къухы змæлд æмæ мæ цæстæнгасæй ацамыдтон: куыд дæ? Дæ хынцинаг гæххæттыл афысс æмæ мæм æй исты хуызы æрбаппар кæнæ йæ къух-къух æрбарвит. Æз алгебрæмæ, геометримæ, физикæмæ, химимæ дæуæй дæсныдæр кæй уыдтæн, дæуæй сæ бирæ хуыздæр кæй зыдтон, уый дын, æвæццæгæн, абон дæр дæнцæг нæу.

Ахуыргæнджытæй иу, урссæр лæппулæг цалдæр хатты дæ рæзты ацыд, цыма афтæ æнæуи, фæлæ йыл æз фæгуырысхо дæн: æгæр бирæ-иу афæстиат дæ цуры, цы фыссыс, уымæ-иу дын æгæр æдзынæг æркаст. Иу рæстæг, мæхи дыууæ цæстæй йæ федтон, де стъолмæ бацыд хæрз хæстæг, йæхи йыл ахафта, цыма йын æндæр рæтты ацæуæн нæ уыд – æмæ диссаг! – де стъолы кæрон гæххætt æрæнцад, уайтагъд тетрады иннæ сыфтимæ сиу. Уый мæхи цæстытæй куы нæ федтаин, уæд мæ ницы хуызы бауырныдтаид. Мæ цæстытæ дзагъырæй баззадысты. Бирæтæ институтмæ цыдæр хуызы кæй бахауынц, уый зыдтон, фæлæ куыд? Цавæр фæндæгтыл æм бацæуынц. Уæлдайдæр та ныр? Æвæццæгæн, иу адæймаг дæр йæ зонындзинæдтæм гæсгæ не 'рбады институты. Хуыцау алкæмæн дæр æвдисæн фæуæд.

Ахуыргæнæг, цы не ‘мбæлы, ахæмæй æппындæр цыма ницы сарæзта, афтæ дарддæр ацыд, сабыр, хъавгæ къахдзæфтæй. О ме скæнæг стыр Хуыцау, ды уайминут аивтай, дæ тыхст, дæ тарст, де ‘нæныфс цæстæнгас фæцыдæр, дæ цæсгом ныррухс, хуртæ дзы ракаст.

Æз æвдисæн уыдтæн стыр фыдракæндæн. Уæдæй тæппуддæр никæд разындтæн. Уый фæстæ мæхимæ цал æмæ цал хатты хæцыдтæн: чи дæн? Цавæр адæймаг дæн? Уæд ме ‘мбæрц цæуыннæ сыстадтæн æмæ мæ хъæлæсыдзаг, цы æбуалгъ хъуыддаг æрцыд, уый тыххæй фæдисы дзæнгæрæг цæуыннæ ныццагътон. Мæ мидбынат цæмæн ныидзыг дæн? Нæ дæ бауырндзæн, фæлæ цыдæр уысм арвы æрттывдау мæ сæры атахт: ныууадзон мæ фæлварæн, мæ институт. Æмæ мын афтæ кæнгæ уыд, фæлæ мæм уыцы хъару нæ разынд. Хъуыды хъуыддаг нæма у. Хæрзаг мыл дæхимидæг кæл-кæлæй худыс. Институты куы ахуыр кодтам, уæддæр дын ацы хабар цалдæр хатты зæгъынмæ хъавыдтæн, фæлæ та-иу бакъуылымпы дæн, растдæр зæгъгæйæ – уыцы лæгдзинад мæм нæ разынд. Цы цæсгомæй-иу æрбацыдтæ аудиторимæ? Цы цæсгомæй-иу æрлæууыдтæ нæ курсы лæппутæ æмæ чызджыты цур? Ахæм зонд дæм никæд æрцыд: зонгæ-зонын кæйдæр бынат бацахстон? Иуварс æй ассыдтон, институты уæззау дуæрттæ йыл бахгæдтон. Нæ! Ахæм зонд дæм никæд æрцыд. Цыма дыл къæм дæр никæд абадт, афтæ-иу уыцы сæрыстырæй æрбацæйцыдтæ. Цыма дын институты дуæрттæ дæ зонындзинæдтæ байгом кодтой. Фæлывд æмæ мæнгард дуне – ды дзы, кæсаджы фурды куы ныппарай, кæддæриддæр дæхи афтæ æнкъардтай. Ныхасы, æмæ хуымæтæг ныхасы нæ, фæлæ рæсугъд ныхасы, базырджын ныхасы, кæркæ-мæркæ ныхасы дуне æмæ рæстæг. Уæвгæ, ныр дæр ма уыцы дунейы стæм, нæхи дзы нæма атыдтам. Ивгъуыд рæстæг... Ивгъуыд рæстæгæн цыфæнды дæр кæн, æууил æй, дæ арцы фындзыл æй хæрдмæ сис, уæддæр ивгъуыдæй баззайдзæн. Ивгъуыдыл æнцон дзурæн у, – афтæ мæ нал риссы. Уæдæ æз та афтæ зæгъын: уавæр ныр дæр бирæ хуыздæр нæу. Цы хъуыды мæм сæвзæрд: хъуамæ нæ бæстæйы педагогон институттæ куыд бирæ и, афтæ бирæ дзы уыдаид рæсугъд дзурынæл ахуыргæнæн институттæ дæр. Рæдийын та – ууыл нæ ахуыр кæнын нæ хъæуы, уый нын Хуыцауæй лæвæрд у. Нæ къæхтыл æдæрсгæ нæма фæцæуæм, афтæ базонæм: рæсугъд дзур, цыма цыдæр стыр хъуыды зæгъынмæ хъавыс, дæхи афтæ сзонджын-

хуыз кæн, дæ риу хой, æмæ лæг дæ. Ӕрдзæй дзырдарæхст фæдæ, уæд дуне дæу у, уæд дæ фæндаг æмраст хæрдмæ цæуы. Ӕмæ уый ды раджы базыдтай. Цæмæндæр, фыццаг курсы нæхицæн фæскомцæдисон раздзæуæг куы æвзæрстам, уæд æрæнцадысты дæуыл. Бирæтæм афтæ фæкаст: уыцы бæрнон куыстмæ дæуæй хуыздæр ничи сарæхсдзæн. Цыппар æви фондз адæймаджы иуæрдæм дæр нæ хъæлæс кодтой æмæ иннæрдæм дæр. Дæ ныхмæ хъæлæс кодта æрмæстдæр иу адæймаг – æз. Хуыцау хорз, æмæ мæ нæ бафарстой, нæ мæ сыстын кодтой, æндæр цы загътаин? Чи зоны, æрымысыдаин, институтмæ фæлварæнтæ куыд лæвæрдтай, уый. Чи зоны, æрымысыдаин, мæхи цæстытæй цы æвирхъау ныв федтон, уый. Ӕз мæ къух куы сдардтон, уæд цыдæр уысм фемдзаст стæм, æмæ ды бахудтæ. Ӕз хорз зыдтон: дæ ныхмæ мæ дыууæ къухы куы сдарон, уæддæр дæ равзардзысты, фæлæ мæ цæсгомы ныхмæ мæ бон рацæуын нæ уыд.

…Ӕмдзæрæны уæ уатмæ арæх-бауайаг нæ уыдтæн. Уæд мæ мæ къæхтæ цæмæ бахастой – нæ зонын. Дуарыл бахæцыдтæн – гом разынд, базыхъхъыр. Фæлæ къæсæргæрон æдзæмæй баззадтæн. Ды лæууыдтæ айдæны цур æмæ цыдæр дзырдтай, дæ хъæлæс зæлыд, куы-иу ныллæгдæр фæци, фæлмæн, сабыр, адæймагыл узæлыд, куы-иу хъæрдæрæй райхъуыст, кодта æнæхатыр, тызмæг. Дæ галиу къухы цыдæр гæххæтт, хатгай-иу æм æркастæ. Дæ ныхасы афтæ аныгъуылдтæ æмæ, дуар куыд базыхъхъыр, уый нæ бафиппайдтай. Ӕз нал размæ æккуырстæн, нал фæстæмæ. Цы базонын ма мын хъуыд: ды дæхи цæттæ кодтай фæскомцæдисон æмбырдмæ, дзырдтай дæ доклад. Ме уæнгты цыдæр уазал риз ацыд. Ды айдæнмæ дæхимæ кастæ, иу ныхасы фæстæ иннæ зæлыд, иу хъуыды иннæйы йæ фæстæ ласта. цыма дæ цуры адæм бады, афтæ-иу дæ къухтæй ацамыдтай, семæ дзырдтай. Цыма мæ исчи ныууыгъта. «Цы ми кæнын?» – æмæ фæстæмæ фæзылдтæн. Институтмæ фæлварæн куы лæвæрдтам, ахуыргæнæг дын дæ цуры аивæй гæххæтты сыфыл хынцинаг цæттæ кондæй куы æрæвæрдта, уæд дæм мæ зæрдæ бакæсын куыд нал загъта, уæд дæр раст ахæм уавæры уыдтæн. Ӕвæццæгæн, дуар æгæр ныггуыпп кодтон, куыд фесхъиудтай, куыд фæзылдтæ, уый ма ауыдтон.

Арæх сагъæсы ацæуын: цы у мæ цард? Цæмæн фæзындтæн ацы дунемæ? О, Адæймаг дæн, фæлæ уый фаг у? Адæймаг хъуамæ алы адæймаг дæр уа. Цæмæн хъæуын? Ма райгуыр, уæд дзы

уымæй хуыздæр бæргæ нæ уыдаид. Æмæ иугæр афтæ у, уæд æппæты хуыздæр у мæлæт: ницы уыныс, ницы зоныс. Æмæ арæх скувын: Хуыцау, мæлæт мын ратт, ахæм мæлæт: бафынæй у æмæ мауал райхъал у. Уый мæлæт нæу, фæлæ куывд.

Цы у адæймаг? Цæй охыл цæры ацы зæххыл? Цæмæй йæ гуыбын дзаг уа, уый тыххæй? Цæмæй-иу галуантæй рахиза, уый тыххæй? Цæмæй рæсугъд сылгоймагимæ йæ мондæгтæ уадза, уый тыххæй? Уæддæр цы у цард? Мæнæн æй мæ сæр нæ ахсы. Æмæ уыдон кæй не 'ндавынц, уыдон кæй нæ хъæуынц, уый та цы кæна? Цæй охыл цæра ацы зæххыл?

Уæддæр адæймаг цы у? Цыдæр æнæфсис цæрæгой æви æндæр цыдæр? Æвæццæгæн... æвæццæгæн, цыдæр æнæфсис цæрæгой у, æмæ æппæт бæллæхтæ дæр кæд уымæн цæуынц. Æнæфсис – хицаудзинадыл, æнæфсис – кадыл, æнæфсис – сæрыстырдзинадыл, æнæфсис – æхцайыд, мулкыл...

Мæн фæнды, цæмæй нæ зæххыл æрцæра æцæг рæстдзинад, алы адæймагæн дæр йæ цард, йæ зонд æмæ фæллоймæ гæсгæ куыд уа, афтæ. Уадз арвы хъæбысмæ стæхæд йæ базыртæм гæсгæ. Ныр афтæ нæу. Æхсæнад цы у, куыд ивы, уымæн æз дæр чысыл цыдæртæ хатын, газетты æмæ йæ чингуыты уæддæр кæсын.

Хъуамæ дæумæ хорз библиотекæ уа. Кæд адæммæ истæмæ хæлæг кæнын, уæд, хорз чингуытæ кæмæ ис, уыдонмæ. Районмæ кæнæ горæтмæ сæфтон æмæ дыууæ-æртæ чиныджы ма балхæнон, уымæн гæнæн нæй. Кæд мæм исты хорз æмæ хъæздыгдзинадæй ис, уæд мæ библиотекæ. Мин æмæ дыууиссæдз чиныджы. Кæцы дæ хъæуы, уый райс, диваны иу кæрон баз æрæвæр, дæхи ауадз æмæ æндæр дунейы аныгъуылдтæ, дæ куыст, дæ цард, дæ уавæртæ, дæ алыварс цы адæм ис, уыдонæй фæхицæн дæ. Райс æндæр чиныг æмæ дæ размæ куырм æлхынцъау цы фарстатæ сгуппар, уыдон хъавгæ хал. Нæ! Уæддæр сæ кæронмæ нæ райхалдзынæ: иу куырм æлхынцъы фæстæ иннæ – æмæ афтæ алы бон дæр. Æвæццæгæн, цард цыфæнды чиныгæй дæр вазыгджындæр у. Царды æцæгдзинад æмæ чиныг кæрæдзимæ дард кæй сты, уый хорз зонын. Уæддæр сæ фæрцы æндæр дунемæ цы рæстæг бахауын, уый мын бæрæгбон вæййы.

Иу рæстæг мæм æрцыд æнахуыр хъуыды: цæй æмæ æхца бамбырд кæнон æмæ исты хуызы хæдтулгæ балхæнон. Дæ рон æрбалвас, дæ хъуыры мацыуал ауадз, капекк капеккыл æфтау, зиан мауал зон, цин – уæд машинæ нæ балхæдтаин. Абад æмæ

асыххуытт кæн. Сахаты æрдæгмæ горæты февзæрдзынæ. Иу изæр арвы ‘рттывдау мæ сæры атахт: æмæ машинæйæ цы кæнын? Цæмæн мæ хъæуы? Фæндагыл мæлæты арæх цæуаг дæн. Уæлдай æхцатæ дæм и, уæд балхæн. Æз та хъуамæ цалдæр азы мæхи сауыгъэтаин. Ныр дæр сой æмæ мыды не вдылын, фæлæ уæд хъуамæ цардаин афтид цай æмæ дзулæй. Хъуамæ мæ цард ы стырдæр нысан суыдаид æхца. Фæлæ куыд? Цы хуызы? Стыр æхцатæ уæларвæй нæ хауынц, дæ сыгъдæг фæллойæ дæ дзыппытæ тыппырæй кæй нæ хæсдзынæ, уый авдæны сывæллæттæ дæр зонынц. Хъуамæ æз мæхицæй сарæзтаин цæстфæлдахæг, сæудæджергæнæг, давæг. Æмæ уый мæ бон у? Нæу! Уыцы æвæджиауы хорз миниуджытæй хайджын фæдæн? Æмæ, зæгъын, уæд æнцад дæ бынаты бад, ма тæпп-тæпп кæн. Æмæ мæ зæрдæ æрсабыр.

Нæ рæстæджы цыдæриддæр чъизи, æлгъаг æмæ æбуалгъ хъуыддаг цæуы – иууылдæр æхцайы тыххæй. Нæ Хуыцау дæр, нæ удылхæцæг дæр, нæ алцыдæр уый ссис, æнæ уый адæймаг адæймаг нал у. Æвиппайды æхца нал и, – цы æгæрон тых æм и, уый фесæфт, уæд, ныр бæрзæндты кæсгæйæ чи цæуы, уыдонæй бирæтæ бæрзондæй ныллæгмæ æрхауиккой, уаллæттау цъыфы быриккой.

Æрæджы æнахуыр диссаг базыдтон. Бирæтæ хицаудзинадмæ, æхцамæ, исбонмæ цæмæ тырнынц, уый бамбæрстон: Хуыцау сын, цæмæй адæмы æмрæнхъ цæуой, уый бæрц удварн нæ ратты æмæ йæ æндæр хуызы æххæст кæнын хъæуы, хицаудзинады, æхцайы, исбоны, æндæр ахæмы хуызы. Цыдæр амалæй хъуамæ адæмы æмрæнхъ цæуай. Уæдæ куыд? Æмæ цæуынц.

Тæхуды, дæ зæрдæйы дуæрттæ дын байтындз! Æмæ уыдон чи байтындздзæн, фæлæ йæм иу чысыл уæд та бакæс, уæд та – судзины фындзы йас зыхъхъырæй иу гудзи. Цы хъуыдытæ гуыры ныртæккæ дæ сæры, æви æз уый аккаг нæ дæн, дæ хъуыды иу уысм кæуыл фæсабыр уа. Чи дæн æз? Йæ цард кæмæн ныссаджилтæ æмæ ныссуйтæ, ахæм цыдæр. Хъæды халон. Мæ дыууæ æфсымæрæй алкæмæн дæр – бинонтæ, сæ иу сгорæтаг, хъæумæ йæ йæ къах нал хæссы, иннæ – колхо-зы гаражы хицау. Иу хо мын, уый дæр йæ цард сарæзта. Мæ бинонтæй мæм чидæриддæр æрбацæуы, мæ хæстæг къабæзтæй мыл чидæриддæр амбæлы, уымæн йæ фыццаг ныхас вæййы, иунæг, дам, кæдмæ уыдзынæ. Уый мын цавæр цард у, уайдзæфты бын мæ фæкæнынц.

Мæ мады хотæ – цыппар зæххон зæды, иу ма дзы цæры. Мады хойæ, дам, мады ад цæуы. Æмæ уый афтæ у. Мæ цуры куы æрлæууы, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ мад райгас. Æз фехъусын мæ мады фæлмæн, зæрдæбын ныхас. Ме уæхскыл æрæнцайы мæ мады армытъæпæн, йе ‘хсызгон хъарм уæнгты ахъары æмæ мæ уæд скæуынмæ бирæ нал фæхъæуы, мæ зæрдæ мæм сдзуры: цæхгæр фæзил æмæ-иу сывæллонæй мæ мады риуыл мæ цæсгом куыд авæрдтон, афтæ авæр, иу уысм уæд та. Афтæ фæхъуыды кæны, хъуамæ йæ цотæн цот кæмæн уаид, уыцы халассæр, уыцы æлгъыст лæг.

Мæ мады хо хæдзары æрзилы, къуымтыл йе ‘нкъард цæстæнгас ахæссы æмæ ризгæ хъæлæсæй фæзæгъы:

– Афтæ кæдмæ цæрдзынæ? Ахæм цард... – йæ ныхас кæронмæ нал фæзæгъы, уымæн, æмæ йын цы дзуапп ратдзынæн, уый хорз фæзоны.

Фарон мæ мады хо йæ цин йæ разæй æрбахаста: йæ цæстытæй худт, йæ цæсгомы рухсæй мæ къæс ныррухс. Ныхас цæуыл цæудзæн, кæйдæр мын банымудзынмæ кæй хъавы, уый йæ фыццаг сулæфтæй базыдтон. Зæххыл чи нæма райгуырд, ахæм сылгоймаг, хæдзонд, æмбаргæ, бонзонгæ адæймаг. Йæхицæн дыууæуатон фатер, алцæмæй дæр рæвдз, цæттæ хæдзар. Йæ фатер горæты тæккæ астæу.

Æз æм æнцад хъуыстон. Кæд ыл искæд мæ зæрдæ фæхудт, уæд уыцы бон. Сабыр хъæлæсæй загътон:

– Æмæ уыцы сылгоймаг сразы уыдзæн?

– Сразы уыдзæн, – дзуапп радта цингæнгæ, цыма сахаты æрдæджы размæ йемæ ныхас кодта æмæ дзы фидар дзырд райста.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Знон йемæ сæмбæлдтæн, нæ чындзы зонгæ у...

Мæ мады хо мæгъа, фæлæ уыцы сылгоймаг... Чи у? Цавæр адæймаг у? Лæджы дæ цæсты кæронæй дæр ма фен, афтæмæй йемæ дæ цард сиу кæныныл сразы у, уымæн гæнæн куыд ис?!

– Æз фос нæ дæн, – загътон ын æмæ сыстадтæн. Зæронд усы цæстытæ доны разылдысты. Сыстад уый дæр, йæ сæр мæ риуыл бауагъта.

– Кæй не сразы уыдзынæ, уый зыдтон, фæлæ уæддæр... – Æмæ йæ кæуын райхъуыст. Æз та хъуыстон мæ мады зæрдæбын хъæлæс æмæ мæ мидбуар рызтæн. Æнхъæлдтон, мæ мады хо мæ не ‘мбары. Хорз мæ æмбæрста. Æнкъард, сæргуыбырæй сæхимæ ацыд.

...Фæкомкоммæ йæм дæн æнæнхъæлæджы. Сæрдыгон, райдзаст изæр проспекты цæйбæрц адæм вæййы, уæлдайдæр трамвайы æрлæууæнты. Цæст сыл нæ феххæссы. Æмæ уыйбæрц дзыллæты æхсæн бæрæг дардта, мæ цæстытæ йыл æрæнцадысты, ратонын дзы нал куымдтой. Иуварс-иу азылдтæн, мæ хъуыдытæ æндæрырдæм здæхтон, фæлæ куыннæ! Кæм æй федтон? Чи у? Хорз æй зонын, фæлæ... Бæрæг кæйдæр хуы-зæн у, фæлæ кæй? Мысын мын кæны, мæ зæрдæмæ тынг хæстæг чи у, ахæмы. Уыцы кæйдæры мæхимидæг агуырдтон. Мæ мидхъуыдыты кæм нал æрзылдтæн, скъолайы, институ-ты, куысты... Нæ йæ ардтон. Уæдæ уæд чи у? Цæмæй йæ зонын? Кæм сæмбæлдыстæм? Кæм?.. Кæм?..

«Уый у! Уый у!» – фырцинæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон. Фырцинæй мæ хъæлæс нал баурæдтон, срæдывта. Хæстæг мæм чи лæууыд, уыдонæй мæм цалдæр æрбакаст. Бафæрс сæ, уæд æнæмæнг загътаиккой:

– Ацы лæппу фæсонт.

«Уый у!» – загътон та махицæн. Хъуамæ йæм хæстæгдæр бацыдаин, хъуамæ мæ цæстытæ рентгены тынтæ фестадаиккой, æмæ йæм кастаин. Уый бæсты-иу куыддæр атартæ сты. Мæ мидбынат бандзыг дæн, мæ къах айсыны хъару мæм нал уыд, цæй ныфс – йæ кой, йæ хъæр дæр мæм нал аззад, цыдæр æнахуыр ‘фсæрмæй сыгъдтæн. Уымæн æмæ æз уыдтон зæххон адæймаджы нæ, фæлæ, уæларвæй чи æртахт, ахæмы. Зæххыл, мæнæ уынгты чи цæуы, дуканийæ чи рахизы, трамвайы чи сбады, уыдоны æхсæн искæд ахæм адæймаг фендзынæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн. Фæлæ йæ уæд федтон. Рæстæмбисæй зына-нæзына бæрзонддæр. Саухил. Йæ цæсгом, йæ рустæ – æнахуыр лæгъз. Мæ уырзтæ сыл зырзыргæнгæ цал æмæ цал хатты ахастон. Æмæ-иу мæ уырзтæ сыгъдысты. Йæ былтæ... хæмпус, цæхæрхуыз. Уый æнхъæл кæд уыдтæн æмæ мыл искæд андзæвдзысты. Æндзæвгæ нæ, фæлæ, сылгоймаджы баты цы æгæрон тых и, фыццаг хатт уый уыдонæй базыдтон. Нæ фыццаг фембæлд. Æз æм кастæн, трамвайы æрлæууæны йæм куыд кастæн, афтæ. Мæ цæстытæ дзы ратонын нæ куымдтой, гурæй-гурмæ йæ фæстæ зылдысты. Уый мæм цалдæр хатты ракаст, фæстагмæ бахудт. Уымæй дæр æмæ мæнæй дæр иу ныхас не схауд, афтæмæй кæрæдзимæ бацыдыстæм, кæрæдзийы комкоммæ æрлæууыдыстæм. Æз, бафу мыл кæн, уæд фæдыдагъ уыдаин. Уый йæ

къухтыл схæцыд, æмæ æз фæтарстæн: асхойынмæ мæ хъавы. Фæлæ, диссаг – йæ къухтæ мæ уæхсчытыл æрæвæрдта. Фæлмæн армытъæпæнтæ... сæ æхсызгон, удæнцой хъарм мæ уæнгты апырх, тугимæ буары ахъардта. Чызг бахудт æмæ загъта:

– Ды дæ дунейы тæккæ хуыздæр лæппу, – йæ хъæлæс зарæджы хуызæн рæсугъд, суадоны æртæхау сыгъдæг, мыртæ зæрдæйыл æмбæлдысты. Чызг... Царциаты диссаг, аба мын кодта. Æз æдзæмæй лæууыдтæн, мæ бон иу ныхас зæгъын нал уыд. Уый уыд, зæххыл чи никæдма æрцыд, ахæм хъуыддаг. Мæ цæстытæ доны разылдысты.

– Ды... – æмæ та мын аба кодта. Сылгоймаджы буары, сылгоймаджы аныдзæвды ахæм æгæрон тых ис, уый уæды онг нæ зыдтон, æз уыдтæн расыджы хуызæн, мæ сæр зылд, цыма кæмдæр уæлдæфы тæхын, зæххон адæймаг нал дæн. Йæ цæстытæй худт. Йæ цæстытæ-иу куы æрныкъуылдта, уæд-иу йæ цæстыхаутæ кæрæдзиуыл андзæвыдысты, йæ цæстытæй цы фæлмæн æхсызгон рухс калд, уый-иу нал уыдтон, æмæ-иу мæм цæмæндæр афтæ фæкаст, цыма нал ракæсдзæн, фæцыдæр уыдзæн æмæ фесæфдзæн дунейы рухс. Уыцы хъуыды-иу мæм февзæрд уысмæй дæр цыбырдæр рæстæг, фæлæ-иу дзы зæрдæ ныккæрзыдта.

Сæмбæлдыстæм цалдæр хатты æмæ хъæппæрис æдзухдæр цыд уымæй. Æз уыцы фембæлдты уыдтæн æнæвзаг, гоби, æндзыг, хыссæйæ конд адæймаджы хуызæн. Цалдæр хатты кæрæдзимæ афтæ хæстæг уыдыстæм, æмæ ма ныр дæр йæ зæрдæйы тæлфт мæ риуыл æмбæлы, ныууыгъта-иу мæ, удæнцой мын нал уыд. Мæхæдæг... цыдæр мыл æрцыд: уæлдæф мын нал фаг кодта, мæ тых тад. Нæлгоймæгтæ стæм æмæ нæ ныхас хъуамæ æргом уа: не 'хсæн, дыууæ раст, дыууæ сыгъдæг адæймаджы сæ цард куы сиу кæнынц, уæд цы æрцæуы, уый не 'рцыд.

Йæ дзыккутæ фæстæмæ фаст, уæхсчыты онг, уырынгтæ-уырынгтæ, растдæр зæгъгæйæ та, уылæнтæ-уылæнтæ æмæ-иу мæ цæсгомыл куы аныдзæвыдысты, уæд мæм афтæ каст, цыма денджызы фестадтæн æмæ мыл хъарм уылæн æрбакалд.

«Уый у».

Мæ цуры чи лæууыд, уыдонæй та мæм цалдæр æрбакаст, æмæ бамбæрстон: мæ мидныхас та сирвæзт, æнхъæлдæн, мæ мидуавæрыл дзуапп нал дæттын.

О, хорз зыдтон уыцы чызджы: йæ хъæлæс, йæ къухты фезмæлд,

йæ зæрдæйы сонт тæлфт, йæ цæстыты бахудт, суанг йæ сулæфт дæр. Фæлæ йын нæ зыдтон нæ йæ ном, нæ йæ мыггаг, нæ, кæм кусы, уый.

Чызг, трамвай кæцырдыгæй æрбацæуы, уыцырдæм акъахдзæф кодта, уыцырдæм акаст, цæмæндæр йæ мидбыл бахудт. Уыцы фæлмæн, уæздан мидбылхудт! Цал æмæ йæ цал хатты федтон!

Уый кæй у, ууыл иу мисхал дæр дызæрдыг нæ кодтон. Фæлæ мæ уæддæр нæма уырныдта. Ау, уымæн уæвæн куыд и? Ис! Алцæмæн дæр уæвæн кæй ис, ууыл дызæрдыг нал кæнын.

Уыцы чызджы уый размæ цалдæр хатты федтон... мæ фыны, фæлæ йæ искæд царды фендзынæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн. Æмæ хъуамæ куыд уыдаин уый æнхъæл? Фын цар-ды æцæгдзинад кæд ссис? Куыд дард мæм уыд! Ныр уый фын нæ уыд, мæ цæстытыл нæ уад, фæлæ уыдтон цардæгас, зæххон адæймаг. Мæ цæстытæ дзы ратонын нæ куымдтой, цалдæр хатты фæкомкоммæ стæм. Мæ хъуыдытæ йæ алыварс кæй зилынц, æнæмæнг, чызг уый бафиппайдта: бахудт мæм. Бахудт мæм, æз бамбæрстон: ацы уысм куы ауадзон, йемæ куы нæ базонгæ уон, уæд мæ амондæй фенæхай дæн, уæд æй мæ фыны дæр нал фендзынæн. Бамбæрстон: мæ фынты куыд мадзура æмæ æфсæрмыгæнаг вæййын, афтæ куы уон, уæд уый мæ амонды сæфт у, цы ныфс, цы лæгдзинад мæм и, уый мæ кæд искæд бахъæудзæн, уæд ныр. Æмæ фезмæлыдтæн. Мæ къæхтæ цыма асфальтмæ писийæ ныхæст уыдысты – тыххæй сæ тыдтон, мæ фæдыл сæ ластон. Йæ цурмæ бацыдтæн æмæ загътон:

– Ма мæ фæтæрс...

Æрбакаст мæм, бахудт, ницы дзуры.

– Уый... уый ды дæ? – фæрсын æй.

– Цы?..

– О, уый ды дæ.

Мæ зæрдыл æрбалæууыд: йæ дæллагхъуыр хъуамæ уа чысыл сау стъæлф. Мæ фынты уыцы сау стъæлфмæ цал хатты фæкомкоммæ дæн. Чысыл, рæсугъд сау стъæлф. Æмæ... О ме скæнæг стыр Хуыцау, æз æвдисæн уыдтæн, зæххыл цы хъуыддаг нæма æрцыд, уымæн: чызджы дæллагхъуыр, æцæгдæр, сау рæсугъд чысыл стъæлф.

– Нæ дæ æмбарын, – æрбакаст та мæм чызг.

Йæ хъæлæс – мæ фынты цы хъæлæс хъуыстон, уый – сыгъдæг, фæлмæн, уæздан. Цæмæндæр, исты зæгъыны, мæ æлхъынцъ

хъуыдытæ райхалыны бæсты иуварс акъахдзæф кодтон æмæ чызгмæ уырдыгæй кастæн. Сонт каст. Æз, мæ фынты-иу æй куы федтон, уæддæр мын бæрæгбон уыд, æмæ ныр... Фемдзаст та стæм, æмæ уый бахудт, йæ цæстытæ мыл ацы хатт фылдæр афæстиат сты æмæ цыма арты астæумæ бахаудтæн, мæ мидбынат ссыгъдтæн. Цалынмæ чызг фезмæлыд, уæдмæ трамвай куыд æрбацыд, куыд æрлæууыд, уый нæ бафиппайдтон. Уый та куыд? Æмæ мæхи размæ аппæрстон. Бирæ адæм нæ цыд трамваймæ, адæм æзфæраздæронæй мидæмæ нæ лæгæрстой, кæрæдзийы сæрты нæ хаудысты, фæлæ мæм афтæ фæкаст, цыма уый тынг нылхъывтой, тынг зын ын у, æмæ адæмыл иуварс ахæцыдтæн:

– Сабырдæр.

Уый мæм ракаст.

– Ды?..

– Æз.

Трамвай адæмæй байдзаг, къух бакæнæн дзы нал и, зæгъгæ, уæддæр æз бабырыдаин, æдде ницы хуызы баззадаин. Уый мæм разылд:

– Æвæццæгæн дæ мæн хуызæн фесæфт! – æмæ та бахудт. Æз хъуыстон, дыууæ азы рæстæгæй-рæстæгмæ мæ фынты цы æхсызгон хъæлæс хъуыстон, уый.

– Æвæццæгæн, – загътон къæзгæ. Уымæн йæ цæстытæ ноджы фæрухсдæр сты.

– Æз дæу хорз зонын, – загътон æз.

– Мæн? – чызг сцымыдис.

– О. Дæу. Дыууæ азæй фылдæр дæ мæ фынты уынын.

Уый бахудт. Цæмæй йæ худт ма райхъуыса, уый тыххæй йæ армытъæпæн йæ былтыл авæрдта. Уæддæр куыд зæрдиагæй худт, уый æз хорз уыдтон: йæ цæстытыл Æрфæныфæдау бæрæг дардта.

– Дыууæ азы дæргъы æз дæу агуырдтон, – загътон æз. Фæстæдæр мæхæдæг мæхиуыл дисæй мардтæн: куыд ссардтон уыцы ныхæстæ, куыд мæ схаудысты? Ноджы уыцы ныфсджынæй.

– Æцæг? – æрбакаст та мæм чызг. Йæ цæстытæ мыл ацы хатт ноджы фылдæр афæстиат сты, хиондæр хуыз сын. Хиондæр нæ, фæлæ сæ æз банкъардтон цыдæр æууæнк, цыдæр æнахуыр хæстæгдзинад. Стыр æууæнк, цалдæр минуты размæ дæр ма йын æцæгæлон чи уыд, кæй нæ зыдта, уымæ. Уæд уыцы уысм бамбæрстон: мæ хъуыды æмæ мæ зондæй нæ, фæлæ

зæрдæйæ – мах ацы дунемæ фæзындыстæм кæрæдзи амондæн. Уæд банкъардтон: мах ацы дунейы кæрæдзийæ ничиуал фæхицæн кæндзæн, кæрæдзийæ нæ ничиуал атондзæн. Уæд мæ уынд æмæ мæ ныхас æддаг бакастæй уыдысты тынг ныфсджын, цыма тынг æнцонæй дзырдтон, ныхæстæй хъултæй хъазыдтæн, æцæгдзинадæй – мæ зæнгты зыр-зыр цыд, мæ буар рызт. Иу рæстæг фæтарстæн: чызг мæ куы бафиппайа, уæд худинаг. Уымæн æмæ æз лæууыдтæн мæ фидæны цардæмбалы фарсмæ. Йæ ном... Зыдтон æй: уымæн уыдзæн æнахуыр рæсугъд ном, ахæм ном, æрмæстдæр ууыл чи фидауа. Зæринæ. Кæмдæр мæ дæлæвзаг зылд. Сылгоймаджы нæмтты рæсугъддæр. Нæ! Æндæр ном ыл не сбадтаид.

Нæ фембæлды фæстæ æз зæххон адæймаг нал уыдтæн – маргъ. Диссаг, мæхи арвы хъæбысмæ куыд нæ систон æмæ горæты сæрты куыд нæ тахтæн. Æмæ чи загъта – нæ тахтæн? Тахтæн? Æз зыдтон: æнхъæлмæ мæм кæсы ног фембæлд. Мæ иууатон фатер мын фестад пылыстæгæй арæзт галуан, æхсæв-бонмæ дзы хуртæ æмæ мæйтæ хъазыдысты, стъалытæ дзы æрттывтой. Кæдæм-иу нæ акастæн – Зæринæ-иу рацæйцыд, йæ мидбылты худт, йæ урс фæлмæн æнгуылдзтæ-иу мыл ахаста. Куы мæ фарсмæ диваныл бадт, куы-иу рудзынджы цур лæууыд, куы-иу гæлæбуйы хуызæн мæ сæрмæ æрзылд. Æз уыцы æхсæв мæ цæстытæ кæрæдзиуыл не 'рæвæрдтон. Банкъардтон уæд та йæ цæстæнгасæй, разы у мемæ йæ цард баиу кæныныл. Уыцы уысм мæ дзаумæттæ акодтаин, ацыдаин æм, йæ къухыл ын ныххæцыдаин, æмæ мæйрухс горæт æнæхъæнæй дæр уыдаид мах.

Æмæ дзы уыцы ныхас фехъуыстон. Зыдтон æй: кæрæдзи тыххæй фæзындыстæм ацы дунемæ. Фæлæ мæ уæддæр нæ уырныдта æмæ йæм дзагъыр цæстæй кастæн, стæй мæ сæр йæ уæхскыл æруагътон æмæ æдзæмæй лæууыдтæн. Зæринæ мын йæ армытъæпæн мæ сæрыл ахаста, йе 'нгуылдзтæй мын мæ сæрыхилтæ фаста. Уый размæ дæр-мыл иу æмæ дыууæ хатты нæ узæлыд, хорз ын зыдтон йе 'нгуылдзты хъарм, йæ фæлмæн уырзты æхсызгон анымдзæвд, сæ æхсызгон фæд, фæлæ уæд мæ фынты.

Ныр та алцыдæр уыд æцæгдзинад! Уыцы мæйрухс изæр ныр дæр мемæ и, æдзухдæр ме 'мбæлццон у. Искæд мыл Зæринæимæ ахæм изæр скæндзæн, уый мæ нæ бауырныдтаид. Фæлæ мын уыди хорз æвдисæнтæ: сыгъзæрин мæй, стъалыты цæхæр,

ӕнӕкъӕм арв, Терк, цъӕхбазыр бӕлӕстӕ... Мах уыдыстӕм амондджын.

Иу бон нӕ хӕдзармӕ бакуывта, ӕмӕ йӕ рухсӕй нӕ хӕдзар нӕ, фӕлӕ ӕнӕхъӕн хъӕу дӕр ныррухс. Ӕз уаты баззадтӕн зӕххон адӕймагимӕ нӕ, фӕлӕ зӕдимӕ. Ӕмӕ тарстӕн, цыма цыдӕр уысм стӕхдзӕн ӕмӕ ӕрбайсӕфдзӕн, кӕнӕ, мыййаг, куыд ӕмбӕлы, афтӕ йӕм куы бавналон, ӕмӕ кӕркӕ-мӕркӕ авгын дзаума куы ӕрхауа, уӕд уый куыд базгъӕлӕнтӕ вӕййы, афтӕ куы базгъӕлӕнтӕ уа. Ӕмӕ Зӕринӕйы урс уӕхсчытыл мӕ уырзтӕ хастон хъавгӕ. Тарстӕн: цыдӕр ӕнӕууылд ныхас мӕ куы схауа, тарстӕн: мӕ ӕнӕджелбетт, гуымиры фӕзылд кӕнӕ бавнӕлдӕй йӕ мӕхицӕй куы ассонон.

Арӕх сагъӕсы ацӕуын: цы у уарзондзинад? Адӕймаджы рӕсугъддӕр, сыгъдӕгдӕр чи кӕны, ахӕм уӕлмонц ӕнкъарӕн ӕви ноджы бӕрзонддӕр, зӕгъӕн кӕмӕн нӕй, ахӕм цыдӕр, адӕймаджы Хуыцауы ӕмрӕнхъ чи кӕны, ахӕм ӕнахуыр цыдӕр. Цас ӕмӕ цас рӕстӕг агурын мӕ фарстӕн дзуапп, фӕлӕ дзӕгъӕлы. Нӕ йыл чингуыты хӕст кӕнын, нӕ – царды. Иу хъуыддаг хорз зонын: уый йӕ удыл чи нӕ бавзӕрста, уый кӕй зӕрдӕйы нӕ райгуырд, уый мӕгуыр у, тӕригъӕддаг, ӕлгъыст. Уый мӕм хус бӕласы хуызӕн кӕсы.

Ӕвӕццӕгӕн, царды арӕзт афтӕ у, ӕмӕ хъуамӕ амонд ӕмӕ ӕнамонддзинад фӕрсӕй-фӕрстӕм цӕуой уӕрдоны дыууӕ цалхау, кӕнӕ кӕрӕдзийы ивой. Зӕринӕимӕ фӕцардыстӕм ӕртӕ амондджын азы ӕмӕ дзы ӕз иу боныл дӕр фӕсмон нӕ кӕнын. Ныр дӕр ма уыцы бонты амонд мемӕ и, фӕлӕ, диссаг, Зӕринӕ мын мӕ зӕрдӕйы цы рис ныууагъта, уый дӕр ахӕм у – ӕгӕрон – нӕ дзӕбӕх кӕны.

Хъуыды кодтон: Зӕринӕ мыл йӕ зӕрдӕ никӕд сивдзӕн. Гуырысхо... Ӕмӕ йыл хъуамӕ цӕмӕн фӕгуырысхо уыдаин? Зул цӕстӕй мӕм никӕд ракаст, ӕцӕгӕлон нӕ, фӕлӕ мӕм уазал хъӕлӕсӕй дӕр никӕд сдзырдта, нӕ алы бон дӕр, нӕ алы изӕр дӕр – фыццаг хатт уаты иумӕ куы баззадыстӕм, уыцы бон, уыцы изӕры хуызӕн ӕмӕ-иу мӕм афтӕ каст, цыма фыццаг хатт сӕмбӕлдыстӕм.

О Хуыцау... Мӕ зӕрдӕ йӕ зӕгъын дӕр нӕ комы. Ӕртӕ азы дӕргъы, ӕртӕ ӕнӕхъӕн азы! Цалынмӕ рахицӕн стӕм, уӕдмӕ мыл Зӕринӕ цыд гадзрахатӕй!

Иу цалдӕр азы размӕ, ам, горӕты, мӕ зонгӕ лӕппуимӕ

бахаудтæн иу фатермæ. Хæрд, нозт, музыкæ æмæ мах – дыууæ лæппуйы æмæ нæ фысымтæ – дыууæ сылгоймаджы. Сæ иу мын, цы уыд, уымæй мæ зæрдыл лæууын кодта Зæринæйы. Æмæ йæ мæ цæстытæй сгæрстон, фыццаг æфсæрмыгæнгæ, аивæй, стæй, рæстæг куыд цыд, нозты уацары куыд хаудтæн, афтæ къæйныхдæрæй. Нæ! Комкоммæ йæм уый хуызæнæй ницы уыд, фæлæ цæмæндæр мæ зæрдæйыл æмбæлд. Цæмæн, уый фæстæдæр базыдтон: æвæццæгæн мын иу сылгоймаджы узæлд мæ зæрдыл лæууын кодта иннæ сылгоймаджы рæвдыд, цыфæнды алыхуызон уæнт, уæддæр сæ æрдзон сфæлдыст иу у.

Сылгоймаг, ай-гъай дæр – фысымтæй иу, мах йæ уазджытæ – йæхи хъуамæ сæрибар æнкъардтаид, фæлæ уый йæхи æнкъардта æнахуыр сæрибар, цыма кæрæдзийы сывæллоны бонтæй фæстæмæ зонæм, фыццаг хатт нæ сæмбæлдыстæм. Уыцы изæр уыд, Зæринæимæ æртæ азы дæргъы цы изæртæ арвыстон, уыдонæй иу. Иу рæстæг суанг мæ сæры ахæм хъуыды дæр февзæрд: цы æдылы дæн, мæхицæй моладзан сарæзтон, цæр афтæ æмæ... Мæ хъуыды кæронмæ нал ахæццæ, фескъуыд, æрæввонг дæн. Уæвгæ, уый размæ дæр æрвонг уыдтæн, фатеры къæсæрæй цы минут бахызтæн, уæдæй фæстæмæ мæ уæнгты æндзыг не ссыд. Мæхи фарстон: чи дæн? Ам кæйдæр фатеры цы ми кæнын? Сылгоймаг хæйрæджы мыггаг у, нæлгоймагæн йæ хъуыдытæ чиныджы кæсæгау кæсы, мæ фысым мæ бамбæрста æмæ худт. Æрдæгрухс уаты, фæлмæн музыкæйы зæлтимæ уыд донычызджы хуызæн. Йе ‘лвæст уæнгтæ музыкæйы зæлтимæ тасыдысты, йæ бæгънæг буарыл зынгхуыз рухс кафыд.

– Цы æдылы дæ. Цард дыууæ боны у æмæ цы ацæрай, уый дæхи. Дæ хуызæн нæлгоймаг, æмæ... – йæ ныхас кæронмæ нæ загъта, цыдæр хин худт бакодта, йæ цонг мæ бæрзæйыл æрбатыхст. Цыдæр уысм цавддурау аззадтæн, мæхицæй йæ ассыдтон. Цы ролы хъазын, уый бамбæрстон æмæ ма уæнгты уазал риз ацыд. Адæймаджы хуызы æз уыдтæн фосы бынаты, мæ фысым мæ уагъта йæ сылгоймаджы мондæгтæ, æмæ сыстадтæн, мæ дзаумæттæ æрбайстон.

– Цæугæ кæныс?..

Дзурын мæ нæ фæндыд. Мæ зæрдæйы æцæгдзинад куы сирвæза, уый тæссæй мæ пысултæ тагъд-тагъд акодтон. Дыууææртæ сахаты иумæ уæддæр арвыстам, æмæ мæ йæ бафхæрын нæ фæндыд.

– Хæрзæхсæв.

– Ныр æнафон у, макæдæмуал цу, – загъта сылгоймаг.

Мæхæдæг мæхицæн уыдтæн æнад, æнæуынон. Ныр дæр мæ хъуыды нæ аивтон. Уыцы цалдæр сахаты мæхи баивтон, мæхи ауæй кодтон. Æмæ цæуыл? Цыдæр рог монцтыл, фосы æнкъарæнтыл. Уæдæй фæстæмæ мæ цæсгом мæхи бар нал у.

Зæринæйыл дзырдтон. Искæд мыл гадзрахатæй рацæудзæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн. Æвæццæгæн, фыр амондджынæй ницыуал уыдтон, Зæринæйæ мæм дунейыл ницыуал зынд. Æндæр мæ фыды æфсымæры лæппу мæнæй æнæхъæн цыппар азы кæстæр, æмæ уый алцыдæр раджы куы базыдта. Мæ дуар мын цы стыр æнамонддзинад æрбахой-æрбахой кæны, уый мын фæсномыг æмæ дæлгоммæ ныхасæй æмбрын кодта, фæлæ йæм æз мæ хъус никæд æрдардтон, цæуыл дзуры, уымæн ницы æмбæрстон.

Иу изæр куыстæй æрбацæйцыдыстæм. Æваст мæ ныхмæ алæууыд, мæ уæхсчытæ мын ацахста æмæ цыма сонт фæци, афтæ мæ ныууыгъта:

– Куырм дæ æви цы?! – æмæ йæ зæгъинæгтæ иууылдæр скалдта: акæса, ме ‘фсин мыл гадзрахатæй цæуы.

– Нæ! Уымæн уæвæн нæй! – ныр та йын æз ацахстон йæ уæхсчытæ æмæ йæ ныууыгътон.

– Ис! Æз æй мæхи дыууæ цæстæй федтон!

Æмæ мын радзырдта. Зæринæ фыццаг æмбæлд иу афицеримæ – дæлбулкъон, ныр та буфеты хицауимæ. Уый, мæ фыды æфсымæры лæппу кæй зоны, уыдон... Куы-иу æрбайсæфт, куыиу арв ныннæрæгау мæ хъусты ныййазæлд. Йæ ныхас мæм хъуыст дард кæцæйдæр хъуысæгау. Мæ къух фæстæмæ куыд фæхастон, йæ уадул ын куыд никъкъæрцц кодтон, уымæн абон дæр ницы зонын.

Уый æдзæмæй лæууыд, каст мæм. Æдзæмæй лæууыдтæн æз дæр. Уый йæ сæр банкъуыста æмæ загъта:

– Тæригъæд дын кæнын, – æмæ фезмæлыд. Нæ фæндæгтæ фæсаджил сты.

Æз æмæ мæ хорз хæстæг кæрæдзийæ нæхи иуварс ластам, фæлæ иу ран кусгæйæ æнæ æмбæлгæ кæм и?! Иу бон лæппу згъорæгау мæ цурмæ æрбацыд, мæ цонгыл мын фæхæцыд, йæ цæстытæ цæхæры къæрттытау æрттывтой.

– Цом-ма мемæ.
– Кæдæм?
– Цом-ма, цом! Кæдæм, уый ныртæккæ базондзынæ! – æмæ мыл ахæцыд. Фыццаг нын цы рог машинæ баурæдта, уым абадтыстæм. Цыдæр кæй æрцыд, уый бамбæрстон, мæ зæрдæ мæ риуы ныддур. Нæ! Уымæн уæвæн нæй. Зæринæйы искæимæ мæхи цæстытæй куы фенон, уæддæр мæ нæ бауырндзæн. Цыдæр дызæрдыг хъуыды мæм кæй февзæрд, суанг уый дæр чъизидзинад у мæнырдыгæй, уый дæр æфхæрд у Зæринæйæн.
Уайтагъд горæтгæрон балæууыдыстæм. Терчы был бæлæсты ауунмæ фæзылдыстæм.
– Рахиз-ма...
Æмæ рахызтæн. Мæ фыды æфсымæры лæппу тагъд-тагъд мæ разæй фæраст. Иуæрдæм бауайы, аннæрдыгæй ракæсы, цыма сгарæг уыд. Иу лæппу æмæ чызгыл мæ къæхтæ фæцæйкъуырдтон æмæ бынтондæр дызæрдыджы азары бахаудтæн. Кæд Зæринæ дæр ам афтæ... Ахæм исты, уæд... Уæд цы, уымæн ницы зыдтон. Мæхи нал баурæдтон æмæ мæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодтон:
– Кæм сты?!
– Ам уыдысты. Мæхи цæстытæй сæ федтон.
– Цы дзурыс, уый зоныс?! – лæппуйы æфцæггот ацахстон æмæ йæ иуварс асхуыстон.
– Ам уыдысты, – къæзыд, йе ‘взаг суйтæ кодта, афтæмæй загъта мæ фыды æфсымæры лæппу. – Федтон сæ.
Æз ныххудтæн, фырцинæй мæ цæстытæ доны разылдысты. Ахæм æхсызгонæй сулæфыдтæн, æмæ йын зæгъæн нæй.
– Ды ничи дæ.
Мæ фыды æфсымæры лæппу æдзæмæй лæууыд, йæ цæсгом ныддур, ныссау, йæ уæхсчытæ æрхаудысты.
– Ды ницы дæ! – загътон ноджы хъæрдæрæй æмæ рацыдтæн.
Ницы федтон, ницæуыл дызæрдыг кодтон, фæлæ дызæрдыгдзинад зæрдæмæ йæхи æрбайваз-æрбайваз кодта. Мæ мидхъуыдыйы Зæринæйы лыстæг сасирæй луæрстон, алы хуызы дæр æм кастæн, алы хуызы дæр æй барстон, фæлæ йæм иу лаз нæ ардтон. Æмæ та-иу мæхи бафхæрдтон: сыгъдæг адæймагыл ахæм æнæууæнк хъуыдытæ цæмæн кæнын?
Иу изæр фæскуыст афæстиат стæм. Мыздисæн бон, но-джы, цы хæдзар сарæзтам, уымæй къамис раппæлыд. Абадынæн

æвæджиауы æфсон. Уæд нозтимæ афтæ лымæн нæма уыдтæн, æнæбары дыууæ-æртæ баназ æмæ сындзытыл бадæгау бад.

Нæ хистæр дыууæ æви æртæ гаджидауы куы рауагъта, уæд ныссабыр, алкæуыл дæр нæ йæ цæст ахаста. Йæ цæстæнгас мæныл афæстиат хæрз чысыл рæстæг, уай уысм æй иуварс аскъæфта, уынæргъæгау ныуулæфыд æмæ загъта:

– Йарæби, лæгтæ стæм æви нæ?

Иу стыф, иу сыпп никæмæй схауд. Ме 'мбæлттæ æдзæм дуртæ фестадысты. Æмæ бамбæрстон: ныхас комкоммæ мæнмæ арæзт у, мæнмæ хауы. Уымæй размæ дæр æнкъардтон: фæуазал мæм сты, цыма мæ сæхи иуварс ласынц.

Нæ хистæр та ныуулæфыд, ныууынæргъыдта, æрбакаст мæм, ацы хатт йæ цæстытæ иуварс нал аскъæфта, ныссагъдысты мæ, рæхуыстой мæ, æмæ æз мæ сæр æруагътон.

– Хорз адæймаг дæ, чи зоны, æгæр хорз æмæ... æмæ, – лæг ныссуйтæ. Æваст йе уæхсчытæ сраст кодта. – Лæгтæ стæм æви нæ? Дæ ус... дæ ус дæ фæхынджылæг кодта.

Ме 'мбæлттæ, цыма уыцы ныхасмæ æнхъæлмæ кастысты.

Срæдывтой. Сæ ныхæстæ мыл æхсидæвты хуызæн хаудысты:

– Куырм дæ æви цы?

– Ды лæг нæ дæ.

– Фæхудинаг дæ.

Æз æдзæмæй бадтæн, мæ быны зæхх æнкъуысыд, тасыд, доны уылæнау-иу куы иуæрдæм ассæста, куы иннæрдæм. Ме 'мбæлтты ныхæстæ мæм нал хъуыстысты. Æваст, нæ фынг – фætæн дыууæ метры дæргъæн фæйнæгыл фæхæцыдтæн æмæ йæ иуварс аппæрстон æмæ мæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодтон:

– Кæй уæ цы хъуыддаг и?!

Уыдон цавддуртæ фестадысты. Ногæй та мæ хъæлæс ныццарыдта:

– Æз уæ искæй бинонты кой кæнын?!

Нæ фатеры дуарыл бахæцыдтæн зырзыргæнгæ. Зæринæ... Бахудт мæм, йæ фæлмæн цæстытæ мыл узæлгæ ахаста.

– Цыдæр кæныс, – фæджихау, йæ сæр ме уæхскыл æруагъта.

– Н-н-ицы... – æмæ æз чысыл сывæллоны хуызæн скуыдтон. Мæ хъæлæсыдзаг. Æнæфсæрмæй. Скуыдта уый дæр, йæ цæнгтæ мыл æрбатыхстысты. Афтæ цас алæууыдыстæм – нæ зонын.

Диваныл сбадтыстæм. Зæринæ мын мæ сæр йæ хъæбысы бакодта æмæ мын мæ ныхыл, мæ рустыл, мæ дæллагхъуырыл йе

‘нгуылдзтæ хаста. Йæ узæлды æдзухдæр, уæлдайдæр та уæд – цыдæр æгæрон тых уыд æмæ та ме ‘рдзон гаччы бацыдтæн, мæ зæрдæ йæ сонт тæлфтæй æрсабыр. Æмæ... Æмæ Зæринæйæн хабар радзырдтон сæрæй бынмæ, кæрæй-кæронмæ. Мæ фыды æфсымæры лæппу æмæ ме ‘мбæлттæй цыдæриддæр фехъуыстон, уыдон. Æз дæр æмæ уый дæр хъуамæ кæрæдзийæ нæ зæгъинæгтæ цæмæн æмбæхсæм? Уый мæм каст, куы-иу кæдæмдæр аджих, куы-иу йæ сæр банкъуыста, ныуулæфыд-иу, йæ цæстытæ-иу æнахуыр æрттывд фæкодтой, цыма скæуынмæ хъавы, афтæ.

– Уыцы ныхæстæй иу дæр раст нæу, æз сыл не ‘ууæндын, – загътон æз.

Уый мадзурайæ бадт, йæ кæуын тыххæй урæдта. Æрбакаст мæм. Уыцы цæстытæ... иннæрдæм мæ хызтысты, фæдисхъæр кодтой: уыдон мæнг ныхæстæ сты, куыд сыл æууæндыс?!

Куыд тынг æй бафхæрдтон, уый йæ цæстæнгасæй хорз банкъардтон. Раст, сыгъдæг адæймагыл æнæууæнк кæн, уымæй ма чъизидæр хъуыддаг цы уа? Æмæ загътон:

– Бафхæрдтон дæ æмæ бахатыр кæн. Дзурын мæ ницы хъуыд.

Уый сыстад, рудзынджы цурмæ бацыд æмæ æддæмæ, кæдæмдæр дзагъыр цæстæй каст, не змæлыд. Сыстадтæн æз дæр, йæ цурмæ бацыдтæн, мæхимæ йæ разылдтон. Зæринæ куыдта, къуыбар урс цæссыгтæ йæ рустыл уадысты. Йæхи мыл æрбаппæрста, йæ ныхас йæ хъуыры бадт, афтæмæй мæ бафарста:

– Ды... ды, уæддæр дæхæдæг куыд хъуыды кæныс?

– Æз?.. Æмæ хъуамæ куыд хъуыды кæнон? Уыцы ныхæстæй иу дæр раст нæу. Хæлæг нæм кæнынц æмæ...

– Дæ хуызæн адæймаг ацы зæххыл нæма райгуырд, – æмæ Зæринæйы цæссыгтæ ноджы тынгдæр æрызгъæлдысты. Раст, сыгъдæгзæрдæйы удхайраг цæссыгтæ. Æмæ ахъуыды кодтон: мæнæ йæ зонгæ-зонын хъизæмарæй куыд марын. Адæмы æвзаг дур дæр фехалдзæн. Лидзын, лидзын хъæуы ардыгæй. Æмæ загътон:

– Цæй æмæ ардыгæй ацæуæм.

Уый ницы дзырдта, æрæджиау загъта:

– Исты хæринаг акæнон, – æмæ цæлгæнæнмæ ахызт.

Хæрзаг мæ стыхстæ. Цæмæн дæ хъæуынц мæ царды хабæрттæ, фæлæ уæддæр... Мæ зæрдæйы зæгъинæгтæ фæкъæртт сты æмæ сæхæдæг ивылынц.

Дæ зæрдæйæн зынаргъ, уарзон адæймаджы зын уын æмæ йын дæ бон æххуыс кæнын мацы уæд, цымæ уымæй зындæр исты ис?

Зæринæ кæд цыфæнды уыди, адæймаджы ном худинаггæнæг, уæддæр ацы дунемæ мæн тыххæй фæзынд. Куы ахицæн стæм, ууыл цал азы рацыд æмæ ма уæддæр мæ уды цæры, мысын æй. Æндæр сылгоймагимæ мæ цард нал бабастон, ничи мæ 'ндавы. Зæринæимæ æнхъæлæй æндæр адæймагимæ цæрон, уый мæ нæ фæнды, æппынфæстаг, уый чъизидзинад у, хиуыл гадзрахатæй рацæуæгау.

Зæринæ къуыбар цæссыгæй куы куыдта, ууыл нымадæй рацыд дыууæ къуырийы. Æнхъæлдтон, нæ цард та йæ гаччы сбадт. Иу изæр дуар бакодтон, Зæринæ мæ размæ нæ рауад, йæ фæлмæн, узæлгæ хъæлæс мæм нæ райхъуыст: «Æрбахæццæ дæ?»

Фатер – æдзæм сабыр, æмæ зæрдæ куыддæр ныккæрзыдта, мæ алыварс банкъардтон цыдæр сусæг тас. Стъолыл гæххæтты гæбазмæ фæкомкоммæ дæн, фæлæбурдтон æм æмæ тагъд-тагъд акастæн: «Æз цæуын. Бахатыр кæн. Нал дæ сайын. Зæринæ».

Уынджы смидæг дæн. Фæстаг рæстæг мæхимидæг цы хъуыдыйæ тарстæн, уый æрцыд, фæлæ мæ нæма уырныдта. Æмæ уынгты зылдтæн, проспекты цалдæр хатты дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр ацыдтæн, парчы иу къуым, иу гæбаз æнæсгæрст нал ныууагътон.

Мæ уазал, афтид фатермæ æрбаздæхтæн æмбисæхсæв æмæ диваныл æд дзаумæттæ ныххаудтæн. Афтæ бафæлладтæн, æмæ мæм ме 'нгуылдз фезмæлын дæр нæ цыд, æнхъæлдтон: уайтагъд афынæй уыдзынæн, фæлæ куыннæ!

Иу рæстæджы цыдæр уынæр мæ хъус ацахста æмæ фестъæлфыдтæн, мæ къæхтыл алæууыдтæн: Зæринæ фæстæмæ раздæхт, фæфæсмон кодта. Нæ! Мæхи сайдтон. Йæ дæгъæл... уый дæр ныууагъта, стъолыл. Дуар агуыпп кодта æмæ ацыд. Диваныл та ныххаудтæн. Мæ сæры февзæрд: цæй æмæ хорз бануазон, фæлæ цæлгæнæнмæ ацу æмæ уазалгæнæнæй авг райс, уый хъару мæм нæ уыд, мæрдон зивæг мыл бахæцыд.

Цалдæр боны куыстмæ ацæуынхъом нæ уыдтæн. Диваны рабад æмæ та фæстæмæ адæргъ у, кæнæ – креслæйы ныххау. Ничи мæ хъуыд, иу адæймаджы фенын дæр мæ нæ фæндыд, цыма, мæ цард кæй ныссуйтæ, уым адæмы аххос уыд.

Суанг, цыфæнды æнæфсæрм адæймагмæ дæр цыдæр æфсæрм

ма уа, уымæн уæвæн нæй æмæ йыл кæд йе 'фсарм фæуæлахиз. Адæймаджы адæймагдзинады æнкъарæнтæ йыл фæуæлахиз сты æмæ йæ уынаффæ уыдонæй райгуырд. Æмæ-гъа, æмæ-гъа. Мин æмæ мин фарстайы. Цыфæнды дæр фæуæд. Алы адæймаджы царды дæр хъуамæ уа цъæх уалдзæг, æмæ æз амондджын дæн, уыцы уалдзæг уыд мæ царды.

Институтæй куы фæхауæггаг дæн, ууыл цал æмæ цал азы рацыд. Æмæ уæдæй нырмæ демæ бæстон фæныхас кæн, уымæ бæллыдтæн. Мæнæ афтæ лæгæй-лæгмæ, дæ цæстытæ дын куыд уынон, афтæ. Цымæ дæхимæ ницы азым æрхæссис? Фæсмоны æнкъарæн дын дæ зæрдæмæ нæ фæныхилид?

Уый æнхъæл кæд уыдтæн, æмæ институтæй афтæ рахаудзынæн. Худинаг æмæ чъизицæсгомæй.

Æртыккаг курсы студент. Лæппуйы кары хуызд дæр азтæ. Фæндтæ... фæндтæ... ивылдысты, иу дзы иннæйы æййæфта. Мæхи-иу куы колхозы сæйраг агрономæй федтон, куы-иу колхозы сæрдар фестадтæн, суанг æнæхъæн районæн дæр разамынд лæвæрдтон.

Мæ сæйрагдæр бæллиц цы уыд? Хъæууон адæймагæй фæстæмæ хъæууон адæймаг саразын, хъæууон адæймаджы фæстæмæ зæхмæ раздахын. Афтæ æнхъæлыс æмæ, хъæуы чи цæры, уыдон се 'ппæт хъæууон адæм сты? О, куыд нæ! Бирæтæ дзы нæ хъæууон адæм нал сты, нæ горæтæгтæ, сæ уд, сæ психологи, сæ зондахаст хъæуæй горæты æхсæн ныддзæгъæлтæ, ныссуйтæ. Хъæууон адæймагæн йæ уидæгтæ зæххы арф ацæуынц, туг æм уырдыгæй цæуы, æнæ зæхх йæ цард цард нæу. Æмæ нæ бирæтæ уырдыгæй фæиртæстысты. Хъыгагæн, ахæм адæмæй йедзаг у зæхх.

Иу бон нæ комсорг удаистæй мæ цуры алæууыд:

– Факулдьтеты бюромæ дæм дзурынц.

– Бюромæ?..

Цæмæ мæм дзурынц? Цы мæ кæнынц? Цалынмæ дæумæ цыдтæн, уæдмæ мæхи цалдæр сасирæй балуæрстон. Кæд, цы не 'мбæлы, ахæм исты ракодтон? Уæдæ æвзæр дæр нæ ахуыр кæнын, мæ фылдæр бæрæггæнæнтæ «цыппартæ» æмæ «фондзтæ». Тырысахæссæг никæд уыдтæн, фæлæ иумæйаг хъуыддагæй мæхи никæд фæтылиф кодтон.

Декан, ды æмæ бюройы уæнгтæ хъуыддагхуызæй бадтыстут. Иууылдæр мæстджын, тарæрфыг, цыма дунейы уæз уæ уæхсчытыл æрæнцад. Æмæ къæсæрæй уатмæ куыд бахызтæн, афтæ

лæугæйæ баззадтæн, бамбæрстон: цыдæр бæллæх, цыдæр æвирхъау хъуыддаг мæм æнхъæлмæ кæсы. Дæ цæстытæ мыл цалдæр хатты сæрæй къæхтæм æрхастай, ракæнонхуызæй мæ сгæрстой, иннæрдæм мæ хызтысты, дыууæ цæсты нæ, фæлæ дыууæ хъамайы. Дæ сæр банкъуыстай, ныуулæфыдтæ æмæ загътай:

– Цæмæ ныхъхъус стут?

Уæдмæ, цыппæрæм курсы студенттæ – Сослан æмæ Вале-ри уым сты, уый нæ бафиппайдтон. Кастæ уыдонмæ, дæ ны-хас комкоммæ арæзт уыд дыууæ лæппумæ.

Валерийы цæстæнгас мыл андзæвыд, йæхимидæг куыддæр бахъынцъым кодта æмæ къуыхцы æмæ зивæггæнгæ загъта:

– Æндæрæбон мын нæхицæй æхца сæрвыстой, фынддæс туманы палтойæн æмæ...

– Æмæ?.. Дзур, дзур, – загътай ды.

Ныр дæр ма йæ хорз хъуыды кæнын, бæлвырдæй афтæ загътай.

– Квитанци дæр æм и, – бафтыдтай дæ ныхасмæ – мæнæ и, – загътай ды æмæ гæххæтты гæбазыл тырыса сисæгау бæрзонд схæцыдтæ, батылдтай йæ.

– Нæ сайы, – ныхас йæхимæ айста Сослан, – шифанеры сæ йæ пиджачы дзыппы мæ цуры нывæрдта.

Æз фестъæлфыдтæн. Цæмæ мæм фæдзырдтой, уый бамбæрстон.

– Æмæ, ома æз...

– Ды. Байхъус уал... – дæ хъæлæс карды æрцæфау цæхгæр, ныфсджын, фидар. Ныр дæр ма уыцы æфсæйнаг хъæлæс мæ хъусты зæлы.

Сослан мæм разылд.

– Дысон нæ уатæй рацæйуадтæ ды, æндæр дзы ничи уыд.

– Æз? – æндæр мæ бон дзурын ницуал баци. Мæ мидбынаты ныддур дæн. Æцæгдæр, дысон сæ уатмæ бауадтæн, цæмæн, уымæн ницы зонын, афтæ æнæуи, æмдзæрæны адæй-маг йе ‘мбæлтты, йæ зонгæты уатмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ бауайы. Ничи дзы уыд, æмæ фæстæмæ фæзылдтæн. Суанг ма уый дæр бахъуыды кодтон: стъолыл цалдæр фæткъуыйы, æмæ дзы иу систон, сæ уатæй рацыдтæн, уыцы фæткъуы хæргæ.

Мæ ныхасмæ мын кæронмæ байхъуыстай æмæ дыл кæд ис-куы стыр хорздзинад æрцыд, уæд уыцы бон, уыцы минут. Æхсызгонæй сулæфыдтæ, дæ цин нал æмбæхстай æви йæ дæ

бон бамбæхсын нал уыд – дæхæдæг дæхицæн æвдисæн, дæ цæсгом хур фестад. Æмæ ай-гъай дæр, ды – факультеты фæскомцæдисонты раздзæуæг, зæххон адæмы растдæр æмæ сыгъдæгдæр – æрцахстай давæджы.

– Æз ницы зонын, æз ницы адавтон, – загътон æз.

Сыстадтæ æмæ загътай:

– Æхца ды кæй адавтай, уый иуæн дæр гуырысхойаг нæу. Тæккæ абон ын сæ бафид.

– Æз ницы адавтон æмæ капекк дæр никæмæн бафиддзынæн, – загътон æз.

Ды загътай:

– Милицæмæ фæдзурын хъæуы.

Декан:

– Уый нæ куы райхъуыса!

Æз:

– Æз ницы адавтон.

Ды:

– Ахæмæн фæскомцæдисы æмæ институты бынат нæй.

Æз:

– Кæй ницы адавтон, уый уæ æцæгæй дæр нæ уырны? Ме 'мбалы дзыпмæ хъуамæ куыд ныббырон? Уымæн уæвæн куыд ис?

Ды:

– Мах дæр ууыл дис кæнæм. Де 'мбалы мæгуыр капеччытæ адав!

Æз:

– Чи, фæлæ мæ ды та нæ зоныс?

Ды бахудтæ:

– Хорз дæ зонын, æмæ бæллæх дæр уый у. Мæ сыхаг, мæ хъæуккаг, ме 'мкъласон, æмæ... фæхудинаг мæ кодтай, фæчъизидзæсгом мæ кодтай.

Декан:

– Раст зæгъыс.

Æз:

– Æз дæу фæхудинаг кодтон?

Ды сыстадтæ:

– Уæдæ кæд æнæ дзургæ нал и, уæд... – æмæ дæ къæхты бынæй ныуулæфыдтæ. – Фыццаг хатт ын нæу. Скъолайы дæр йæ къухтæ нæ урæдта. Фарæстæм къласы не 'мбæлттæй иумæ уыд сыгъзæрин пъеро Китайы конд ручкæ. Иу рæстæджы йæ

Хуыцау йæхимæ фæхаста. Кæм æй нæ фæагуырдтам, къласы иу къуым, иу хуынкъ æнæсгæрст нал ныууагътам, иууылдæр нæ хызынтæ скалдтам. Нæй! Ручкæ уæддæр на разынд, зæххы скъуыды ныххаудта. Фæлæ, Царциаты диссæгтæ: иннæ урочы фæстæ разынд. Æмæ кæм? Пецы цур сугты 'хсæн. Куыд? Цы хуызы? Куыд февзæрд уым? Æмæ йæ чи ссардта? Мæнæ нæ абоны «хъæбатыр». Дæс æмæ ссæдз лæппу æмæ чызгæй иуы сæр дæр не 'рцахста сугты 'хсæн ручкæ бацагурын, фæлæ мæнæ ай...

Мæхи ма дæм бæргæ тыдтон, фæлæ цалдæр лæппуйы къухæй куыд нæ раирвæздзынæ! Æвæццæгæн, мæ цæф хорз тыхджын уыд, раст йæ нысаныл сæмбæлд. Фæгуыбыр дæ, дæ къухтæй дæ цæсгом амбæрзтай, де 'нгуылдзты æхсæнæй туг рахъардта. Рæсугъд, сырх æртæхтæ æрызгъæлдысты. Чидæр дон раскъæфта, чидæр йæ къухмæрзæн фелвæста. Туджы æртахимæ пъолмæ æрхауд дæ дæндæгтæй иу. Æмæ æз сулæфыдтæн, мæныл æрцыд стыр циндзинад, стыр æхсызгон хъуыддаг!..

Хъæууонхæдзарадон институты студент цалдæр боны фæстæ ссис арæзтады кусæг, йæ студенты дарæс раивта аразæджы дарæсæй.

Арæх фæхъуыды кæнын: тæрхондонмæ мыл куыд нæ балæвæрдтай?! Ахæм æнæниз, урс дзæнхъайы хуызæн дæндаг дæ фæхъæуæд. Уæвгæ, къуыри дæр нæ рацыд, афтæ йæ сыгъзæрин дæндагæй раивтай.

Дыууæ азы фæстæ та ногæй институты цур æрлæууыдтæн. Бæгуы лæгау мæ гæххæттытæ къамисмæ балæвæрдтон. Ау, лæгмарæджы дæр ма куы сраст кæнынц, æз та... Нæ! Æз цы фыдракæнд ракодтон, уымæн ферохгæнæн нæ уыд. Къамисы сæрдар мæм скаст æмæ цымыдисæй загъта:

– Æмæ дын тæрхонгонд не 'рцыд?

Йæ хъуыды йын хорз бамбæрстон: мæнæн мæ бынат институты нæ, фæлæ ахæстоны ис.

Уæлдай хъыг мын не скъолайы хабар уыд. Уый та куыд? Нæ мæ уырныдта. Адæмы цæст уынаг у, адæмæй ницы басусæг кæндзынæ. Æмæ уæд кæронмæ скарстон: цыфæнды дæр уæд, демæ мын æнæ сæмбæлгæ нæй.

Æртынæм азты кулак чи æрцыд, уыдон сраст кодтой, цыма уыцы хъуыддаг рæдыд уыди. Æмæ, чи зоны, рæдыд уыд: æнæ аххосæй иу æмæ дыууæ адæймаджы фесæфт? Æнæ аххосæй иу æмæ дыууæ бинонтæ бабын сты? Фæлæ дзы адæмы фæллойæ

чи цард, адæмы фæллойæ мæсгуытæ чи самадта, цымæ, ахæмтæ нæ уыд? Мах диссаджы адæм стæм: куы иуæрдæм агуылф кæнæм, куы иннæрдæм, астæуккаг фæндаг никæдма равзæрстам. Не скъола кæй уыд, уыдон чи уыдысты? Дæргъæй-дæргъмæ дыуæуæладзыгон хæдзар, фараст уаты, йæ бын цы ахаста, уый – пъадвал. Сара – бæх хъазæн, дугъ дзы уадз. Цæхæрадон – гектарæй дæр фылдæр. Хæдзарæн йе ‘ддаг бакаст дæр бирæйы аргъ – сырх дурæй рæсугъд нывæфтыдтæ, æрмдæсныты удвæллой.

Æвдайæм азты скъола ныхгæдтой: чи ма дзы ахуыр кæна? Хъæу баихсыд. Кæмæдæртæм гæсгæ раст уынаффæ, мæнмæ гæсгæ та – æнæсæрфат. Дæ цæсгоммæ дын кæсын æмæ цыма уыцы хабæрттæн æппындæр ницы зоныс, ахæм хуыз дын ис. Афтæмæй дирижер ды уыдтæ. Дæсны, арæхстджын дирижер. Скъола дæ фæндонæй æхгæд кæй æрцыд, ууыл раздæр дызæрдыггæнджытæ уыд, фæлæ ныр...

Уыцы хæдзар никæйуал хъуыд, нæ – ахуырады, нæ – культурæйы, нæ – колхозы, нæ – хъæусоветы. Исты амалæй ма дзы куы фервæзиккой, исчи йæ куы балхæнид æмæ... Æрмæст уыцы хабар, цалынмæ хæдзар уæй æрцыд, уæдмæ ничи зыдта, æрмæст дæр иу адæймаг – дæ фыды æфсымæры лæппу. Мæгуыр, цы фæуа, уый йын нæй æмæ... Алцыдæр закъонмæ гæсгæ, иу сым дæр йæ бон никæмæн у. Чи хъуамæ цы зæгъа? Хæдзар гæххæттытæм гæсгæ – дæ фыды æфсымæры, æцæгдзинадæй та – дæу. Цалдæр хатты дæ хæдтулгæ иуварс куыд ныууагътай æмæ ауыоны хуызæн хæдзармæ куыд бацыдтæ, ауыоны хуызæн дзы куыд зылдтæ, уый фендæуыд. Йæ цармæ йын схызтæ, пъадвалы алы къуым дæр басгæрстай. Ахæм сыгъзæрин кæсаг хъуамæ дæ къухæй куыд ауадзай. Æнæхъæн галуан, зæдты бынат. Ноджы паддзахадон аргъæй. Хæрз аслам, цыдæр капеччытæ.

Хæдзар уæййаг у, уый, цалынмæ гæххæттытæ арæзт æрцыдысты, уæдмæ цæуыннæ исчи базыдта? Уыцы хабар æппæты фыццаг дæ фыды æфсымæры лæппу цæмæн фехъуыста? Æндæр исчи йæ нæ балхæдтаид? Чи зоны, рæдийын, æмæ, бæргæ, бæргæ, куы рæдийин, уæд хорз уаид, фæлæ мæм афтæ кæсы: уыцы хæдзар цæмæй дæ къухы бафта, уыцы нысан дæ размæ раджы сæвæрдтай. Ды тагъд никæд фæкæныс: дæ нысанмæ цыдтæ сабыргай, къахдзæфгай нæ, фæлæ уыдисныгай. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй скъола дæ фæндонæй æхгæд æрцыд.

Сывæллæттæ… Уыдон цы? Ахуырдзаутæ фаг куы нæ уа, уæд

скъола æнцон дарæн у? Ууыл чысыл хардз и? Паддзахады æхца хъуамæ дзæгъæл сæфт кæна? Æмæ æнахъом сабитæ сыхаг хъæуы скъоламæ æхсæз-авд километры сæумæдæвдæгæй талынджы араст вæййынц! Уæдæ цы кæной? Æмæ зæрдæ ныккæрзы. Хур уа, къæвда уа, уалдзæг уа, фæззæг уа, тымыгъ уа, мигъ уа – алы бон дæр скъоламæ. Иу бон дыл сæ тæригъæд ма æртыхса, уый мæ нæ уырны. Ныр дын мæ хъуыды æргомдæр зæгъон: ды дæ фыдгæнæг, æрмæст дæ алы фыдми дæр закъонмæ гæсгæ у, æмæ æппæты стырдæр бæллæх уый у, къух бакæнæн дæм нæй. Ис! Мæнæ мæ ныхас. Ис ма æндæр закъонтæ: цæсгом, æфсарм, æгъдау, фарн – ды дæ цъыф къæхтæй кæуыл бацыдтæ, мисхалмæ дæр кæй не 'рдардтай, нæ адæмы уыцы æвæджиауы миниуджытæ.

Ды никæд фæрæдыдтæ, æрмæст ныр раст хатдзæгтæ не скодтай. Фæстаг æртæ-цыппар азы нæ сывæллæтты нымæц, мах куы ахуыр кодтам, уыцы мæгуыр, фыдазты скъолайы цал адæймаджы уыд, уымæй дзæвгар фæфылдæр сты, æнæхъæн æвддæсссæдз адæймаджы фылдæр. Æмæ уæд скъола хъуыд, йæ ныхгæнын иу адæймаджы сæрмæ дæр никæд æрцыд. Æмæ ныр, паддзахад дзæвгар куы фæхъæздыгдæр, адæм сæ ас куы ссардтой, уæд уыцы скъола хъæуы æви нæ хъæуы? Хъæуы! Æндæр дзуапп дын иу адæймаг дæр нæ ратдзæн. Мæскуымæ писмо ныффыстон, æмæ рæстдзинад йæ гаччы сбаддзæн. Кæс-ма-иу, рæстдзинадæн сæфæн нæй. Рæстдзинад...

Уазæджы ныхас фескъуыд. Йæ цæстытæ дзагъырæй баззадысты. Йæ фысым... Цы фæци йæ фысым? Абондæргъы кæимæ дзуры? Ам уыд. Мæнæ ацы ран. Уæртæ фæлмæн къæлæтджыны æнцад бадт. Ам уыд. Кæд ыл йæ цæстытæ тартæ кæнынц? Æмæ лæг сыстад, йæ зæнгтæ йæ быны цудынц, стъолы æнцæйтты стъолы кæронмæ бацыд, къæлæтджыныл йæ къухтæ æрхаста, сгары йæ. Афтид у. Царциаты диссæгтæ, кæд адæмы нæ, фæлæ хæйрæджыты æхсæн цæры. Йæ тарст хъоппæг цæстытæ уаты къуымты тарст зылд æркодтой. Цы фæци йæ фысым? Кæм æрбадæлзæхх? Æви уаты йæ ауuон уыд æмæ æрбайсæфт.

Нæй! Лæг нал и. Ам уыд. Гæххæттытæм-иу æркаст, куы-иу сыл иуварс ахæцыд, куы-иу сæ йæхимæ хæстæгдæр æрбакодта, йæ мидбынаты-иу базмæлыд.

Уазæг фезмæлыд, хъуызæгау къæлæтджыны алыварс æрзылд, йæ къухтæ та йыл ахаста, йе 'нгуылдзтæ фæлмæн хъæдабæ хъуы-

мацыл андзæвыдысты. Лæг стъолы бынмæ бакаст, йæ цæстытæ ныдздзагъыр сты. Уæддæр йæ кæддæры сыхаг цы фæци? Кæд къæлæтджыны йæхи бæсты йæ ауuон бадт.

Чи никуыма æрцыд, ахæм диссаг. Лæг фезмæлыд. Абондæргъы ныхас кодта ауuонимæ, адæймаджы æндæргимæ. Кæд... Кæд йæ зонд фæдзæгъæл? Нæ. Мæнæ кабинетмæ бацæуæн уат, стъолыл – мыхуыргæнæн машинкæ. Æмæ йæ хицау, къуырддзыкку, æрыгон сылгоймаг цы фæци? Уæртæ æрбацæуы. Кæд уый дæр йæхæдæг нæу, фæлæ йæ ауuон у. Æмæ адæймаджы хæд хуызæн у. Цы тызмæг тар цæстытæ йын и. Æмæ цы йæ зæрдæмæ нæ цæуы?

– Ам ма дæ?

– Ам.

Сылгоймаг-ауuон йæ мидбылты бахудт. Тых худт. Сæрыстыр худт. Йæ хъæлæс – адæймаджы хъæлæс. Йæ был акъуырдта, йæ цæсгом та фæтар.

– Æмæ хи-и...

– Бамбæрстон дæ. Хицау сихор кæнынмæ ацыд, абон куыстмæ нал фæзындзæн.

– Æмæ ра-а...

– Раджы ацыд, сахаты бæрц ыл цæудзæн.

Лæг фезмæлыд. Æмæ йæ фысым куыд сыстад? Куыд ацыд? Диссаг, уый куыд нæ бафиппайдта? Æвæццæгæн, афынæй, йе та, æвæццæгæн, йæ ныхасы афтæ аныгъуылд, æмæ... Лæг фезмæлыд, цы æвзæр асинтæ сты: фæцуды, куы нæ ахауид, йæ зæнгтæ фæдыдагъ вæййынц. Уынгмæ ма куы аирвæзид! Цы тæвд у, æнуд тæвд...

*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

# НÆЙ НÆРТОН ФÆТК
# ÆМÆ УАГ

* * *

**Æй-джиди, уды рыст зарæджы равдис,**
**Фæлæ дзырды уаз фарн уыйбæрц кæм и!..**
**Зæрдæйы, хаст къæсау, цины мур нал ис,**
**Уарзты рæсугъд рæстæг, бонау, фæци.**

**Амонд – дæлимон зин, цу ‘мæ йæ бамбар.**
**Уайтагъд, дыдзы хурау, афардæг цард.**
**Фестад фæлитой дуг сайæндон – базар,**
**Дары рæстдзинадмæ сусæгæй кард.**

**Судзынц къæцæлтау лæджы фæндтæ арты.**
**Фарны кой хицæуттæм мисхалбæрц нæй.**
**Рухстауæг уаз хъуыды фесæфти царды.**
**Мулкмæ лæбуры дымысдæр зыдæй.**

**Фидар ныфсы мæсыг дургай ныккалдис.**
**Цинхæсс бæллицтыл фæуæлахиз хин.**
**Æй-джиди, уды рыст зарæджы равдис,**
**Фæлæ дзырды уаз фарн уыйбæрц кæм и!..**

* * *

**Фæлæуу-ма иуцъус, митбазыр хъызт дымгæ,**
**Кæдæм ыссоныс былгæронæй мæн?**
**Мæ зæрдæ Десы[1] хаст уындæй ысуынгæг,**
**Ныддур мæ уды рухс хуры тæмæн.**

**Ныззауууат Дес, хъæу ысхонæн ын нал и,**
**Йæ уазал къæсты нал баззад цæрæг.**
**Ам халæттæ, хæлынбыттыртæ ‘рцарди,**
**Йæ нарæг уынгтæй ницуал ис бæрæг.**

[1] Дес – хъæу Тырсыгомы.

Хъæууат куы у, цы ма йын ис дæ зæрды,
Цы йыл кæныс бæрзонд рагъæй æхситт?
Тæхыс мæстыйæ абухгæ йæ сæрты,
Ивылд дæттыл æм нал ныууагътай хид.

Æмæ гыццыл фæсабыр у, хъызт дымгæ,
Фæкæуын бауадз хæлд къонатыл мæн.
Мæ зæрдæ Десы хаст уындæй ысуынгæг,
Ныддур мæ уды рухс хуры тæмæн...

## НЫРЫККОН КУЫВДЫ

*Куывды-иу рæстытæ чи нæ дзырдта, уымæ Нарты Уацамонгæ йæхигъдауæй хæстæг нæ цыди.*

Æнкъард ам бадты иу уазæг дæр нæй.
Лæугæйæ кувынц хистæртæ хъæрæй.

Хæрд, нозтæй тасы сау зæхмæ сæ фынг.
Цыдæр кафт хъазты къахфындзтыл ыстынг.

Уæлæрвтæм хъуысы дзолгъо ныхас, зард.
Кæсы сæм адджын, амондджын сæ цард.

Кæнынц цæуылдæр расыг лæгтæ цин,
Цыма сын дуг ыстыр хæрзтæ фæци.

Æмæ куыннæ! Ис алцыппæт дæр фаг.
Æрмæст дзы нæй нæртон фæтк æмæ уаг.

Сæ фынгыл Нарты Уацамонгæ-къус,
Йæ былтæм дзагæй, цавддурау, ныхъхъус,

Нæ цæуы кувæг, дзурæгмæ хæстæг,
Цыма йын нæй ызмæлынæн рæстæг.

Æваст ыл чидæр бакъуырдта йæ цонг.
Ныккалди фынгыл уаз æлутон-ронг...

* * *

Мæ хæдзар судзы, хус мæкъуылау, арты,
Нæу арт хуыссынæн мур хъомыс мæ бон.
Æрцыдис мыл хъысмæты тæрхон царды:
Нæй м‘ алыварс æртахы бæрц дæр дон.

Лæбурынц судзгæ арты ‘взæгтæ арвмæ.
Æрызгъæлди зынг æхсидæвтæй цар.
Мæ фæдисхъæр нæ хъуысы кæртæй дардмæ.
Æз дæн зын сахат а дунейæ дард.

Цы акæнон, куыд ма кæнон – нæ хатын.
Лæдæрсы зæхмæ ставд цæссыг сындæг.
Уæд та, бæргæ, куы ‘рсæх-сæх кæнид уарын,
Кæнæ куы уаид искуыцæй зынæг.

Мæ хæдзар судзы, фæздæджы ныккалдис.
Нæу арт хуыссынæн мур хъомыс мæ бон.
Дæ цуры, ног дуг, сау æвзалы бацис.
Рæхджы уый фестдзæн пиллоны сыгъдон...

## РЫНЧЫНДОНЫ

*Ме ‘фсинæн*

Ма мæт кæн... Нæ раздахдзынæ рæстæг.
Адард ысты хъал бонтæ мæнæй.
Уадзын дын зæххон дуне мæ фæстæ.
Цæр æнæ мæн хъæлдзæгæй, фæрнæй.

Ма мыл тыхс... Æрхæндæг равг нæ уарзын.
Æз хъысмæтæй никуы кодтон хъаст.
Дуг мæ уарзта, хус сыфтæрау, хъазын,
Ме ‘мдзу кодта, ауuонау, йæ маст.

Ма мын кув... Хуыцауы æххуыс ма кур,
Кувынæй мын бафæллад Гыцци.
Дард мæ цурæй де‘ нкъард хъуыды асур,
Бамбар æй – мæ уды рухс фæци.

Ма мыл ку... Цæссыгтæ мæ нæ хъæуы,
Зæрдæ у æнæ уыдон дæр дур.
Дзур фæлтау, цы хабæрттæ ис хъæуы,
Рудзынгæй цæуылнæ кæсы хур...

## МÆСЫГ

Уый дойнаг дурæй самадтой кæддæр,
Æндзæвыд арвыл, æврæгътыл йæ сæр.

Нæ уыд нæ ныфсæн уый фæрцы кæрон.
Ныр митын рагъыл ферох ис бынтон.

Кæсы дæлæмæ хастхуызæй, нынкъард,
Уым халæтты хæдмæлхор къорд æрцард.

Зымæг ыл ниуы, миттæ здухгæ, уад,
Æмбисмæ дургай къæвдатæм ныккалд.

Мæлы сындæггай. Нал æм ис зынæг,
Ыссæуынц ма йæм туристтæ уынæг.

Фæкæнынц ын йæ арф хъæдгæмттыл дис,
Фæлæ йын ничи банкъары йæ рис.

Хæстон мæсыгæн йе ‘цæг цард фæци,
Ныидзыг ис азты мигъдзæст фæлмы цин.

Æрмæст ма у адзалбонмæ йæ каст,
Уæддæр æддæмæ никуы ‘вдисы маст:

Нæ йæм кæсы уæззау хъысмæт зындон,
Цæфтæй дæр рагъыл хъахъхъæны йæ ном...

* * *

Мæ фæстаг балц, ныммæйдар мыл ис бон.
Кæдæм мæ сайыс талынджы дæ фæстæ?

Ныссуйтæ сты мæ хъуыдытæ бынтон,
Хъыгдары мæ фæлитой хæйрæг – рæстæг.

Сæлфынæг митау атайы мæ цин,
Æрцæйхауын, мæнгбаст куырисау, саргъæй.
Мæ гыццыл ныфс рыг фæндæгтыл фæци,
Ныффæллад дæн дæ æнæкæрон даргъæй.

Æвдæрзы мæ, куыройы фыдтау, низ,
Уæлмонц бæллицтæ нал агайынц зæрдæ.
Æнкъарын хорз хъысмæты тæрхон – рис,
Мæ зарæгæн дæр нал хъуысынц йæ зæлтæ.

Æрхауы дуртыл ме 'ккойæ мæ уаргъ.
Мæ размæ ис æдзæрæг зæхх – тыгъд быдыр.
Мæ фæстаг балц, дæу уæгъды хонын даргъ, –
Ды дæ нæ хъæуæй уæлмæрдтæм хæрзцыбыр...

## НЫХАС ДЕНДЖЫЗИМÆ

Цъæхдзæст денджыз, ис былгæрон
Мæ хаст къона – мæ къуым.
Фæлæ ма зæгъ: цы бакæнон?
Мæ дуне мыл нырхуым.

Дæ тызмæг цæлхъ – ыстыр бæллæх,
Мæн нал уадзы хъæмæ.
Фæхауы 'васт мæ саст бæлæгъ
Раст пуртийау хæрдмæ.

Æруагъта мыл лæгсафæн хыз
Дæ тыгъдады адзал.
Æз нал арын, фынкбарц денджыз,
Ирвæзынæн мадзал.

Æмæ Хуыцауы хатырæй
Фæуром цъус дæхи.
Цы мыл цæвынц æгъатырæй
Дæ уылæнтæ сæхи?

Тызмæг цæстæй мæм мауал кæс, –
Ис мастæн дæр кæрон.
Кæннод кæны мæ ныллæг къæс
Дæ былгæрон дæлдон...

## МÆ ИРЫСТОН

Ныффыстон де стыр кадыл зарæг,
Зæлыди арф кæмтты йæ зæл.
Уæддæр, мæ Ирыстон – ныййарæг,
Дæ уарзтмæ не ссардтон дæгъæл.

Бæллыдтæн уазал къæсы бонмæ.
Уыдис дæ фидæныл мæ тох.
Уæддæр мæ не ‘мбæрстай кæронмæ,
Уыдтæн, къæйы фастагау, рох.

Дæ зæххыл раст лæгæй фæцардтæн.
Нæ уыд мæ удысконды хин.
Уæддæр дæ уды хъармæй дард дæн,
Мæ цард, дæу уарзгæйæ, фæци.

Дæу тыххæй, д’ амонды сæраппонд
Мæ зæрдæ сагъæстæй ныддур.
Уæддæр дæ хин хицæутты сау зонд
Хуыдта мæн фæндагыл цæлхдур.

Дæ зынтæй никуы лыгътæн дардмæ.
Мæ мæт дæ миткъæсæр ысси.
Уæддæр дæ хъарм къонайы артмæ
Хъæбулау тавдзынæн мæхи...

* * *

Æз уадсур бæхау къуылдымтыл нæ тæхын.
Фæцæуын рагъмæ фистæгæй, сындæг.
Æмæ мæхицæн фидарæй фæзæгъын:
Сабыргай цу, нæу уды цин хæлæг...

Æз бирæ лæгтау бухъ цардæй нæ цæрын.
Ысты мын цæхх, чысыл къæбæр дæр фаг.
Æмæ мæхицæн фидарæй фæзæгъын:
Нæй мулкæй гæрдæн фидæнмæ фæндаг...

Æз галы сгуы дыууæ къухæй нæ сæттын.
Мæн рагæй зоны бонзонгæйæ сых.
Æмæ мæхицæн фидарæй фæзæгъын:
Гуыппырсартимæ макуы ‘взар дæ тых...

Æз арвæрдынау, рухсгæнгæ, нæ цæуын.
Æндахы халау айсæфы мæ фæд.
Æмæ мæхицæн фидарæй фæзæгъын:
У размæцыдæн къахдзæф дæр æгъгъæд...

Æз ме ‘мдзæвгæ тыхамæлттæй ныффыссын.
Фæбадын рохæй, цавддурау, хъæмæ,
Фæлæ мæхицæн фидарæй фæзæгъын:
Мæ зарæг искуы фехъусдзæн дæумæ...

## РОМАНТИКОН БÆЛЛИЦТÆ

Бæргæ, лæгау хъысмæты уаргъ куы хæссин.
Куы нæ зонид мæ уарзон Ир цæссыг, –
Дæуæн уæларвæй арвæрдын æрхæссин,
Ыстъалытæй дын самаин мæсыг.

Бæргæ, хъуырмæ куы нæ уаин æз мастæй,
Дæлимон дуг куы нæ хъызид мæныл, –
Æз цъенга цъити ‘ртайын кæнин уарзтæй,
Хæрам, хæйрæг хин фесафин зæххыл.

Бæргæ, æз дæр, нæртон лæгау, куы зарин,
Куы нæ мæ лидзид амонды фарн дард, –
Æз талынджы дæр хуры тын ыссарин,
Ыскæнин дзы нæ уазал къæсы арт.

Бæргæ, дæу царды амондджын куы скæнин,
Нæ уарзт куы уаид фарнæйдзаг, рæсугъд, –
Æгас дуне мæ хъæбысы никкæнин,
Тæхид фырцинæй арвы цъæхы уд.

* * *

Фæлтæхæн маргъ йæ чемыл нал уыд,
Æргъæвстæй къутæрыл нындзыг.
Бæргæ ма атæхынмæ хъавыд,
Фæлæ ыслæмæгъ, мæгуыр, тынг.

Æнхъæлдта: раздæрау нæ кæмттæ
Фæсзымæг фестадысты цъæх,
Ивылдæй рагуылф кодтой дæттæ,
Улæфы хуры хъарммæ зæхх,

Тæхдзæни мигътимæ уæлæрвты,
Ыскæндзæн хъарм ахстон-хæдзар.
Фæлæ йæ зæрдыл уæгъды ‘рæфтыд,
Куыд нæ уыд зарæгцух йæ цард.

Ыскодта даргъ зымæг, хъызт рæстæг.
Бæгънæг хъæд арф миты ныссагъд.
Æртахт æгæр раджы нæ бæстæм,
Ам уалдзæг нал ралæудзæн тагъд...

## ФÆСКЪÆВДА

*Кæддæры нывтæ*

Æрæмбæхст пух мигъ къæдзæхы дæлбазыр,
Дæумæ йæ сæрты ме ‘нкъард хъуыды тахт.
Мæхи æруагътон бур фæсалы базыл.
Хъуысти мæм Теркæй дойнаг дурты загъд.

Мæ куыдз йæ раззаг урс къæхтыл æрфынæй.
Хуылыдз фос цагътой дарæнты сынæр.
Уæдмæ фæсабыр хъал дымгæ тæлфынæй,
Æрбадæлдзæх ис арф комы кæмдæр.

Йæхи та систа хурзæрин цъæх арвмæ,
Фæсæфцæгмæ, сыгъзæрин цалхау, тылд.
Ныдждживх бæрзонд Хох митын худы дардмæ.
Хæххон цæргæс нæ хъæуы сæрмæ зылд.

Ӕз – сыхы радгæс, бахъæлдзæг дæн уайтагъд,
Ысуагътон къултæм зад кæрдæгыл дзуг.
Хæрзхæстæг хъæдхой рох æрдузæй ратахт,
Мæ фарсмæ хъæды басгуыхти дзæбуг.

Ныссыпп сæ нæрын арвнæрды цæлхъхъытæн.
Рыг къахвæндæгтæн алыгъди сæ фын,
Зындысты фæхстыл чиныджы рæнхъытау,
Ӕз сæ фыццагау нал зыдтон кæсын...

* * *

Ӕмдзæвгæтæ мæ фæстæ дæр фысдзысты,
Уыдзæни се 'рмдзæф аивдæр, хуыздæр.
Мæ фыстытæ дæр, чи зоны, кæсдзысты,
Ныууадздзынæн сын зарджытæ æз дæр.

Нæ йæ зонын, цы дзурдзысты мæн тыххæй,
Сæ зæрдæтæм куыд фæцæудзæн мæ зард.
Мæнæн мæнг ныхас никуы схауд мæ дзыхæй,
Ӕвдæрзта мæ уæззау уавæрты цард.

Ӕрвыстон бонтæ хаст къæсы æнкъардæй,
Мæ мæт уыди фыдыуæзæг æдзух,
Ӕмæ сæм дзурын азты сæрты дардæй:
Нæ урссæр хæхтыл макуы сисæнт къух.

Ӕмбарын æй: сæ кад, сæ намыс дуджы
Мæ рæнхъытæй нæ фæуыдзæн уæлдæр.
Ӕрмæст цæрæд нæ Иры фарн сæ туджы,
Ирыстон уарзæнт хи удæй фылдæр...

*ТЪЕХТЫ Валентин*

# ЭТЮДТÆ

## СÆНÆФСИРЫ ЦУПАЛ

Цыдаид мыл дæс азы бæрц. Иу фæззыгон хур бон колхозы фос сихорафон быдырæй стардтон æмæ сыл ривæддоны дуар сæхгæдтон. Хæдзары хæринаг кæй ницы уыд, уый зыдтон, æмæ уæд мæ хызын баккой кодтон æмæ фæраст дæн скъоламæ гуырдзиаг хъæу Гординцхъаромæ. Фæндагыл Сархинбармæ куы схæццæ дæн, уæд баиу дæн фондз лæппуимæ æмæ уыдонимæ иумæ нæ фæндаг цыбыр кодтам.

Мæнæ баййæфтам иу уæрдон – йæ тæккæ дзаг уыд сæнæфсиры асыччытæй. Уæрдонæн йæ раззаг бадæныл бадт Амырхан, фæстаг бадæныл та – бригадир Хъарман. Гом сæр асыччытæй рæгъæд сæнæфсиры цупæлтты ставд нæмгуытæ хурмæ цæхæр калдтой.

Мæнæн мæ комыкъулты дон æруад, афтæмæй иу дзæбæх цупалмæ нымдзаст дæн. Нæ лæппутæ базгъордтой, уæрдонæй сæнæфсиртæ фелвæстой æмæ сæ уыцы зыдæй ныхъуырынц. Æз сæм хæлæггæнгæйæ кастæн. Æз æфсæрмы кодтон раскъæфын.

Лæппутæ мæм фæйнæрдыгæй хъæр кодтой:

– Дæ дзых цы ныххæлиу кодтай мæгуыр карчы цъиуау? Тæхгæ æмæ ды дæр фæлæбур!

Æræджиау мæм Хъарман дзуры:

– Дæ фыд чи у, уый давын нæ уарзы, æмæ ды дæр, æвæццæгæн, уый фæзмыс?

Æз æм ницы сдзырдтон. Æмæ та мæм уæд йæхæдæг дзуры:

– Рауай, Иртаг, адон колхозы сæнæфсиртæ не сты, мæхионтæ сты. Рауай æмæ дын мæнæ ацы дзæбæх цупал. – Иу стыр цупалыл схæцыд, йæ къухы йæ дары æмæ мæм æй æвдисы.

Æз ыл исдуг не 'ууæндыдтæн, стæй йæм хъуызгæ-хъуызгæ бацыдтæн. Хъарман мын æй мæ армы æрæвæрдта.

– Ахæр, мæхи æфсымæр, æмæ астыр уай!

Цупал мæ къухы нæ цыд æмæ йæ мæ хæдоны фæдджийы æрæвæрдтон æмæ райдыдтон хæрын.

Сæнæфсир куыд никуы бахордтон, – махмæ сæнæфсирджын бæстæ уыд, – фæлæ уыцы сæнæфсиры цупалы адæн мæ хъæлæсы сæнæфсир никуы ацыди.

Абон дæр ма лæууы мæ зæрдыл...

## УÆД МА ХÆСТ ЦÆХÆР УЫД

1944 азы сæрд йæ тæккæ тæмæны бацыд. Гарабинайы хуымгæрдджытæ тагъд кодтой, цæмæй, цалынмæ къæвдабонтæ нæ райдыдта, уæдмæ сæ мæнæуы хуымтæ æфснайд фæуой. Зæронд лæгты фæдыл сылгоймæгтæ цыдысты æд сагæйттæ æмæ халамæрзæнтимæ æмæ тыллæг иу ран амадтой. Сылгоймæгты фæстæ та сывæллæттæ цыдысты: фæсте ма-иу цы 'фсиртæ аззад, уыдон уыгътой æмæ сæ куыристы уæлæ æвæрдтой.

Сывæллæттæн бригадир уыд зæронд Салбан. Иртагыл æртæ азы йеддæмæ нæма цыди, фæлæ йæхи кæуынæй мардта. Уæд Салбанмæ Иртаджы мад Жаннæ ныххатыд, æмæ йæ айста йæ бригадмæ.

Иртаг æппæтæй дæр хуыздæр кусæг разынд. Кæд-иу изæры цæуын дæр нал фæрæзта фырфæлладæй, уæддæр йæхи фидар дардта.

Иуахæмы Иртаг згъоргæ-згъорыны фæкалд, æмæ йыл фæхъæр кодта Салбан:

– Цал хатты дын загътон, тагъд ма кæн, иннæтæ куыд кусынц, ды дæр афтæ кус!

Иртаг та уæддæр йæ ных дурмæ æрхаста, йæ туг акалд, æмæ

йæ цæмæй Салбан ма федтаид, уый тыххæй йæ худыл бынмæ æрхæцыд, æмæ сындæггай афтæ бакодта:

– Бахатыр кæн, Салбан, сындæггай кусын нæ зонын, æмæ цы кæнон...

Сывæллæттæ ма æндæр куыстытæ дæр кодтой: уыгътой бæлæсты бын дыргътæ, тыдтой пъæмидортæ, джитъритæ.

Жаннæ хæстонтæн æрвыста алыгъуызон хуынтæ – адджинæгтæ æмæ йæхи къухтæй быд цъындатæ.

Æмæ уæд Иртаг дæр сфæнд кодта йæхи номыл йæ фыды æфсымæр Исахъæн хуын арвитын. Æнгузтæ цы хызыны уыди, уым ма нывæрдта, Жаннæ йын цы фыстæг ныффыста, уый. Фыстæджы кæрон та баззад йæ къухы ныв – йæ къух ын гæххæттыл æрæвæрын кодта мад, стæй йын кърандасæй æрхæххытæ кодта йæ алыварс. Иртаг йæ хызын куы ‘мпъызта, уæд йæ къухы судзин фæныхсти, æмæ уый тугæйдзаг фæд дæр баззади гæххæттыл.

Исахъ хæстмæ куы ацыд, уæд Иртаг гуырд дæр нæма уыд, æмæ йын йæ хуын куы райста, йæ тугæйдзаг къухы нывмæ йын куы ‘ркаст, уæд, хуыны цы æнгузтæ уыдис, уыдоны стæвдæн цæстысыгтæ кæрæдзи фæдыл тылдысты йæ уадултыл...

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

# ЧИНЫГ «ИСЧИ»-ЙÆ

## ДИАЛОГ

*Гъе, мардзæ, исчи!*

***Къоста***

*Исчи, цы фæдæ, кæм дæ!..*

***Нигер***

### Поэт

**О Исчи, Исчи! Чи дæ ‘мæ цы дæ?**
**Цы ран цæрыс, уæларв æви дæлдзæхы?**
**Æнусбонты нæ хуыздæртæн сæ сидт,**
**сæ лæгъстæтæ, сæ уынæргъын, сæ фæдис**
**куыннæ хъусыс? Дæлимон дæ, мыййаг,**
**æви уæлимон? Равдис-ма дæ цæсгом.**
**Кæм æмбæхсыс? Цæстæй дын хай куы нæй,**
**о Исчи, Исчи!**

### Исчи

**Æз уыдтæн сымахæй,**
**уæ хæрзгæнæг, уæ дзæбæхтæм бæллыдтæн,**
**уæ цæрайæн мæ удæй цагътон арт.**
**Сымах нæ уыдтат уыдæттæ – куырм ыстут,**
**нæ иртасут уæ хуыздæрты уæ цаудтæй.**
**Æз кодтон хорз æмæ фыдæх ыссардтон.**
**Цы сгуыхты фестут, фидиссаг цагъартæ?**
**Уæ хæлæг у уæ халæг æмæ марæг:**

**уæ исчитыл гадзрахатæй цæут**
**тъымы-тъыматы, бакæнут сыл хъоды,**
**æвзаг хæссын, цæлмæ кафын – уæ фæтк.**
**Æмæ уыл йе 'фсондз авæры Хæрам-лæг,**
**Цæстфæлдахæг, Фæлитой æмæ Хам-лæг.**
**Уæ кæстæртæй та аразут æрвылбон**
**уæ мæгуыр ирæн исчитæ, фыдгултæ.**

*2012.04.04*

* * *

**Фыдæлты фарны дзырд, мæ уарзт,**
**йæ ныфс, йæ уидаг дæ мæ удæн,**
**йæ катай, йе 'рдиаг, йæ хъаст,**
**дæ фæрцы зарын æмæ худын.**

**Вæййыс сырхмæтæгау фæлмæн,**
**хæрздæфæй, фидауцæй æмырдзаг.**
**Мæ хæс: табу кæнын дæуæн –**
**дæ фарнæй ирвæзти нæ мыггаг.**

**Ныр æз куыд уон æмæ цы уон? –**
**Тæрсын дын. Удаист мыл бафтыд:**
**дæуæн фыдлæг æмæ фыдбон**
**кæнынц æдзæстхизæй тæрхон,**
**æмæ мын ацы дуне сафтид,**
**æмæ куы ницы у мæ бон...**

**Кæд ды Хуыцау уыдтæ æцæгæй,**
**уæд бахиз ирæтты хæйрæгæй.**

**Нæ кард, нæ уадындз æмæ кад!**
**Æхсарæй, удхарæй фæлтæрд дæ.**
**Уæдæ нæ Алолай, нæ Ард**
**æнустæ адæттæнт фæлтæртæм!**

*2012.26.08*

## ФАРНЫ ХЪÆР

Ирон дзырд, о мæ хъизæмар, мæ ныфс,
æнæфæхæцæг, дзидзидай сывæллон,
æнæ кæрæдзи стæм æдых, æнæбон:
тæрсгæ ‘мæ ризгæ дунемæ кæсыс.

Мæ арммæ сидыс, агурыс æххуыс.
Мæ уарзт, мæ цин дын – удыхос, цæрæнбон:
сæузæрин худы, идзылы æрвгæрон,
ыскал ды дæр мæ кæлæнтæй дæ хуыз!

Æз дæ мæ уды хъарм авдæны узын,
дæ сусæг цин, дæ лæппын улæфт хъусын –
æфты мыл амонд, катай æмæ дис.

О, суаин æз дæ цæрайæ æнусон...
Кæд мын дунетыл ирвæзæн хос ис,
уæд уый ды дæ, нæ Фарны хъæр, нæ Рис.

*2012.09.01*

## АУУÆТТÆ

*(Су Дун-помæ гæсгæ)*

Бæрзонд галуанæн йе ‘ргъæу къултыл цъупмæ
Бырынц, лæсынц: æрбадт фæлтæр фæлтæрыл.
Йæ уисой райсы фæсдзæуин æрвылбон:
Сæ фæтæрынил акæны фæлтæрæн.

Куы скæсы хур – æрбассивы сæ уайтагъд
Æмæ сæ фехсы армыдзаггай коммæ.
Фæлæ та ‘хсæвты мæйрухсы тæмæнтæм
Æрбаздæхынц – нæ кæсы ауон коммæ.

*2012*

## ТЪÆНДЖЫМÆЙЫ СОНЕТ

**Фæлывд у цард, уый раджы загътой адæм.**
**Нæй паддзæхтæ ‘мæ иблистæй уæлдай:**
**хæрынц бæсты цъар, тонынц æй къæртгай.**
**Кæрæфойтæ – кæнынц тъыссæнтæ алкæм.**

**Цынæ сын бантыст, ницыуал ис ахæм:**
**æппæт исбон, æппæт хæрзтæ – сæ хай.**
**Цы сты сæ цуры бирæгъ æмæ стай!**
**Сæ ныхмæ, оххай, хотыхтæ нæ арæм.**

**Æнæмæтæй нæ мæраты цæрæм.**
**Ыссис æзæфцæй Иры бæстæ уæрм,**
**нæхи фыдæй кæйдæр фæндиаг бацис.**

**Куыд фидар дæн, куыд ницы у мæ бон**
**фыдбон-фыдлæгæн! Дуне мын – зындон...**
**Кæнын æрмæстдæр Хуыссæгыл уæлахиз.**

*2012.04.01*

## АГЪНИАНЫ ХЪАРÆГ 1937 АЗЫ

**Дудгæ фæбадай, цы заман, цы дуг дæ! –**
**Уары ныл арвæй цæссыг æмæ тугтæ.**
**Саумæр сæ баудæст, дуне сæ самæст.**
**Ивылы бæстæтыл сау фыдæх, сау маст.**
**Хъарджытæ, маройтæ... Нал хъуысы зарын.**
**Минтæй нæ хуыздæрты рауыгъта Сау Рын.**
**Фидиссаг сау лæгтæ хизынц уæлæмæ.**
**Царды цалх разылди, тулы фыддæрмæ.**
**Аххос нæхи у, нæ сафæг – нæхæдæг:**
**не ‘нæцæстуарзон, нæ хæрам, нæ хæлæг...**

**Стыр Хуыцау Нарты фæкодта æвæд.**
**Махæн нæ тæрхон фыддæр у: ФЫДВÆД.**

*2012.03.05*

## ЯЗЫКОВЫ ЭЛЕГИ

Нырма ӕдзӕм у адӕмӕн йӕ маст,
уырыссаг зонд йӕ къӕлӕты бын хиты,
нырма сӕрибар сау рӕхыстӕй – баст,
фӕлӕ йӕ мидӕг тохы монц ӕхсиды.

Цагъары ‘фсондз кӕдӕй хӕссы, кӕдӕй,
фыдыбӕстӕ, – нӕма схицӕн фыдохӕй.
Сӕдӕ азты ма рацӕудзӕнис, – оххай,
кӕндзӕн Уӕрӕсе раздӕрау фынӕй!

*2012.23.09*

## УӔЛДАЙ

Ӕз уацары дӕн: катай та мӕ байста.
Уынӕргъы зӕрдӕ, нал та ис йӕ чемы,
цыма егъау, нӕргӕ фурды бӕстастӕу
фӕци цӕрдхуынкъ ӕвиппайды мӕ чема.

Тӕмӕнтӕкалгӕ урс-урсид цыхцырӕг
мӕ риугуыдырмӕ ‘хсаргардау ӕвзиды.
Нӕргӕ уылӕнтӕ – тугдзых сырдтӕ: скуынӕг
мӕ цард, мӕ бон. Ӕз удаистӕй сидын:

«Цы дунемӕ мӕ рарвыстай, мӕ Кӕнӕг?
Мӕ адӕм систы се ‘мдзӕхдон сайтантӕн.
Сӕ фидӕнӕн ингӕнкъахӕг – сӕхӕдӕг...
Нӕ хъӕуын ам. Ӕз ацы ран уӕлдай дӕн.

Уӕлдай дӕн, о.
Уӕлдай дӕн, о, мӕ Кӕнӕг».

*2012.29.08*

## ФАРСТ

Хуыцау, ӕцӕг у ацы дуне мӕнг?
Ӕз дӕр дзы, ау, нӕ дӕн, уӕдӕ, ӕцӕг?

*2012*

* * *

**Æхсæвæй-бонæй химидæг тыхсын,**
**æхсæвæй-бонæй агурын цыдæртæ**
**æмæ хынцфарстæй хи уды фæрсын,**
**кæсын, зыгъуыммæ рафæлдахын зæрдæ,**
**бынтон дзæгъæлы: бавдæлон ныфсæй,**
**нæй монцтæ дæр, фæндиæгтæ дæр нæй.**

**Æхсæвæй-бонæй агурын цыдæр,**
**кæнын æдзæмæй мамазила, катай,**
**мæхимæ хъусын, сдон вæййы мæ сæр,**
**мæхи фæфæрсын адæргæй: цы ссардтай?**
**Æппындæр ницы, иу хъуыды дæр нæй,**
**нæу афтид дæр – у йемыдзаг рыстæй.**

**Æхсæвæй-бонæй агурын, нæ арын**
**æнкъарæнтæ... Æрмæст *æнкъард æнкъарын.***

*2012.28.08*

## ФÆЗЗЫГОН ЭЛЕГИ

*Мæ кæддæры ахуыргæнæг Салæгаты*
*Зойæйы рухс ном дзы арын*

**Нæ фæззæг, оххай, азæронд æваст,**
**йæ дуг уыди ыскаст æмæ ныккаст.**

**Фæтахтысты зæрватыккæй, зырнæгæй,**
**æмæ та дуне аззади быгъдæгæй.**

**Мæ зæрдæ ма мынæг рухсæй сыгъди,**
**мæ туджы ма мæнгæфсон цин уыди.**

**Цы фæци ныр, цы бæстæм æй фæхастой?**
**Уæуууау, йæхи мын бакодта мæ ахстон**
**налат æвдиу... Кæм агурон æххуыс?**
**Тæккæ знон та фæкъахыр и мæ ныфс:**
**мæ ахуыргæнæг Салæгон дæр нал ис,**
**йæ сыгъдæг уд ын аныхъуырдта сау низ.**

Цæрæм... Цæуæм куыдхуыздæрæй мæрдтæм.
Нæ сæфты радмæ хъахъдзыхæй кæсæм.

...Ныццыбыр бон, ныдздзигло и, ныттар.
Хъуынджынхъус уæйыг ДАРГЪ ÆХСÆВ – æлдар.

*2011.23.11*

## АСÆСТ

Циу асæст? Ницы. Рог у æмæ пыс,
фæлæ нын у уынгæджы бон æххуыс:
æнæ уый фестид а дуне æдзæрæг,
уыраугæ хур æй акæнид дзæгæрæг.

Æвзары алчи асæстыл йæ тых,
рæудымгæ дæр ын акалы йæ пырх.
Кæд æй нæ сæрты пакъуыйау фæхæссы,
уæддæр йæ хъомыс асæстæн – нæртон,
уæддæр йæ азар а зæххыл æххæссы,
цæуы нæ хур, нæ арвыл дæр йæ бон:
ныббырсы сæ, мæйгæйттæ сæ нымбæхсы.

*2012.29.08*

* * *

*Амонд... æрра дæн,*
*цæй амондмæ дзурын!*
***Къоста***

Æрра замантæ... Кæд æз дæр æрра дæн...
Мæ сæрымагъзæй рауад лабиринт.
Ныдздзæгъæл дзы дæн. Нал хъуысы мæ сидт.
Тæхудиаг, кæмæн ис Ариаднæ!

*2012.27.08*

## УАРЫНТÆ

**Уарынтæ ныл цины тынтæ уарынц,**
**уарынтæ нæ сусæг уарзтæй уарзынц,**
**мадард хъæдæн урс зæлдæгтæ уафынц,**
**арвæй нæм зæрин æндæхтæ уадзынц.**

**Уарынтæ, лæппын уарынтæ... Уайынц.**
**Уарынц Уарзт.**

*2012*

## АЦЦЫТÆ

*(О. Микулашекы мотив)*

**Атахти сæрд, æмæ ‘хсины фæдджитау**
**аццыты балтæ йæ фæдыл ыскъæфы.**
**Аццытæ арвыл – хæрдоджыты халау.**
**Асæсты ахæстæй хъарм бæстæм лидзынц,**
**а бæсты сагъæстæ уадзынц æндæртæн.**

**Оххай, куы фæтæхы исчи кæдæмдæр, –**
**удыл æнæбары атыхсы катай.**

**Цад сæм æрвайдæнау сарæзта йе ‘ргом,**
**дзала сæ фæстæ кæсы ‘мæ кæуы.**
**Феуæгъд ис аццытæй иуæн йæ сис:**
**рарвыста зæхмæ фæстаг хæрзбон ацц.**
**Ас лæг уай, саби уай – хъавгæ йæ сис,**
**хинымæр бакув, фæут, зæгъ, рæствæндаг.**

**...Арвы æмвæтæн æгомыг æрхæндæг.**

*2012.22.08*

## ФÆСТАГ СЫФТÆР

**Хуыз дæр дзы нал и, раздæрау, уæз дæр,**
**хæрзиунæгæй ма гом хихыл хæцы.**
**Хъæлæсы ‘фсон – фæсус мыртæ, сæр-сæр:**
**йæхинымæр кæимæдæр хæцы.**

**Ӕрæхсæв та. Рæвдаудзæн æй хæрзфын.**
**Фæстаг хатт ма йын арвдуне – фысым.**
**Ӕрæппæрста йыл Бонвæрнон йæ тын,**
**мæнгæфсон тын: элеги йыл фыссы.**

*2012.02.04*

## КЕЙ РАЙАНМӔ ГӔСГӔ

**Фынæй цадæн йæ уæлцъарыл фæхæцыд**
**бынтон тæнæг их, афтæ тæссонд у, –**
**тыхтæ-амæлттæй бауромдзæн цъиуы.**
**Мæ иу зонгæ æрлæууыди мæ зæрдыл.**
**Йæ кой ныхъхъæр – цытджын номыл фæхæст**
**æмæ йыл абадт: ихы уæлæ – цъиу.**

*2012.08.05*

## УАЗӔГ

**Хæддзу, фæлæ цинхæссæг уазæг**
**æрхæццæ и махмæ:**
**кæй рудзынг нæ бахоста уалдзæг,**
**нæ баззадис ахæм.**

*2012*

* * *

**Фæскъæвда ног цъыфы лæсгæйæ**
**фæстæмæ разылд уаллон,**
**йæ фæдмæ баззади кæсгæйæ,**
**ныддис: йæд, дам, у... актуалон.**

*2012.02.08*

## НЫМУДЗӔГ

**Йæ хъазуатон куыстæн хæрзиуджытæ райста:**
**нæ сусæг ныхæстæ нын ахста**
**æмæ сæ йæ хицаумæ хаста.**

*2012*

## ВАРИАЦИТÆ ЛИ БОЙЫ ТЕМÆТÆН

### Уалдзыгон бон иунæгæй нуазын сæн

Хæрздæф уадымс ыскæсæнæй æртахт,
нæ цæугæдæттæ – уалдзæгæй æфсæст.
Нæй хурмæ ауæрц: уарзы нын йæ цæст,
дæтты йæ тавсæй алкæмæн æртах.

Мæлдзыгæн – губакк, адæймагæн – уат,
уырыйæн – хуынкъ, æхсæрæгæн – мæра,
ыскæны ахстон пъазбыны мæга,
ыссары æврагъ айнæгыл бынат.

Æз райгуырдтæн, цæмæй хæрзиунæг уон...
Цæй, уадзон катай, рауадзон та сæн,
Мæ цъæхдзаст хо, æрвдидинæг, дæуæн
Æз боныцъæхтæм зарджытæ кæнон.

*2012.25.08*

### Изæр хъæды. Иунæгæй нуазын сæн

У уалдзæг, æмæ тихалæг æрцард,
æруарыд цинтæ сау зæххы лæппынтæн.
Æз та фыццагау – рыст æмæ æнкъард,
æнцой нæ зонын ирд бон дæр æппындæр.

Мæ фысым – хъæд, тæрсы къодах – мæ фынг,
æмбал дæр ис: мæ хорз æмгар – мæ ауун.
Гъей, нæзытæ, цæмæн ыстут æндзыг?
Цæй, бахъырнут, æз хуры скастмæ зарон!

Мæй кафы арвыл, нæудзарыл та – æз.
Мæ цин[1] – мæ исбон, тауы мыл йæ цинтæ:
Æрвон зæлтæ, æрдхæрæны хъæлæс.
Сæны дурын, ыскодтай та мын хинтæ.

*2012.24.08*

---

[1] Цин – китайаг музыкалон инструмент, авдтæнон.

## Боны хорз, кæм дæ?

Æнхъæлмæ кæс – æлгъагдæр удхар нæй.
Мæтъæл – мæ зæрдæ, бавдæлон ныфсæй.
Мæ хорз фысым, фæкæс-ма мæм сæнæй,
æцæгæлон зæхх ферох уа мæнæй.

*2012.24.08*

## Катай

Цы фæуон адæргæй? У ме 'нтъыснæг мæ уаргъ...
Цæуон та ардыгæй (æндæр фæрæз мын нæй),
кæм нæ уа адæймаг, кæдæм нæ тæха маргъ,
кæса мæм уарзонæй мæ рагон хæлар Мæй.

*2012.23.08*

## Æхсæрдзæн

Тæхы, нæры
æхсидгæ зæрин фахсыл.

Кæцæй тæхы? –
Лæджы цæст æй нæ ахсы.

Æви лæварау
дун-дунейы тарфæй

Æрфæныфæд
æруагъдæуыдис арвæй?

*2012.20.08*

## Тыхсты сахат

Æз систон кард,
æз къададоны 'рцавтон,

фæлæ ызгъоры
раздæрæй дæр тагъддæр.

**Æз систон нуазæн,**
**карз ронгæй дзы ‘рцавтон, –**

**фæци мæ зæрдæ**
**раздæрæй æнкъарддæр.**

*2012.20.08*

## Иунæгæй хохы

**Æнтæф боны фæстæ**
**фæллад мигътæ здæхынц «хъæмæ».**

**Фæтахтысты мæргътæ,**
**нæ дуне æдзæрæг фæцис.**

**Æз хæхтæм нымдзаст дæн,**
**нымдзаст ысты хæхтæ мæнмæ:**

**кæрæдзийы уындæй**
**æппындæр нæ зонæм æфсис.**

*2012.25.08*

* * *

**Мах – хауæггаг, хæтæгхуаг,**
**æрхуым æмæ хуырым.**
**Цъæх арвы бын нæ сау зæхх –**
**нæ рæсæнуат, фысым.**

**Æнустæ йыл æвæрынц**
**хъуынатæ æмæ рыг.**
**Нæхи хуызæн ысвæййæм,**
**куы ахуыссы нæ зынг.**

**Уæдæ цы сты нæ цинтæ,**
**нæ талф-тулф æмæ хъыг,**
**нæ ис-бистæ, нæ дистæ?**
**Рыджы рæгътæ, æлыг!**

***2012.25.08***

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

# ЮМОРИСТОН РАДЗЫРДТÆ

## ГАБОЦИЙЫ САУ ХЪУГ

Йæ бонæй уа курдиат! Йæ фыдæлтæ дæр Хуыцауæй арфæгонд уыдысты кафаг лæппу Габоцийæн. Хуыцауы комытæфæй сæм хæццæ кодта... Дуры, дам-иу, уд бауагъта Уасо – сæ фыдыфыд. Мард æм рабадтаид йæ ингæны, ахæм цырт ын-иу скодта. Уæлмæрдтæй-иу æхсæвыгон хъуысти зарын. Æмæ ацы диссаг афтæ амыдтой ам хистæртæ: мард æгæстыл хъары йæхи – рухсаг мын дзурут! Зæлдæ мын æвæрут мæ ингæныл. Æмæ уыл кæндзынæн хæрзаудæн.

«Котылы фырттæ»-иу бахудтысты: «Нæ-æ! Уый мах фæзарæм фыдохы уæлмæрдты – «Чермены цæссыгæй» ахуыпп кæнæм. Арахъхъ нæ йæ уæлныхты сисы. Æмæ уæд мах дæр уыцы ран зарæг бæрзонд сисæм...» Гъеныр адонæй чи растдæр у – хæйрæг æй зоны. Хæйрæг бирæ цыдæртæ зоны... Фæлæ æз дæр иу хъуыддаг зонын. Æмæ уын æй радзурон хъуамæ!

Мæрдтæм нæ ауагъта мæ рагбонты æрдхорд Габоци йæ фыдæлты фарн! Цæхæртæ скалы йæ курдиат йæ диссаджы кафты. Æмбисондæн баззад нæ хъæубæсты: «Авдæнæй зæхмæ кафгæ æрхызти Габоци»

Скъоламæ дæр кафгæ цыди. Кафыди къласы партæйы сæр. Стæй та – чындзæхсæвты. Уæртæ нæ клубы та йæ быны

пъол ныттыдта, афтæ хауд хæрдмæ. Æмæ уæдæ йæ хæдбынтæ чи сты, йæ хæдбынтæ, ома, йæ сæрак цырыхъхъытæ, уыдон дæр, дам, сæхæдæг дæр кафыныл фæцалх сты. Фæндыры хъæлæстæ азæлæнт, уыййеддæмæ...

Гъе, æмæ дунейыл уалдзæджы комулæфт куы сæмбæлди, уæд мæнæн та мæ зæрдæ ногдыгъд хъарм æхсыр æрцагуырдта. Уый дын фехъуыста, цы, Габоци! Дидинæгау райхæлд йæ таучел зæрдæ:

– Мæнæ дын диссаджы хайуан! – амоны йæ сау фæззæгхъугмæ. «Саукæ! – йæ ном... Æхсыры цады ленк кæндзынæ. Ракса-ма! Нарты сау рувасау йæ хъуын куыд æрттивы!

– Цы ма йæм ис диссагæй ноджы?

– Диссæгтæ разæй сты. Уындзынæ сæ. Ныр та «ахе» кæн дæ хайуаныл! Абоны ирæттæй хуыздæр æмбары иронау. Дæ фæдыл сиргæ згъордзæн йæхæдæг. Афæлвар-ма!

– Уæддæр ыл сæрбос куы уыдаид – цы нæ вæййы...

– Ай та дын уæдæ мæнæ сæрбос! – рагъæнæй æриста цыдæр бæндæны скъуыддзаг. – Хуымæтæджы сæрбос æнхъæл ын ма у! Арвырон у. Арвыроныл кафыдтæн раздæр... Фæлæ мæ быны æрыскъуыди... Æмæ дзы уæд æз дæр хъуджы сæрбос ацарæзтон.

– Æмæ ай мæнæ гæны фæскъауæй быд цыдæр куы у! Йæ анашайы тæф куы цæуы!

– Тобæ æрхæсс! Арв дæ æркъуыырдзæни: арвырон у!..

– Æмæ йæд та?.. Йæ къæдзилыл ын сырх хæцъил бæттын нæ хъæудзæни дæ хайуанæн? Куы фæцæстдзыд уа...

– Æппындæр – нæ! Сырх хæцъилæй богътæ тæрсгæ кæнынц, æмæ уæд иннæ аз годо нал фендзынæ...

– Мæнæ дын уæдæ цъæх доллæртæ!

Габоци сæм фæлæбурдта. Стæй сæм къуыртты æйчытау хурмæ кæсы:

– Мæнг æхца дын дзы ма разынæд, – атымбылтæ сæ кодта æмæ сæ йæ цухъхъайы дзыппыты бæрцыты хуызæн æртъыста.

– Йæ ныззайынафон та кæдмæ цæуы дæ сау хъугæн?

– Æрбакæс-ма! – æмæ йын йæ къæдзил схъил кодта. – Бирæ нал ахæсдзæн. Куадзæны уæ хъуылæг хæрæгау уасдзæн...

Раст пехуымпарау æрцыдис йæ ныхас Габоцийæн. Сырх айк цъæх нæууыл стылд, нæ кæрты та чъыллиппæй хъазыд сатæгсау годо. Æз æд къæрта хъуджы уæлхъус алæууыдтæн. Йæ хъуымызæй йын, зæгъын, иу цъыртт куы радуцин... Аба-бау! Хъуг мæ ‘мгæрон йæхимæ нæ уадзы. Скъæфт чызгау

фæтдзæгъдæн кæны... Фæстæты йæм бацæуын æмæ – чъыллипп! Разуылты йæм бахъавын – дæндагæй лæбуры!

«Мæнæ – Хуыцауы диссæгтæ!» – м‘ армытъæпæнтæ æрцагътон. Æмæ æцæгæйдæр – диссаг! Мæ къухты æмдзæгъдмæ хъуг йæ раззаг къæхтæ бæрзонд систа. Æмæ – кафы!.. Раст цирчы бæхау. Æз ноджы тынгдæр м‘ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл хойын. Йæуæ-мардзæ, хъуг дæр кафы! Годо нæ алыварс хъазы чъыллиппæй. Фырдиссагæй Габоцимæ балæууыдтæн. Йæ кулдуарыл ын мæ лæдзæгæй ралæууыдтæн.

– Габоци! Уæ, Габоци!

– Цы хабар у? Мæ ном дæ дзыхы куы разади! Нæ дуарæй нын гуымсæг цы сарæзтай?

– Диссæгтæ! Дæ хъуг кафы! Раст цирчы бæхау...

– Æмæ дын нæ дзырдтон, диссæгтæ разæй сты, зæгъгæ?

– Æхсыр та – нæй!..


*Габоцийы хъуг.*

– Æхсыр ын йæхицæн дарын хъæуы. Сывæдæгæй. Кæннод-иу йæхи бадæйдзæн...

– Æмæ йæ уæд кафыны тыххæй балхæдтон?..

– Æмæ хайуанæн кафын нæ фидауы? Æгас дунейыл кафгæ куы зылдысты Хъантемыраты цирчы бæхтæ... Уæд Габоцийы сау хъуг цæмæй гуылмыздæр у Али-Бечы урс «Буян»-æй? – йæ цæхæр цæстыты зынг ферттывта Габоцийæн. Стæй дарддæр дзуры йæ диссæгтæ: – Нæ Цæдисæн йæ фæтевзæ куы разынди, уæд клубы дуарыл уæлдзарм худыйас гуыдыр æрцауындзæг. Æз та кафгæйæ райгуырдтæн а дунемæ... Æрбакæс-ма: «Осса!» – æмæ йæ къухтæ цæргæсы базыртау уæлдæфы ныппака сты. – Гъе, æмæ мын æнæ кафгæйæ цард ад нал кодта. Æз дæр ныддæлæ-уæлæ кодтон æмæ нæ кæрты сарæзтон кафджыты

къорд... Хъæуы фæсивæдыл ацархайдтон, фæлæ сæ мæ зæрдæ бамæгуыр и! Кæд æмæ, дам, арахъхъы ботъылатимæ уыдзæн «Осса», уæд – гамарджоба! Кæд афтæ нæ, уæд та – гауарда!

Иубон та кæртмæ рудзынгæй гудзитæ кодтон. Кæсын æмæ уæртæ нæ сау нæл гогыз йæуæ-мардзæ, зæгъгæ, кафы. Елйайы цæхæрау мæ хъуыды ферттывта: «Цæй, æмæ нæ хæдзары фосæй саразон циркафджыты къорд!» Хъугмæ цы æууæлтæ ис, сæгъмæ, куыдзмæ – иннæ ахæм, уыдæттæ базоныныл ацархайдтон... Ома, зооветеринарон психологи! Мæ дыгурон каистæ мын зонд амыдтой: сау фос, дам, цигантæй уæлдай не сты... Æвзыгъд! Дыгур сæхæдæг дæр – æвзыгъд адæм! Хæйрæджы дæр-ма куы сæрмахуыр кодтой Саккатæ æви Сечъынатæ. Æ-æ, уæ чызг, зæгъын, тыр ныййара! Уæдæ хæйрæджыты æхсæв дæр сау карк уымæн фергæвдынц, нæ?

Мæ хæдзарон фос иууылдæр раивтон саутæй. Æмæ сæ райдыдтон ахуыр кæнын. Цы уды фидар мын разынди уыдонимæ! Гъæй-дæлæгъа! Хъуг мын иухатт – дзæхст йæ къæдзилæй! Йæ къæдзилы ʻрдæг мæ цæсты бахауд... Нал уыдтон дунейы рухс. Иннæ хатт та – хæргæфс. Хæрæг дарæг дзы ма баззайа! Чъылбыс мын стыдта мæ сагæхтæй... Æмæ уæд гæды та, гæды? «Гæды» ном дæр ыл дзæгъæлы нæ сæвæрдтой нæ фыдæлтæ! Схызти мæ хуыссæнмæ... Сдæры мын мæ былтæ... Зары-хъырны. «Читт!», дæ бындар! Æмæ гъеныр уæртæ кæсыс! – амоны мын Габоци сæ кæрты сау серкамæ:

– Танцуй, Шарик, танцуй!

Дæлæмæдзыд серка хæрдмæ фехста йæхи, стæй алæууыд йæ фæстæгтыл. Раззаг къæхтæй «даллæ» кæны – кафы «учхез». Габоци йын дзыхы фæндырæй цæгъды. Сау дзуарса сæгъ цæхæрадонæй æрбазгъордта, хæрисы къалиу æууилгæ.

– Йа-мардзæ, Бодзол! – æмæ сæгъ хъен алæууыди – «гандага» кафы. Сау нæл хъаз дæр гыццыл бур дзибаты алыварс йæ тъæпæн къæхтæй тъæпп-тъæппæй ралæууыди. Бохъхъырджын сау нæл гогыз фæпыхцыл кодта йæхи – кæрт мæрзæгау кæны йæ базыртæй. Кафы! Нал сæм фæлæууыд Габоци йæхæдæг дæр: «Осса!» – æрсагъта йæ къахфындзтæ. Сатæгсау уасæг стахти кауы сæрмæ. Æрцагъта йæ базыртæ æмæ æгас хъæубæстыл азæлыди: «Хъи-хъыры-хъо! Циркмæ уæ хонæм!»

Райдзаст егъау кæрт Нарты Зилахар фестад. Мидæгæй йæ саудзыкку æфсин электрон джыбы æрылхъывта. Æмæ цирчы

цырæгътæ ссыгъдысты. Арвæй сæм хурзæрин цымыдисæй касти æмæ худæгæй бакъæцæлтæ...

Цæй хъуг, цæй хъуымыз ма мæ хъуыди! Æмдзæгъд сын кодтон мæ лæдзæгæй...

## ТУТÆГÆНÆГ

Исчи дын дæ цæсгомыл куы бату кæна, уæд ма уымæй æфхæрддæр исты уыдзæн? Цæсгом дзы рисгæ нæ фæкæндзæни, фæлæ дзы зæрдæ фæриссы, зæрдæ! Ай-гъай!

Уыййеддæмæ цавæр хабар у? Иу кæсагæй мæ æнæхъæн дыууæ джиранкайы асай! Уый цъаммар нæу?

– Ацу æмæ йын йæ тæккæ цæсгомыл бату кæн! Ацы кæсаджы къæдзилæй та йын йæ былтæ цæв! – пихылæйттæ калдта не ‘фсин. Æмæ мæ æд кæсаг дуарæй федде кодта...

Æз дæр бар-æнæбары фæстæмæ араст дæн армукъамæ. Сæудæджергæнæг сылгоймаджы раз æрлæууыдтæн. Уый мæм æрбадзагъул ласта:

– Исты ма дæ ферох?

– Дæ цæсгомыл дын бату кæнон, уый мæ ферох, – æмæ йын йæ кæсаг тæразыл æртъæпп ластон.

– Цы хабар у? – ферттывтой йæ цъæх цæстытæ.

– Сбар-ма дæ кæсаг!

– Мæ кæсаг нæу, фæлæ – дæ кæсаг у! Мæ кæсаг удæгас уыд, ай та мæм цыдæр хæдмæл æрбахастай!

– Цал джиранкайы мæ асайдтай, ууыл басæтт! Кæннод ныртæккæ базары хицаумæ мæ хъаст-хъыллист хæссын. Уый та мæ фыды мады хойы лæппуйы фырты лæппу разынд.

Ус цæуылдæр асагъæс кодта. Стæй фæлмæн хъæлæсæй загъта:

– Де ‘гæрыл уай! Гъеныр дæ нервытæ цæуыл сæнкъуысын кодтай? Дæ фæхъхъау фæуæнт денджызы кæсæгтæ цъингуыры онг... Ныр афтæ. Мæнæй ды æгас кæсаг ахастай. Æмæ, гормон, уды дæр уæз ис, уæз! Уый дæр ма дзы ис, дæ низтæ...

– Æххæст мæ авдæны бабæтт! Æмæ мын мæ сыппа дæр ма ферох кæн...

– Дæ сыппа дæ мады роны бавæр! – æмæ ныххудти хъазгæмхасæнты... Йæ дзыхæй ферттывтой комыдзаг сыгъзæрин дæндæгтæ.

– Удæгас кæсаг цъыллинджытæ зоны. Гъемæ, йæ къæдзилæй – иу цъыллинг, иннæ, æмæ тæраз уæлæмæ ферхæцыди. Æндæр цæй сайд æмæ цæй æндæр? – æмæ мын комкоммæ мæ дыууæ цæстмæ ныдздзагъыр и. – Чи нæ йыл басæтта! Ницы низ хъыгдарæг дæ ис?.. Уæртæ дæ роцъо дæр куыд фæтæпп-фæтæпп кæны...

– Мæ нервытæ мын сæнкъуысын кодтай, æмæ уæд мæ роцъо дæр æнцад бада йæхицæн?!

– Дæ цæстыты гагуытæ дæр æнахуыр бур. Сафронæй рынчын нæ дæ, мыййаг? Удæгас кæсæгтæм кæсын хорз у... Æрбауай-иу! – Стæй мын мæ хъусы æрбадзырдта: – Чи нæ йыл басæтта! Де 'фсинимæ та уæ хабар?.. Ды цыдæр цæстдзыд дæ! Мæ мад, мæ фыды ингæнытæн! Æз дæ фервæзын кæндзынæн уыцы сон æмæ рынæй. Æмæ мын æрбатутæ кодта мæ цæсгомыл: «Туйтуй! Цæстæй дын хай ма уæд!»

Хæрзæхсад чи не 'рцæуы, ахæм уæцъæфы тæф сæмбæлд мæ улæфæнтыл.

# АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*АБАЙТЫ Арбилянæ*

## ТЕАТР – ЙÆ ХЪЫСМÆТ, ЙÆ ЦИН

Алкæмæн дæр сценæмæ хицæн фæндаг вæййы. Тлаттаты Бексолтанæй афтæ зæгъæн ис, æмæ йæ сценæ йæхæдæг равзæрста. Актер суæвыны фæнд æм нæ уыд, – йæхи цæттæ кодта ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы куыстмæ. Фæлæ хъысмæты фæндæй сси артист, æмæ сценæйы фыццаг хатт куы 'рлæууыд, уæдæй нырмæ, театры кæй арвыста, уыцы бонтæ иуылдæр сты йæ зæрдæйы: ивгъуыды хурæй хъарм, йæ тынты сыгъзæринæй æрттивгæ бонтæ.

Скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд æй хистæркъласонтæ бакодтой драмон къордмæ. Йæ фыццаг роль – партизан Гуыба Мамсыраты Дæбейы «Джерихан»-ы. Хорз дзы сфидыдта Бексолтан. Уый фæстæ драмкъорд сæвæрдта Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæ «Дыууæ хойы». Уым та Бексолтанæн радтой чызгыскъæфæг Бибойы роль. Уыцы рæстæг Алагиры адæмон театр Магкæты Арсены разамындæй «Дыууæ хойы» æвдыста Джызæлы. Æнæнхъæлæджы фæрынчын Бибойы ролы хъазæг артист. Искæмæй йæ баивын хъуыд. Арсен уый размæ Бексолтаны федта репетицийы – Джызæлы скъолайы драмкъордмæ йæ æрбахуыдтой, бакæс-ма нæм, истæмæ арæхсæм, зæгъгæ. Уæд Бексолтаны хъазт йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ загъта: «Мæнæ уал уæм иу актер ис». Æмæ, Бибойы баивынæн артист куы бахъуыд, уæд Арсен Бексолтаны бацагуырдта. Спектаклы размæ йын тагъд-тагъд мизансценæ ацамыдта. Зæрдæргъæвд лæппу афтæ сарæхст, цыма театры рагæй куыста. Адæм хæдахуыр артисттæн бузныг дзырдтой тыхджын къухæмдзæгъдæй, се 'нæнхъæлæджы ирвæзынгæнæгæн та сæхæдæг хъæбыстæ кодтой артисттæ.

Алагирæгты гастрольтæ куы фесты 10–15 боны фæстæ, уæд Арсен Бексолтанмæ бадзырдта æмæ йын загъта:

– Лæппу, дæуæй рауайдзæн æцæг актер, кæд дæ бафæнда, уæд. Дæ курдиат рыджы бын ма фæкæн.

Цæстуарзон ныхæстæ, театруарзаг адæмы æууæнк æхсызгон кæм нæ уыдисты Бексолтанæн. Фæлæ, сценæ йæ хъысмæт суыдзæн, ахæм хъуыды йæм нæма уыд.

Æрмæст Ирон театры спектакльтæй иу дæр нæ цух кодта. Плиты Грисы «Чермен» йе ‘мбæлттимæ куы федта, уæд ын сценикон ныхас скодта бынтон æндæр ад. Мæгуыр адæмы бартыл тохгæнæг Чермены удыхъæд ын йæ зæрдæ афтæ фæцагайдта, æмæ йын йæ монологтæ сахуыр кодта кæрæй-кæронмæ.

Иуахæмы мæнæугæрдæнты Бексолтан куыста совхозы. Йæ хъуыдыты аныгъуылгæйæ, Чермены ныхæстæ куыд дзырдта, уый фиппайгæ дæр нæ бакодта. Гыццыл фалдæр мæнæукæрдæг лæгтæ йæм сæхи хæстæгдæр байстой. Лæппумæ фæхъуыстой, стæй йын нымдзæгъд кодтой. Бексолтан фестъæлфыд, фефсæрмы. Фæлæ йын Хъæрæцаты Махарбег æмæ Торчынты Хосдзау разыйæ йæ уæхск æрхостой: «Мах дæ бæсты кæрддзыстæм 80 куырисы хæслæвæрд, æрмæст нын ды Чермены ныхæстæ кæн». Хæдзарады разамонæг Моргуаты Георги та йын афтæ: «Дæуæн дæ бынат быдыры нæй. Дæуæн дæ бынат театры ис, театры!»

«Чермен» сæвæрдта Джызæлы скъолайы драмон къорд дæр. Йæ хъæбатыр æрвады ролы хъазыд Бексолтан. Спектакль федтой хъæуы цæрджытæ, бæрнон кусджытæ, федта йæ йæ хъæуккаг артист Сланты Къоста дæр. Чермены фæлгонцæн скодтой стыр аргъ.

Уый уыдис 40-æм азты кæрон. Уæд Бексолтан ахуыр кодта скъолайы фæстаг къласы. Хæдахуыр артисты кой æрыхъуыста Ирон театры сæйраг режиссер Брытъиаты Зариффæ дæр æмæ йæм цалдæр хатты барвыста Джызæлмæ. Фæлæ Бексолтан зынæг нæй æмæ нæй. Уæд дын иу фæззыгон бон суинаг актер сыхаг лæппутимæ бричкæйы чылауитæ фæцæйласта уæймæ. Сæ фæндаг уыд Ирон театры рæзты. Афтæмæй йæ федта театры администратор Гуыдиаты Руслан. Æз дæ рагæй куы агурын, зæгъгæ, лæппуйы бакодта Зариффæмæ. «Хуыцауы тыххæй, Бексолтан, цæй зын хонæн дæ?! Райсом-иу æрбацу фæлварæнтæм æмæ дæ райсæм театрмæ», – загъта йын режиссер.

– Радтой мын цыдæр этюдтæ, – дзырдта Бексолтан, – скодтон сæ, куыд зыдтон, афтæ. Залы бадтысты театры артисттæ, æмæ та-иу нымдзæгъд кодтой. Ахъуыды кодтон: кæд мыл худгæ кæнынц? Уæд кæсын райдыдтон Чермены монологтæ. Йæ фыдимæ фембæлды сценæ куы равдыстам Цæрукъаты Алыксандримæ,

уæд къамис загъта: «Ай нæхи лæппу у». Афтæмæй мæ райстой театры æххуысгæнæг къордмæ. Уыдыстæм цыппар лæппуйы æмæ фондз чызджы. Актеры дæсныйадыл нæ ахуыр кодтой Тотраты Бесæ, Брытъиаты Зариффæ, Икъаты Серафин æмæ Цæлыккаты Мæирбег.

Студионтæй кæронмæ баззад æрмæст Бексолтан. Иннæтæм кæнæ фаг курдиат нæ разынд, кæнæ нæ бафæрæзтой иудадзыджы куыстæн.

Театр æвæрдта Дадианийы пьесæ «Зынджы стъæлфæнтæ». Режиссер Магкæты Арсен Бексолтаны бæрны бакодта дыууæ ролы – революционер Доменти æмæ йæ ныхмæлæууæг капитан Чиатурæйы рольтæ. Бексолтаны арæхстдзинадмæ кæсгæйæ, Арсен дисы бацыд:

– Нырмæ кæм уыдтæ, лæппу?

– Джызæлы, – нæ йæ бамбæрста Бексолтан.

– Уый зонын, фæлæ нырмæ театрмæ цæуылнæ цыдтæ?

Спектакль куы лæвæрдтой, уæд æй федта Мæскуыйæ Театралон æхсæнадæй æрвыст критик дæр. Артистты куыст æвзаргæйæ, Бексолтанæй раппæлыд, актер иттæг хорз сарæзта дыууæ ныхмæвæрд фæлгонцы, зæгъгæ. Уый фехъусгæйæ, артисттæ ныххудтысты æмæ нымдзæгъд кодтой.

Мæскуыйаг уазæг сæ афарста:

– Йæ мыггаг ын раст нæ загътон?

– Мыггаг дæр æмæ ном дæр раст загътай. Фæлæ Бексолтан актер нæма у.

– Уый у цæттæ актер!

Дыккаг бон театры разамынды бардзырдæй Бексолтан æххуысгæнæг къордæй ивд æрцыд сæйраг къордмæ. Æххуысгæнæг къорды фæцис æрмæст æртæ мæйы. Йæ курдиатыл бауæндын кодта æппæты домаг дæр режиссерты дæр. Æмæ йын дæттын райдыдтой сæйраг рольтæ.

1950 азæй абонмæ Бексолтан ахъазыд 150 ролæй фылдæр. Сæ иуæй иннæ вазыгджындæр, зындæр, цымыдисагдæр. Театрдзау литературон фæлгонцтæ уыдта цæттæйæ. Фæлæ актер уыдоныл цас куыста, йæ зæрдæ сын куыд лæвæрдта, цал чиныджы æмæ журналы сыфы рафæлдæхта, цавæр ахорæнтæ фæлвæрдта сурæттæ цардæгас кæныны тыххæй, уымæн æвдисæн Бексолтан йæхæдæг.

Дунеон драматургийы бæрзæндтæй иу у Шекспиры трагеди

«Макбет». Нæ театры дзы сæйраг фæлгонц сарæзта Бексолтан. Ролыл кусгæйæ, бакаст, Макбеты трагикон сурæт зæрдæмæхъаргæдæр чи скодта, уыцы артистты тыххæй æппæт æрмæджытæ дæр. «Макбет»-ы ма Бексолтан ахъазыд ноджы иу роль – Макдуфы (Тæбæхсæуты Бало-иу Макбеты куы хъазыд, уæд). Дыгай фæлгонцтæ ма скодта æндæр спектакльты дæр. Уыдонимæ Штокы «Грушенькæ», Дадианийы «Зынджы стъæлфæнтæ», Цопанаты Хаджумары «Ивгъуыд бонтæ», Саламты Къолайы æмæ Брытъиаты Зариффæйы «Дыууæ чындзæхсæвы», Саламты Къолайы «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ», Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы», Хъайттаты Сергейы «Хадзы-Мурат», Плиты Грисы «Чермен»...

Ирон театры ирддæр стъалытæй иу, Сланты Къоста, артисты хъысмæты тыххæй дзырдта: «Зын у артисты Цард. Дæ уд, дæ хъуыдытæ, дæ зонд... – дæхицæй сараз ног адæймаг, æмæ уый мидæг фæцæр! Уый дын хъысмæт!». Ахæм хъысмæт ис Тлаттаты Бексолтанæн дæр. Сæдæгай адæймæгты зæрдæйы конд равдисын, утæппæт фæлгонцты бацæуын стыр сфæлдыстадон куыст у. Иу дзы иннæимæ фæхæццæгæнæн куыд нæ уа, дыууæ адæймаджы æмхуызон куыд не сты, афтæ. Бексолтаны конд сурæттæй алкæуыл дæр æвæрд ис йæ курдиаты гакк. Ис сын алыхуызон миддуне, æнкъарæнтæ, ныхасыуаг, къахайст, цæстæнгас, фезмæлд. Цардæгас сурæттæ скодта Бексолтан, Ирон театры репертуары фидыц чи уыд, уыцы спектакльты: Еврипиды «Медея» – Ясон, Плиты Грисы «Чермен» – Бестол, «Сослан Цæразон» – Сослан, Бесаты Тазейы «Æхсарджынты кадæг» – Хетæг, Шекспиры «Къарол Лир» – Герцог, «Отелло» – Кассио, В. Массы «Хæххон чызг» – Михас, Темыраты Давиды «Мухтар» – Гæвди, Годжыцаты Исахъы «Уарзон зарæг» – Дудар, Саламты Къола æмæ Брытъиаты Зариффæйы «Дыууæ чындзæхсæвы» – Мадзур, Хамидовы «Бодз Алим» – Муссæ, Цæлыккаты Мæирбеджы «Бæтæйы фырттæ» – Будзи, Малиты Васойы «Саст бандон» – Хуындзау, Хуыгаты Георы «Æмпъузæнтæ» – Аго, Джыккайты Шамилы «Цомахъ» – Битар, «Æфхæрдты Хæсанæ» – Хъуыдайнат, Черчесты Барис æмæ Мецъаты Хъазыбеджы «Къостайы сагъæстæ» – Хораны–фырт, Хуыгаты Георы «Хъæздыг хæдзар» – Солым æмæ æндæртæ.

Бексолтан æмхуызон арæхсы, комедион æмæ трагикон фæлгонцтæ аразынмæ. Фæлæ æнкъарæнты хъаруйæ, хъæлæсыуагæй,

аивадон миниуджытæй у трагикон актер. Æнæферохгæнгæ сты йæ Чермен, Макбет, Бесæ...

Тлатты-фырты сценикон аивад хорз зонынц канд Ирыстоны нæ, фæлæ сыхаг республикæты дæр, Уæрæсейы, – гастрольты рæстæг æй кæм федтой, уыцы горæтты – Мæскуыйы, Петербурджы, Тбилисы, Цхинвалы, Махачкалайы, Налцыччы... Райгонд у актер, царды æмæ сценæйыл цы диссаджы адæмимæ фембæлд, уыдонæй. Тотраты Бесæ, Магкæты Арсен, Брытъиаты Зариффæ, Цæлыккаты Мæирбег, Тæбæхсæуты Бало, Икъаты Серафин, Цæрукъаты Алыксандр, Сланты Къоста, Саламты Къола, Хуыгаты Геор... Театр – мæ цард у, зæгъгæ, чи дзырдта, æппæт уыцы адæмæй. Бирæ хæттыты сфæлдыстадон кусæджы тынг фæхъæуы иунæг ныфсы ныхас, цæмæй йыл базыртæ базайа, схæца йæхиуыл, зæрдиагæй архайын райдайа. Фæлæ сæ нæ фехъусы. Бексолтаны хай хуыздæр хъысмæт фæцис. Уымæн ныхасæмбал, уынаффæгæнæг, йæ хæлар ахæм зынгзæрдæ адæймæгтæ уыдысты, æмæ семæ иу хатт фембæлын дæр амонд у.

Артистæн йæ ахуыргæнджытæ æмæ лымæн æмгæрттæ цы фарн ныууагътой, уый Тлатты-фырт хъахъхъæны æнæ зæрдæхудтæй. Фæлæ театры астæуккаг цæджындзтæй иу канд курдиатджын æмæ адæмæн уарзон артист нæу: Бексолтан йæ хъарутæ фæлвары литературон сфæлдыстады дæр, фыссы радзырдтæ, йæ диссаджы рæсугъд хъæлæсæй та ноджы аивдæр фæкæны, радио æмæ телеуынæны цы æмдзæвгæтæ бакæсы, уыдон.

Рæдаузæрдæ, хæдæфсарм, уæздан адæймаг æмæ Ирон театры æвæллайгæ лæггадгæнæг йæ цард æнæхъæнæй арвыста сценæйыл, фæлтæрд у, фæлæ йæм актеры дæсныйад æнцон никуы каст. Уый у æцæг сфæлдыстадон кусæджы миниуæг.

Ирон театр, ирон сценикон аивад абон цы уавæры сты æмæ цавæр хъуамæ уой, уый Тлаттаты Бексолтанæн у йе стырдæр сагъæс:

«Царды ивддзинæдтæ театрыл æнæ фæзынгæ не сты. Æз Ирон театрмæ æрбацыдтæн æстдæсаздзыдæй 1950 азы 10 сентябры. Æмæ дзы уæд цы фарн æмæ æгъдау уыдис, уый абон нал ис. Уæд афтæ ничи дзырдта «мæнæн уа», æрмæстдæр куыстой театрæн, «театрæн уа», ууыл хъардтой сæхи уæды фæлтæр. Æз дæр афтæ сахуыр дæн: цы архайын, уый театрæн цы пайда уыдзæн? Ирон театр бизнесы бынат нæу. Бизнес кæй хъæуы, уый йæ æндæр ран агурæд. Ирон театрæй æхца кæнæн нæй.

Уый у ирон адæмы культурæйы артдзæст, æмæ йæ адæмæн æруадзæнт. Æз мæхæдæг 5 азы фæкуыстон ам директорæй, æмæ дзы мыздæй уæлдай 5 капеччы дæр мæ дзыппы нæ сæвæрдтон. Уæдæ, Хуыгаты Геор куы фæрынчын, уæд дæр иу афæдз йæ бæсты уыдтæн, æмæ алцыдæр арæзтон куысты пайдайæн: балхæдтам компьютертæ, гæрстæхсæн машинæ, аивтам хъармгæнæн хæтæлтæ... Цард тынг аивта, æндæр сты адæмы ахастдзинæдтæ, сæ домæнтæ, сæ зонындзинæдтæ. Уымæ гæсгæ, Ирон театры кусын хъæуы æндæрхуызон. Цæмæй адæмы, фæсивæды телевизорæй, компьютертæй ратонын нæ бон бауа, уый тыххæй æвæрын хъæуы хорз спектакльтæ, сыгъдæг ирон пьесæтæ. Цæмæн афтæ зæгъын. Цалдæр азы размæ нæм Армен Джигарханяны театр спектакль равдыста. Хорз спектакль уыд, Дзиуаты Толик дæр дзы тынг хорз ахъазыд. Фæлæ ахæм æрмæг ирон сценæйæн, ирон цардæн нæ бæззы. Ахæм пьесæты нæй намыс, нæй кад, æфсарм, æгъдау. Махæн та æнæ уыдон цæрæн нæй. Хистæрæн æгъдау раттын, сылгоймагæн кад кæнын, кæстæры хынцын – уыдонæй хуыздæр махмæ ницы ис, уыдонæй нымад стæм иннæ адæмты 'хсæн. Æмæ куы фехæлой, уæд нæм ницыуал баззайдзæн. Æмæ хъуамæ Ирон театр адæмæн æвдиса уыцы хорздзинæдтæ. Иугай адæймæгтæн хъуамæ ма куса, фæлæ Ирыстоны адæмæн. Цæмæй артистты фæллойæ рухс кæной адæмы зæрдæтæ, сæрбæрзонд уой Ирон театрæй. Хорз фæхудыны спектакльтæ дæр хъæуынц. Фæлæ фæхудыны фæстæ куы рацæуой, уæд дзы зæрдæйы ницы баззайы. Раздæр та театр ахæм спектакльтæ æвдыста, æмæ уыдис, адæймаг дзы хорзæй цы райса, уый: рæсугъд æнкъарæнтæ, рæсугъд ахастдзинæдтæ. Ме 'рыгоны заманы Магкæты Арсен «Дыууæ хойы» куы сæвæрдта, уæд уым æвдыст уыд сыгъдæг ирон цард. Суанг æвзæргæнджытæм дæр уыд æгъдау, хистæрæн кад, лæггад кодтой сылгоймагæн. Кæд-иу сæ зæрдæ мидæгæй хæрам, æнаккаг уыд, уæддæр æгъдау дæттын зыдтой. Рагон цард, куыд уыд, афтæмæй йæ æвдисын хъæуы. Æмæ дзы рæзгæ фæлтæр хъуамæ сæхицæн хорзæй исты райсой, телевизоры халæг равдыстыты ныхмæ цы æрæвæрой, уый сын хъуамæ уа Ирон театры. Ныртæккæ нæ коллективы ис курдиатджын фæсивæд. Бирæ сæ уарзын, аргъ сын кæнын æмæ сæ хъахъхъæнын, цæмæй ма фæрæдийой, дзыппы пайдайы фæндагыл куыд нæ ацæуой, фæлæ сæхи аивадæн куыд снывонд кæной, уый мæ фæнды».

Стыр бузныг, нæ буц хистæр, ирон аивадæн цы удуæлдай лæггад кæныс, уый тыххæй. Бирæ азты ма дæ хæлар зондамындæй, дæ зæрдиаг архайдæй Ирон театр кадджын куыд уа, ахæм арфæ нæ уæд! Дæ хæрзæгъдау цоты, дæ хурты хурты, дæ æнгом, адæмæн уарзон бинонты цинæй æфсæст æмæ ныфсджын у!

Тлаттаты Бексолтанæн театры коллективы номæй арфæ кæнынц:

***Уыртаты Верæ,*** *Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артисткæ:*

– Бексолтан Ирон театры студимæ куы ‘рбацыд, бæрзонд, рæсугъд, хæрзконд, уæд ыл иууылдæр сæ цæст æрæвæрдтой. Фыццаг бонæй фæстæмæ йæхи равдыста фæзминагæй. Джызæйлаг лæппу йемæ спектакльтæм хаста æгъдау, ирон лæппуйы хуызздæр миниуджытæ. Хистæртимæ уа, кæстæртимæ – кæддæриддæр хицæн кодта йæ уæздандзинадæй. Цард бирæты аивы, фæлæ Бексолтан, стыр актер уæвгæйæ, йæхиуыл нæ фервæссыд, йе ‘гъдау æмæ уæздандзинад хæссы абоны онг. Алкæй фарсмæ дæр ахæм адæймаг куы уаид! Куыд хæлар, афтæ Бексолтаны хуызæн зын ссарæн у. Æз мæхи амонджын хонын, Бексолтанимæ бирæ азты кæй кусын, мæ хæлар кæй у, уымæй. Ахæм хабар ракæндзынæн. Æхсæвыгон мæ фатеры атыдта доны хæтæл, стыхстæн, цы кодтаин, уый нæ зыдтон, æмæ уыцы æнафоны Бексолтанмæ бадзырдтон. Уый мæ æрсабыр кодта, фæцæуын дæм, фæлæ, цалынмæ бахæццæ уон, уæдмæ доны цыд фæсабыр кæнынæн ахæм мадзал ис, зæгъгæ, мын бацамыдта. Бахъуыс кæныны, искæй фарсмæ балæууыны хъуыддаджы йæ разæй ничи фæуыдзæн, ахæм адæймаг у. Азтæ йыл рацыд, фæлæ нын ныр дæр у ныфс æмæ æнцой.

***Цырыхаты Розæ,*** *Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ:*

– Æз Бексолтанимæ 1968 азæй нырмæ кусын, æмæ дзы иунæг знæт ныхас дæр никуы фехъуыстон, мæсты дæр-иу куыд нæ сси, фæлæ æгъдауы сæрты никуы ахызт. Театр уарзы йæ удæй фылдæр. Иу дæнцæг. Спектакль «Цола»-йы иумæ архайæм, Бексолтан хъазы æвдæм ныввы, æз та – фыццæгæмы. Райсомæй æрбацыдтæ, æмæ та кæс, æмæ Бексолтан æппæты разæй цæттæйæ бады. Зæгъын, дæ архайд кæронæй куы ис, уæд цæмæн æрбахæццæ дæ сæумæцъæхæй? Уый бахудт æмæ афтæ зæгъы: «Розæ, æз хъуамæ спектаклы райдайæны ам уон. Уыцы æгъдауыл мæ театры хистæртæ сахуыр кодтой». Ахæм хъуамæ уа æцæг актер!

Спектакль «Къостайы сагъæстæ»: инæлар Хораны-фырт – Бексолтан.





Спектакль «Медея»: Ясон – Бексолтан.



*Бексолтан Хуырымты Уырызмæгимæ.*

Уæдæ «Æххуырст фæтæг» куы ‘вæрдтам, уæд-иу æрыгæттæй алкæмæ дæр бацыд æмæ-иу ын сабырæй цыдæртæ æмбарын кодта. Бексолтан йæ ирон æфсарм, йæ ирон фарн, ирон æвзаг хæццæ кæны кæстæртæм. Йæ царды фæндагмæ йын куы акæсай, уæд канд номдзыд актер нæу, фæлæ ма фæзминаг фыд, бинойнаг æмæ дада. Уый цы кæстæртæ схъомыл кодта, ахæмтæ алы ирон хæдзары дæр куы уаид! Кæстæр цы уыны, уый кæны, Бексолтаны цотæн, уыдоны цотæн рæдыд фæндагыл æрлæууæн нæ уыд, уымæн æмæ ахæм лæджы хæдзары хъомыл кодтой.

# «Мах дуджы» равдыст




*Нæ равдысты –*
***Тауаситы Сослæнбеджы** куыстытæ.*



*Сослæнбег æмæ Дзанæгаты Чермен*
*Къостайы цырты моделы цур.*



*Сослæнбег, йæ бинойнаг Маринæ
æмæ сæ фырт Ростан.*



*Хистæртæ.*



*Дыгургом хъахъхъæнджытæ. Рельефы фрагмент.*



*Къоста.*



*Лæппуйы райгуырд.*

*Сырх партизан.*





*Фæхицæны сахат.*



*Фыды сурæт.*



*Мады сурæт.*

*Чермен.*





*Плиты Иссæйы бюст.*



*Скæсæйнаг стъалы.*



*Салават Юлаев.*

## ФÆСНЫХАС «РАВДЫСТ»-МÆ

***2007 азы Уфайы джиппы рауагътой, номдзыд скульптор Тауаситы Сослæнбеджы цард æмæ сфæлдыстад парахатæй чи ‘вдисы, ахæм чиныг. Сты дзы нывгæнæджы куыстыты хуызистытæ дæр. Мыхуыр кæнæм чиныджы разныхас, ранæй-рæтты цыбыртæгондæй.***

*1967 азы 17 ноябры Республикæ Башкортостаны сæйраг сахар Уфайы кадимæ байгом кодтой башкираг адæмы хъæбатыр Салават Юлаевы цыртдзæвæн. Сарæзта йæ Тауаситы Дафайы фырт Сослæнбег (1894–1974), йæ архитектор – Исмагил Галейы фырт Гайнутдинов (1908–1977). Дыууиссæдз азы дæргъы уыцы цыртдзæвæн бæрзондæй кæсы сахары рæсугъддæр бынат Агиделы доны сæрмæ æмæ ссис Башкортостаны символ. Йæ хуызист сæууон хуры тынтæм æрттивгæйæ сфидауын кодта республикæйы герб дæр. Салават Юлаевы фæлгонцы ирдæй, иттæг аивæй разынди башкираг адæмы æхсарджын, сæрыстыр æмæ сæрибаруарзаг удыхъæд.*

*Монумент цы фæзы ис, уый дæр хæссы Юлаевы ном. Скульптурæ сфæлдисæджы фæндыди, цæмæй ацы райдзаст къуым суа Уфайы цæрджыты уарзон бынат, æмæ йæ бæллиц сæххæст: бæрæгбæтты дæр æмæ къаты бонты дæр ам вæййы бирæ адæм. Гранитæй астæрд постаменты бæрзæнд у 10 метры, цæнгæтæй конд монумент та – 9,6 метры (йæ уæз – 40 тоннæйы)...*

*Тауасийы-фыртæн ахæм монумент саразын йæ къухы кæй бафтыд, уый уыд йæ царды æппæты ахсджиагдæр цау. Кусгæ та йыл фæкодта 20 азы æмæ йын радта йе стыр уарзондзинад, уæлтæмæн, уды æмæ къухты фарн. Хъæбатыр, æндонæхсар лæджы сурæт йæ цæстытыл цы хуызæнæй уад, уый нывгæнæг бавæрдта Салават Юлаевы фæлгонцы. Геройæн йæ бакаст, йæ бæхылбадт, йæ фердæхт æвдисæг сты,*




*фæуæлахиз уæвынмæ уд-уæлдайæ кæй тырны. Салават уæлбæхæй сгæпп ласта айнæгмæ, йæ къух æд ехс хæрдмæ фæхъил кодта, æгъдæнцæйттыл слæууыд, йе 'фсургъы рохтыл цæхгæр æрбахæцыд, æмæ хайуан йæ фæстæгтыл йæхи æруагъта. Маэстро царды стыр тых бауагъта йе сфæлдисгæ хæзнайы. Гуыппырсар башкираг лæппуйы буары æнкъарæм æвæджиауы тых, йæ хæцъæфтæ æмæ тугдадзинтæ ныттынг сты. Ахæм хуызы æвдыст у бæх дæр...*

*Тауаситы Сослæнбег хуымæтæджы нæ бавнæлдта Салават Юлаевы фæлгонц аразынмæ. Йæхи цард дæр баст уыди тохимæ. Сæрыстыр, домбай дыгурон лæппу райгуырди хохы. 1918–1919 азты дуне куы сызмæсти, дзыллæтæ дыууæ дихы куы фесты, уæд Сослæнбег уыди бæхæфсæддон, партизанты къордтимæ Кавказы хæхты æхсарджынæй хæцыд урс контрреволюцийы ныхмæ.*

*Тауасийы-фырт профессионалон ахуырдзинад райста Петербурджы Уæлдæр аивадон институты (раздæры Аивæдты академийы) 1923–1927 азты. Йæ куыстытæй æппæты зындгонддæртæ сты инæлар Плиты Иссæйы бюст æмæ Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæн Дзæуджыхъæуы. Фæстаг куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыди Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон нывгæнæджы ном. Салават Юлаевы монументалон цыртдзæвæн кæй саразта, уый тыххæй та райста Башкирты АССР-йы адæмон нывгæнæджы ном. Сослæнбег уыди ССР Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат.*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

## ДО КОНЦА РАЗОБЛАЧИТЬ ТРОЦКИСТОВ НА ЛИТЕРАТУРНОМ ФРОНТЕ

Подлые щупальцы презренных врагов народа троцкистско-зиновьевских убийц, обагренных кровью лучшего ленинца, лучшего большевика С. М. Кирова, протянулись для вредительства и на идеологический фронт.

Неопровержимые факты последних дней показали, что в Союзе советских писателей Северной Осетии продолжительное время орудовали махровые троцкисты, заклятые враги социализма – Коста Фарнион, К. Дзесов, буржуазный националист Сармат Косирати и А. Болаев.

Многие из членов Союза советских писателей знали, что рядом с ними орудуют троцкисты, но не дали своевременно этим врагам сокрушительного отпора.

Классовый враг старается пролезть во все поры нашей жизни, чтобы навредить нам. Враг сует свое гнусное лицо и в художественную литературу и пытается протаскивать свою контрреволюционную контрабанду.

Фарнион – махровый троцкист, который яро боролся против генеральной линии партии, за что в свое время был исключен из партии и института журналистики. Почти в каждом своем «произведении» Фарнион выступал ярым глашатаем троцкизма, начиная с его ранних «произведений» и кончая последними – можно наглядно проследить, как этот мерзкий троцкист вел двурушническую политику. На словах он ратовал за линию партии, а на деле яростно боролся против нее. Такова была тактика Фарниона, как и всех бандитов из троцкистско-зиновьевского разбойничьего лагеря.

В 1930–31 году Фарнион со своим верным агентом – белогвардейцем А. Болаевым крепко прибрал к своим рукам журнал «Фидиог». Этот журнал они сделали плацдармом для распространения подлой троцкистской контрабанды. Они всеми способами затирали талантливый писательский молодняк Осетии, огульно

охаивали произведения многих известных старых писателей. Фарнион и Болаев до того обнаглели, что открыто заявляли: «Кроме нас в Осетии больше нет писателей». Чтобы создать себе литературный авторитет, эти люди шли на всякие средства.

В своих, с позволения сказать, «произведениях» они клеветали на молодую пролетарскую литературу, забрасывали грязью советскую писательскую молодежь.

В 1934 году Фарнион приезжает в Москву, где представляется как, «крупнейший поэт Осетии» и с апломбом требует организации его «творческого» вечера в Москве. Вкупе с неизменным Болаевым Фарнион обманул правление ССП Союза и устроил вечер. На этом вечере В. Абаев сделал доклад о «творчестве» Фарниона, сам же Фарнион выступил здесь с читкой стихов, которые являлись по своему содержанию явно клеветническими и враждебными.

В продолжении нескольких лет эти гнусные враги, Фарнион и Болаев занимались саморекламой, везде и всюду заявляя, что их «произведения» являются шедеврами в осетинской художественной литературе (как например, исключительно наглая реклама на «роман» Фарниона «Шум бури» в газете «Растдзинад»).

Фарнион, Косирати, Дзесов и Болаев ухитрялись занимать руководящие посты в периодической печати Северной Осетии. Так, Косирати заделался председателем Союза писателей и редактором журнала. Фарнион был его правой рукой, А Болаев – их агентом, обделывающим свои грязные дела в Москве. Все критические статьи, сколько-нибудь разоблачающие эту презренную шайку, они «списывали» в архив или же уничтожали.

Фарнион в своем «романе» «Шум бури» умышленно исказил осетинскую дореволюционную деревню и оклеветал осетинский народ.

Возмущает то обстоятельство, что эту явно клеветническую, контрреволюционную стряпню в свое время высоко подняли на щит некоторые писатели, рецензенты местного масштаба, а Облнациздат услужливо подготовил ее ко... второму изданию.

Друг и приятель троцкиста Фарниона – А. Болаев в своих произведениях умышленно исказил историческую правду о легендарном народном герое Чермене.

Этот же враг написал пьесу, в которой с исключительной наглостью оклеветал колхозное крестьянство, протаскивая контр-

революционную троцкистскую контрабанду о невозможности построения социализма в нашей стране.

Троцкист Кудзаг Дзесов напечатал рассказ в журнале «Фидиог». В этом «рассказе» Дзесов открыто протаскивал контрреволюционную, троцкистскую контрабанду.

Вся эта шайка пользовалась ротозейством многих гнилых либералов из издательств. Фарнион, Болаев и Дзесов занимались рвачеством, заключали договоры на одну и ту же вещь в одно и то же время, с несколькими издательствами.

Все эти негодяи, контрреволюционеры, свившие себе гнездо в союзе писателей, разоблачены и выгнаны из рядов Союза советских писателей. Но наша областная писательская организация должна решительно и быстро перестроить свою работу так, чтобы впредь не было места троцкистам, белогвардейцам, врагам народа в среде советских писателей.

Высокая революционная бдительность должна быть неотъемлемым качеством советских писателей.

***Тазе Бесаев,***
***Татари Епхиев.***
*«Пролетарий Осетии», № 207, (09.09.36 г.).*

## НИГЕРÆН НЕ ‘МБÆЛЫ СОВЕТОН ФЫССÆДЖЫ НОМ ХÆССЫН

Советон фыссæг йæ фыстыты хъуамæ æвдиса советон адæмы интерестæ. Кæй фыссы, уый хъуамæ йæ былы кæронæй ма дзура, фæлæ йæ йæхæдæг хъуамæ æвдиса царды мидæг, фысса йæ зæрдæбынæй. Нигеры æнаккаг митæ не сты советон кадджын фыссæджы митæ!

Советон сылгоймаг рацыди размæ социалистон цардарæзты тохы. Уый балæууыдис нæлгоймаджы æмрæнхъ æмæ тох кæны нæ цытджын райгуырæн бæстæйы коммунизмы бынтон фæуæлахизыл. Нымайы советон æхсæнад дæр ахæм æнувыд кусæг сылгоймæгты, æмæ сын лæвæрд цæуы стыр кадджын хæрзиуджытæ. Абон нырма цагъары бынаты чи дары йæ цардæмбалы, размæ йæ чи нæ уадзы цардмæ, уыдон не сты нæ абоны адæмæй.

Нигер гадзрахатæй рацыди Надеждæйыл. Надеждæйы куы куырдта, уæд рауагъта йæ мæлгъæвзаг æмæ фыста:

*Цæй, ныббар мын, хур,*
*Кæд дæ цæстысыг*
*Искуы м‘ аххосæй*
*Донау акалдис.*

*Зæгъын, баууæнд мыл:*
*Æз дæ сæраппонд*
*Рæвдз дæн раттынмæ*
*Цард, мæ бонты таг.*

«Йæ хур», йæ зæрдынцой хоны Нигер Надеждæйы. Суанг ма йæ цард æмæ йæ «бонты таг» дæр дæтты Надеждæйы сæрыл. Фæлæ уый уыцы ныхæстæ хъуыдысты сайыны тыххæй.

Литературæкæсæг уæрæх дзыллæ нымайынц æмæ уарзынц æцæг советон фыссæджы фыстытæ. Сылгоймагыл ма абоны онг дæр æфсондз чи дары, уый нæу фæллойгæнджыты фыссæг, стæй йæ сæхи хонгæ дæр нæ кæнынц. Фыссæджы цæмæй кæсой уæрæх дзыллæтæ, уый тыххæй хъуамæ уа нæ абоны адæмты раззагдæр рæнхъыты æппæт æгъдауæй дæр. Фысджыты цæдис æмæ нæ критиктæ не скодтой аргъ Нигеры сфæлдыстадæн. Фыццаг æркастæй дæр бæрæг кæны Нигеры фыстыты пессимизм æмæ цардæй иуварскæныдзинад. Райсæм ма йын йæ иу æмдзæвгæ «Рындзыл». Нигер бады хохы цъуппыл: йæ бын у куыдзæппарæнау, йæ сæр гæмæх у, афтæмæй йæ сæрыхъуынтæ мигътыл сæмбæлдысты. Тынг тас ран бады. Фæлгæсы нæ «нæртон лæг» ардыгæй æрдзыл. Фыссы:

*Фæлæ æз бынат нæ арын,*
*Риуы сагъæс æмæ фыд.*
*Зæрдæ фестад хисты арынг,*
*Зæрдæ тыхст æмæ уырыд.*

Афтæ суынгæг ис Нигерæн йæ зæрдæ 1927 азы. Социалистон цардарæзты нæ хъæуынц æппындæр ахæм уынгæг хъуырæй ласгæ ныхæстæ æмæ фыстытæ. Нигеры сфæлдыстад у иппæрд нæ абоны цардæй. Уый ныххæцыдис йæ зæронд гыццийы фæдджийыл æмæ ма абон дæр йæ фæдыл тæхы, фæстæмæ фæкæс-фæкæс кæнгæйæ.

Нæ зæрдæ дарæм Цæгат Ирыстоны советон фысджыты цæдисыл, кæй раргом кæндзысты Нигеры æцæг цæсгом. Сылгоймаджы цагъаргæнæгæн махмæ – Советон Цæдисы – нæй æппындæр

хатыр. Нигеры митӕ сты ӕнаккаг митӕ ӕмӕ сын хъуамӕ ахӕм хуызы аргъгонд дӕр ӕрцӕуа. Уый тыххӕй хъуамӕ сӕ ныхас зӕгъой нӕ фысджытӕ ноджы тыхджындӕрӕй.

***Цӕгӕраты Максим,***
***Баситы Дзаххотт,***
***Дзалаты Мойсей.***
*(«Рӕстдзинад» 1937 азы I август).*

**«Мах дуджы» редакцийӕ:** Ацы уацхъуыд ис Нигеры архивы (ЦИГСИИ-йы). Поэты къухӕй йӕ сӕрмӕ фыст: «Потомки, у вас были бдительные предки, вроде нижеподписавшихся». Уацхъуыды бын та: «Будущее покажет, кто подлец, кто нет. Niger».

# АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

## ЦÆЛЫККАТЫ АХМÆТЫ СФÆЛДЫСТАД АСТÆУККАГ СКЪОЛАЙЫ

Советон дуджы Цæлыккаты Ахмæты ном æвдай азæй фылдæр уыди хъодыгонд: 1921 азæй фæстæмæ йын йæ уацмыстæ нæ мыхуыр кодтой йæ райгуырæн бæстæ – Ирыстоны, йæ ном ын нæ уæндыдысты дзурын. Уымæн æмæ ацыди фæсарæнтæм, сæйрагдæр та уымæн æмæ нæ уыди разы советон царды уагæй.

Ахмæты радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, критикон уацтæ æмæ политикон афæлгæстытæ куы кæсай, уæд дæ цух нæ уадздзæн иу хъуыды: кæцыфæнды адæм дæр сæрыстыр æмæ буц кæмæй уыдаиккой, уыцы курдиатджын адæймаг цæмæн фæхауæггаг йæ фыдыбæстæй, хъулон уарзтæй кæй уарзта, уыцы Ирыстонæй? Цы уыди сæ аххос, цæмæн бавзæрстой Ахмæт æмæ нæ иннæ æмзæххонтæ утæппæт фыдæбæттæ, кæйдæр фæскъуымты цæмæн рахау-бахау кодтой?

Ныр дæр бирæтæ нæма æмбарынц, нæма сæм хъæры, дыууынæм æмæ æртынæм азты нæ литературæ æмæ культурæйыл цы стыр бæллæх æрцыди, цы фарнылæгтæй фестæм æнæхай, уый. Йæ зонд дæрдтыл кæмæн æххæссыд, йæ хъуыды кæрдаг кæмæн уыд, йæ зæрдæ парахат, йæ цæст уынаг, уыдон аивылдысты æцæгæлон бæстæм, нæ чысыл Ирыстон та гаффуттæй аззади. Сæ «аххос» та уый уыд, æмæ ног царды нысантæ сæ зæрдæмæ нæ айстой, мидхæсты æвирхъæу цаутæ, æфсымæр æфсымæрмæ туджджыны цæстæй кæй акаст, адæм кæрæдзи цæгъдыныл кæй систы, уыцы нывтæй сæ зæрдæ амарди, сæ ныфс асасти, райсомы бон сæм разынди ноджы мылазондæрæй æмæ сæ сæртæ фесæфтой æбæрæг рæттæм. Мæгуыр куыд нæ уыд, æвæдза, Цæлыккаты Ахмæты æмæ Гæздæнты Гайтойы хуызæн лæгтæй чи фæцух, уыцы бæстæ.

Азтæ цыдысты. Паддзахæдты 'хсæн фыдæх иуцасдæр байсысти, фæлæ уд йæ хъизæмарæй нæма фервæзти, тыхсы, риссы: цас æмæ цас хорз адæймæгтæ бабын сты культы азарæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цæхæры! Æниу сабыр царды азты

дæр бирæтæ байсæфти Хуыцауы рæстæй, иу иннæйы кæй ны- мыгъта, кæй уæй кодта, уый аххосæй.

Фæлæ, Хуыцауæй разы, знон хъодыгонд чи уыд, адæмы зна- джы, националисты, гадзрахатæйцæуæджы номæй кæй тыдтой, уыцы хæрзæджытæ здæхынц сæ райгуырæн бæстæм (сæхæдæг нæ – сæ нæмттæ), систы нæ историйы, нæ культурæйы, нæ ли- тературæйы ахсджиаг хай. Сæ бынтæ, сæ фæллæйттæ биноныг кæнын, зонын – нæ абоны кадджын хæс.

Бирæ рæстæг нæма рацыд, Ахмæты сфæлдыстадон бынтæ астæуккаг æмæ уæлдæр скъолаты ахуыр кæнын куы байдыд- той, уæдæй. Нæма ис методикон традици.

Цæлыккаты Ахмæты радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, йæ роман фыст сты уырыссагау, адæймаджы æфтауынц хъуыдытыл, æвзæрын æм кæнынц рæсугъд æнкъарæнтæ. Йæ радзырдтæй цалдæр тæлмац æрцыдысты ирон æвзагмæ. Раивтой сæ Дзасохты Му- зафер, Хъодзаты Æхсар æмæ Мамыкъаты Хъазыбег.

Ахмæты царды хабæрттæ æмæ сфæлдыстадон бынтæ скъо- ладзаутæ ахуыр кæнынц 9-æм къласы. Ирон литературæйы про- граммæйы фыссæджы сфæлдыстад хауы стыр темæмæ: «Ирон литературæ XX æнусы райдайæны (1905–1917)». Ацы темæйы лæмбынæг каст æрцæудзæни Байаты Гаппо, Коцойты Арсен, Цæголты Георги, Тлатты Хох, Брытъиаты Елбыздыхъо, Цæлык- каты Ахмæт, Хъороты Дауыт, Илас Æрнигон æмæ Токаты Али- ханы сфæлдыстадмæ. Уыдонæй эмиграцийы уыдысты дыууæйæ – Байаты Гаппо æмæ Цæлыккаты Ахмæт. Фæлæ Гаппо æмæ Ахмæтæн сæ эмиграцийы кæй уыдысты æмæ сæ царды уыцы заманы тыххæй программæйы иунæг ныхас дæр нæй.

Программæ Ахмæты тыххæй домы ахуыргæнæгæй, цæмæй радзура ахуырдзаутæн фыссæджы царды æмæ æхсæнадон ар- хайды хабæрттæ, равдиса Ахмæты, куыд публицисты, йæ уац- мыстæ йын куы ‘взара, уæд æнæмæнгæй куыд зæгъа, æхсæны цард æмæ аивады фарстатæ æмæ сæрибары идейæтæ Ахмæты уацты куыд æвдыст цыдысты, уый тыххæй.

Ахмæт фæцарди 46 азы, уыдонæй аст азы фæци эмиграцийы. Ахуыргæнæг хъуамæ радзура скъоладзаутæн, цæмæн ахауд Ахмæт фæсарæнтæм, куыд цардис ам, цы куыста æмæ цавæр уацмыстæ ныффыста Чехословакийы æмæ Польшæйы. Ахуыр- гæнæджы ныхасæн æрмæг райсæн ис «Рæстдзинад» æмæ «Мах дуджы» уацтæй.

**Цæлыккаты Темболаты фырт Ахмæт** райгуырди 1882 азы Ногхъæуы. Каст фæци Стъараполы гимназ. Уый фæстæ бацыди Мæскуыйы университеты юридикон хайадмæ, каст æй фæци 1906 азы. Ахуыр ма кодта, афтæмæй фæцалх революцион куыстыл. Йæ фæдыл зылдысты, иу заман æй раппæрстой уæлдæр скъолайæ, бадти ахæстоны. Уырныдта йæ, цардæн фæхуыздæргæнæн кæй ис революцион тохы фæрцы æмæ бацыд Уæрæсейы социалон-демократон кусæг партимæ. Йæхи нымадта марксистыл. Зæгъæм, 1917 азы Пысылмæтты æппæтуæрæсеон съезды дзырдта къласон тохы æмæ Марксы теорийы тыххæй, адæмы уæззау уавæрыл, равдыста йæ уæдыккон принциптæ: хъуыдыгæнæг лæджы хæс у адæммæ сæрибары, æфсымæрдзинады идейæтæ хæссын. Уыдонæн та уæвæн ис социалистон цардарæзты уавæрты. Фæстæдæр Ахмæт аивта йæ æхсæнадон-политикон цæстæнгас. Раздæр дзырдта хæдхæцæг-хъазайрадон цардарæзт тыхæй раппарыныл, ныр та (1905–1907 азты фæстæ, революци саст куы æрцыд, бирæ туг куы ныккалд, уæд) ныххæцыд æндæр зондыл: ома – социализмы сæраппонд тох дарддæр дæр хъæуы, фæлæ – æхсæнады демократон ивддзинæдты руаджы, тынг сырæзгæ капиталистон ахастытыл æнцайгæйæ.

Ахмæт хорз зонгæ уыди стыр революционер В. Г. Плехановимæ, уымæн йе 'мкусджытæ Архангельский, Соломин æмæ Элимæ. Хицон ын уыдысты сæ хъуыдытæ, хæцыди сæ фарс. Уый тыххæй йæ ныхмæ дзырдтой большевиктæ æмæ сæ фæтæг В. И. Ленин. Фæлæ рохгæнгæ нæу, Ленин Ахмæты куыд революционер-интернационалисты æмæ революционер-трибуны бæрзонд кæй æвæрдта. 1917 азы сæрды революцион Петрограды ныхмæ алы адæмыхæттыты минæвæрттæй арæзт дивизи (историмæ бацыди, Хъæддаг дивизи, зæгъгæ, ахæм номимæ) куы барвыстой, уæд Ахмæт уыди Пысылмæтты Æппæтуæрæсеон Советы сæрдар, æмæ дзы Ленин куырдта, цæмæй ацæуа Хъæддаг дивизийы размæ æмæ йæ баурома. Ахмæт, дзурынмæ иттæг хæрзарæхст уæвгæйæ, дивизийы командæгæнæгæн уавæр бамбарын кодта, Петроградмæ сæ хуымæтæг кусæг адæмы ссæндынмæ кæй æрвитынц æмæ бонджынты, паддзахы фæсдзæуинты сæрыл кæй хæцдзысты, уый. Дивизи сразы Цæлыччыфыртимæ æмæ Петроградмæ бацæуын нæ бакуымдта.

Фæлæ уæддæр Ленинæн йе 'нæуынон уыд Ахмæт. Цæмæн? Æвæццæгæн, уымæн æмæ революцийы хæдразмæ азты дæр

Ахмæт «хæццæ кодта социализм æмæ шариат». Уыцы рæстæг Цæлыччы-фырт куыста ног философон теорийыл, фæстæдæр пысылмон социализмы теори кæй рахуыдтой, ууыл. Цалдæр азы фæстæ Ахмæт ныффысдзæни: «Махæн нæ сæрибар райгуырди революцийы тугæй æмæ нæ тырыса дæр уый хуызæн у. Фæлæ мах, революцийы цот, уыцыиу рæстæг стæм исламы фырттæ дæр. Мах пысылмæттæ стæм! Æмæ цъæх та исламы хуыз у».

Искæй хъуыды æппындæр чи ницæмæ дардта, уыцы «стыр философ æмæ политик», нæ «фæтæг æмæ нæ ахуыргæнæг» Ленин, ай-гъай, не сразы пысылмон социализмы теорийыл. Уымæн ахæм æвзæр характеристикæ радта Ахмæтæн: Цæлыккаты А. Т. (Ахмет, Ц.) социал-демократ, меньшевик. Хæцыдис оппортунистон хъуыдыйы фарс, йæ уацтæ мыхуыр кодта меньшевикты æрвылкъуырион «Наше дело»-йы (1906), журнал «Возрождение»-йы (1909) æмæ æндæрты. Мидхæсты æмæ фæсарæйнаг интервенцийы заман кодта контрреволюцион куыст Кавказы. Советон хицауад Гуырдзыстоны куы фæуæлахиз, уæд алыгъд фæсарæнтæм (В. И. Ленин. ПСС. Издание пятое т. 15, М., «Политиздат», 1968, 559 фарс).

Советон хицаудзинад Кавказы куы ‘рфидар, уæд Ахмæт тох кодта ам цæрæг æппæт адæмты сæрыл. 1918 азы Терчы адæмты съезды уыдис æмсæрдар. Уæрæсейы паддзахадон хицаудзинад кæй раивта, уымæй разы уæвгæйæ, Ахмæт дзырдта: «Мæн сымах, зæгъæн ис, æмхъæлæсæй равзæрстат æмсæрдары бынатмæ, уымæн æмæ æз дæн, революцийы рухсмæ чи тырны, æппæт фæллойгæнæг адæмтимæ æфсымæрон хъæбысы чи баиу, уыцы азиæгтæй иу».

Ахмæт фæсарæнтæм кæд ацыд, уый бæлвырд нæ зонæм. Уый, æвæццæгæн, уыдаид 1921 азы кæрон кæнæ 1922 азы райдайæны. Айдемир Иззет йæ чиныджы «Афсизаг (черкесаг) мухадзырты рухстауджытæ» (мыхуырæй рацыд Анкарайы 1991 азы) фыссы: «Большевикты революцийы фæстæ Ахмед Чалыккаты ныууагъта йæ райгуырæн бæстæ æмæ æрцарди Турчы, фæстæдæр та – Чехословакийы...» Ахмæты разамындæй 1924 азы Прагæйы уырыссаг æвзагыл уадзын байдыдтой журнал «Кавказский Горец». Цыбыр æмгъуыдмæ уый æрбангом кодта цæгаткавказæгты, сси кадджын мыхуыры оргæн.

1928 азы Цæлыккаты Ахмæт йæ куыст рахаста Польшæмæ.

Уырдæм раивтой йе ’мкусджытæ Байтугъанты Барысби, Джанбек Хавзоко, Ибрагим Чулик, Бало Билатти æмæ иннæтæ дæр. Уадзын райдыдтой журнал «Вольные горцы».

Цытджын лæг 1928 азы сентябры дыккаг бон куы фæзиан, уæд Европæйы (уæлдайдæр та Францы) политикон æхсæнадтæ иууылдæр хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс ракодтой кавказæгтæн. Йæ мæлæты размæ, тыхст рынчынæй, Ахмæт советон хицауадæй куырдта йæ райгуырæн Ирыстонмæ æрбаздæхыны бар, фæлæ ахæм бар «адæмы знагæн» нæ радтой. Йе ‘нусон бынат Цæлыччы-фырт ссардта Варшавæйы пысылмон уæлмæрдты.

Ирон литературæйæ 9 къласæн ахуыргæнæн чиныг у тынг мæгуыр, нæй дзы æрмæг Ахмæты æхсæнадон æмæ революцион куысты тыххæй. Уымæн радзырдтам афтæ биноныгæй нæ «литературæйы зиууоныл» (Нафийы ныхæстæ).

Ахмæты уацмыстыл дзургæйæ, ахуыргæнæгæн стыр æхххуыс фæуыдзысты **фыссæджы уацмысты чингуытæ æмæ уый тыххæй критикон уацтæ** журналтæй æмæ газеттæй:

1. *Цалыккаты Ахмет.* «Память о мертвых»: Рассказы. Публ. А. Мзокова «Дарьял», 1995, № 4

2. *Ахмет Цаликов.* Избранное. Владикавказ, «Ир», 2002.

3. Цæлыккаты Ахмæт. Таурæгътæ, новеллæтæ. «Мах дуг», 2001, № 2.

4. *Медоев К.* Возвращение сына Иристона на свою родину. Газета «Владикавказ», 2003, № 28, 34, 36, 37.

5. *Медойты Хъ.* Йæ сагъæс – Ирыстоны кад, йæ намыс – Ирыстоны ном. «Рæстдзинад», 2000, № 163.

6. *Мзокты А.* Фæсарæйнаг ирæттæ æмæ се сфæлдыстад «Мах дуг», 1997, № 2.

7. *Джикаев Ш.* Жизнь – путь подвижничества и долга. «Литературная Осетия», 1988, № 72.

8. *Медойты Хъ.* Ахмæты фæндæгтæ. «Мах дуг», 2001, № 2.

9. *Мзокты А.* Фыдыбæстæй – æнæ хай. «Мах дуг», 1995, № 10.

10. *Уарзиаты В.* Дон дæр йæ рагон фæд агуры... «Мах дуг», 1993, № 5–6.

Ахуыргæнæг урокты пайда кæндзæн цæстуынгæ æрмæгæй – Ахмæты къамтæй – райстам сæ журнал «Мах дуг»-æй (2001, № 2). Ам сты йæ дыууæ портреты (иу дзы ист у айдæнмæ кæсгæйæ), æртыккаджы – Ахмæт йæ мад Гиго, йæ кæстæр æфсымæр Шамил (уый æрцахстой æмæ фесæфтой 1937 азы)

æмæ йæ хойы чызг Дибæханимæ. Иннæйы – Ахмæт æмæ Цæлыккаты Газо. Бынтон цымыдисаг та у фæндзæм хуызист – ам Ахмæт дыккаг рæнхъы рахизырдыгæй цыппæрæм – 1917 азы Петроградмæ Хъæддаг дивизи хæцынмæ куы ‘рбацыд, уæд уый чи баурæдта, уыцы минæварады уæнгтимæ.

Ахуыргæнæг Ахмæты царды хæбæрттæ куы кæна, уæд радзурдзæн ацы хуызистыты тыххæй. Ахæм куыст ахъаз фæуыдзæни сывæллæттæн бамбарынæн, цæмæн ацыд Ахмæт фæсарæнтæм æмæ цавæр тухитæ бавзæрста.

Дæлдæр дæттæм ирон литературæйы ахуыргæнæгæн Ахмæты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй урокты арæзт.

1-аг урок

**Урочы темæ: «Лыгъд адæмы хъизæмæрттæ Цæлыккаты Ахмæты радзырд «Бынылзад убых»-ы.**

Туркмæ лидзæг хæххон адæмы трагикон хъысмæтæй иу ныв. Хатажукы фæлгонц. Хатажук æмæ йæ бæх. Фыдыбæстæ æмæ райгуырæн зæхмæ уарзондзинад. Радзырды аивадон мадзæлттæ.

**Урочы нысантæ:** скъоладзауты базонгæ кæнын Ахмæты цард æмæ сфæлдыстадимæ; йе ‘хсæнадон-политикон куыстимæ; йæ эмиграцийы цардимæ; аив бакæсын æмæ равзарын радзырд «Бынылзад убых»; сывæллæтты ахуыр кæнын райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл; радзырды аивадон мадзæлттæ раиртасын.

**Урочы эпиграф:**

Идут года... О, тяжкий путь изгнания!..
О, песня родины! О, зарево пожара!..
Поймет ли кто ненужные страдания –
Печальное наследие прошедшего угара?!.

*Цæлыккаты Ахмæт «Потух очаг!..» (1927)*

I. Раздæр ахуыргæнæг радзурдзæн Ахмæты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй, равдисдзæн ахуырдзаутæн фыссæджы чингуытæ, йæ къамтæ. Уæлдæр цы æрмæг ис Ахмæты тыххæй, уымæй спайда кæндзæн йæ ныхасы.

II. Уый фæстæ аив бакæсдзæн Ахмæты радзырд «Бынылзад убых». Ахуыргæнæджы аив кастæй скъоладзаутæ хуыздæр бамбардзысты радзырдæн йæ сæйраг хъуыды æмæ йæ идейæ.

III. Радзырды ис бирæ зынæмбарæн ныхæстæ æмæ дзырдбæстытæ. Ахуыргæнæджы хæс – бакасты фæстæ ацы дзырдты æмæ дзырдбæстыты нысаниуæг ахуырдзаутæн раргом кæнын.

**Дзырдуат радзырдмæ:**

**Эмиграци** – æвæндонæй дæ цæрæнбынат баивын иу бæстæйæ иннæмæ алыхуызон экономикон, политикон, дин æмæ æндæр аххосæгтæм гæсгæ.

**Убыхтæ** – кавказаг адæмыхатт, цардысты Сау денджызы былыл, сæ фылдæры фæтардтой Туркмæ, иннæтæ фесæфтысты.

**Æнаккæгтæ** – знæгтæ, æндæр диныл хæст адæм, ам: уырыссæгтæ.

**Бынылзад** – иунæг, тугхæстæг дæр кæмæн нал ис, ахæм адæймаг.

**Æфсургъ** – хæрзмыггаг бæх.

**Гадзрахатæй** – сайдæй рацæуын, ауæй кæнын.

**Къæрттæй цъула не ‘ппæрстой** – не сразы сты, лæджы фæндонмæ нæ байхъуыстой.

**Æрхъула сты** – йæ алыварс æрлæууыдысты, æртыхстысты.

**Æмыр кæуын** – куыд ничи дæ хъуса, афтæ кæуын.

**Сæ цæст æрæвæрдтой** – дис кодтой.

**Нæрæмондæрæй архайын** – цæуыл ахуыр уыд æмæ цы зыдта, уыдон иууылдæр равдисын.

**Æнæрцæфæй равдисын** – йæхи дæсныйæ равдисын.

**Денджызы хуыдым** – денджызы уылæнтæ кæм зилдух кæнынц, уыцы ран.

Дарддæр урочы куыст цæуы радзырд «Бынылзад убых»-ы мидисыл, дæлдæр цы фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ ис, уыдонмæ гæсгæ.

IV. **Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ радзырдмæ:**

1. Уæ зæрдæмæ фæцыдис Цæлыккаты Ахмæты радзырд? Цæмæй? Цавæр хъуыдытæ æмæ уæм æнкъæрæнтæ равзæрд?

2. Цавæр рæстæг равдыста йæ радзырды фыссæг? Цæмæн ныууагътой сæ райгуырæн зæхх убыхтæ æмæ иннæ хæххон адæм æмæ цæмæн лыгъдысты Туркмæ?

3. Чи уыд Хатажук? Цавæр адæмыхатт уыдысты убыхтæ? Кæцы ран цардысты?

4. Куыд равдыста Ахмæт йæ радзырды «ацы æнаккæгты»? Ссар радзырды уыдоны койтæ (493 ф., 497 ф.), лæмбынæг сæ бакæс æмæ ратт дзуапп фарстæн: цæмæн «сарæзтой сæ ных денджызы былмæ» убыхтæ, цæмæн «хъуамæ сæ сæрæн исты хос скæной, кæннод байрæджы уыдзæн»?

5. Убыхтæ æмæ иннæ хæххон адæмтæ сæ райгуырæн зæххыл сæ къух кæй систой, уымæй фæрæдыдысты? Истори цавæр уынаффæ рахаста ацы проблемæйæн?

6. Цавæр хъизæмæрттæ бавзæрстой лыгъд адæм Сау ден-джызы былмæ цæугæйæ? Куыд рауад Хатажукы бинонты хъысмæт?

7. Куыд равдыста Ахмæт йæ радзырды Хатажук æмæ йæ бæхы иузæрдиондзинад? Цæмæн афтæ бирæ уарзта йæ бæхы Хатажук?

8. Цавæр бынат ахста бæх хæххон адæмы царды? Цæмæн иу «ныккасти хуры тын» Хатажукы зæрдæмæ, йæ «иузæрдион æмбалы»-иу куы федта, уæд?

9. Лæмбынæг бакæс, Хатажук йæхи æмæ йæ бæхы балцмæ кæм цæттæ кæны, радзырды уыцы бынæттæ.

10. «Хатажукы зæрдæ суынгæг æмæ бæхы бæрзæйæ йæ æмыр кæуын райхъуыст...» – фыссы Ахмæт. Цæуыл куыдта Хатажук? Радзур ын йæ царды хабæрттæ. Куыд бафтыд байраг йæ хицауы къухы æмæ дзы куыд рауади «æмбисондæн хæссинаг æфсургъ»?

11. Цæмæн æмæ цæмæ хæлæг кодтой Хатажукмæ йе знæгтæ?

12. Раргом кæнут радзырды ацы скъуыддзаджы хъуыды: «Хатажукы цард, зæгъæн ис, æмæ иууылдæр баст уыд йæ бæхимæ. Цыдæриддæр æхсызгондзинадæй бавзæрста, уыдон ыл иууылдæр уыимæ æрцыдысты. Æмæ мæнæ ралæууыди сæ фæхицæны рæстæг. Йæ царды тæккæ уæззаудæр сахат. Зыбыты иунæгæй куы баззад, уæд...»

13. Радзурут, куыд равдыстой Хатажук æмæ йæ бæх лыгъд адæмæн æмæ се знæгтæн «æвзыгъд барæджы митæ» æмæ цæмæн?

14. Цæмæн смæсты Хатажук йе знæгтæм? Цы банымадта йæхицæн стыр æфхæрдыл?

15. Куыд фесæфтысты Хатажук æмæ йæ бæх? Лæмбынæг куы бакæсат радзырды фæстаг хай, уæд зæгъдзыстут, цæмæн равзæрста «бынылзад убых» йæхицæн ахæм мæлæт.

16. Йæ масты фæндагыл кæй ацыд Хатажук, уымæй раст бакодта?

17. Цавæр лæджыхъæды миниуджытæ йæм уыд?

18. Цæмæн схуыдта «Ахмæт йæ радзырд «Бынылзад убых»? Раргом кæн дзырд **«бынылзад»-ы** нысаниуæг. Радзырд фыст уыд уырыссагау æмæ хуынди «Последний убых». Ирон æвзагмæ раст тæлмацгонд æрцыд радзырды ном?

19. Ирон æвзагмæ радзырд раивта Дзасохты Музафер. Тæлмац дæ зæрдæмæ цæуы?

20. Фыссæг цæмæй йæ хъуыды æххæстдæрæй раргом кæна æмæ уацмысы архайджыты миддуне бирæвæрсыгдæрæй равдиса, уый тыххæй пайда кæны алыхуызон мадзæлттæй. Радзырды бирæ ис метафорæтæ, абарстытæ, аллитерацитæ æмæ æндæр аивадон фæрæзтæ. Лæмбынæг æркæс текстмæ æмæ сæ рафысс дæ тетрадмæ. Ратт дзуапп фарстæн: цæмæн пайда кæны арæх Ахмæт ахæм аивадон мадзæлттæй?

21. Нырыккон ирон литературæиртасæг Салæгаты Зоя йæ фæсныхасы Ахмæты æвзæрст уацмысты чиныджы (Дзæуджыхъæу, «Ир», 2002) 461 фарсыл фыста радзырды тыххæй: «Последний из убыхов» – это целая поэма о высоком понимании горцем человеческого достоинства, о том, что позорной жизни он предпочитает гибель, о его по-детски трогательной привязанности к коню, что говорит о мягкости его души, поэма о гордости и решительности кавказцев». Разы дæ литературæиртасæджы хъуыдыимæ? Цæмæн схуыдта Зоя Ахмæты радзырд «æнæхъæн поэмæ»?

22. Цавæр нывтæ саразис радзырд «Бынылзад убых»-мæ? Куыдæй æвдыст æрцæуиккой дæ ныввы Хатажук æмæ йæ диссаджы æфсургъ?

V. Ахмæты хъысмæты хуызæн сты уырыссаг фыссæг Николай Туроверовы цард æмæ сфæлдыстад. Сæ уацмысты мидис дæр у æнгæс. Байхъусут-ма йе 'мдзæвгæтæй иумæ æмæ раттут дзуапп фарстытæн:

1. Цы ис иумæйагæй Ахмæты радзырд æмæ Н. Туроверовы æмдзæвгæйы?

2. Уæ зæрдæмæ кæй уацмыс фæцыди тынгдæр – Ахмæты æви Н. Туроверовы? Цæмæй?

VI. Ахуырдзау чиныгмæ æнæкæсгæйæ дзуры уырыссагау æмдзæвгæ:

**Николай Туроверов (1899–1972)**

**Крым**

Уходили мы из Крыма
Среди дыма и огня,
Я с кормы все время мимо
В своего стрелял коня.
А он плыл, изнемогая,
За высокою кормой,
Все не веря, все не зная,

Что прощается со мной.
Сколько раз одной могилы
Ожидали мы в бою.
Конь все плыл, теряя силы,
Веря в преданность мою.
Мой денщик стрелял не мимо,
Покраснела вдруг вода...
Уходящий берег Крыма
Я запомнил навсегда.
*1942*

*(Газет «Новые Известия», 2007, № 3. Из антологии Евгения Евтушенко «Десять веков русской поэзии»).*

VII. **Скъоладзауы радзырд «Николай Туроверов – хъазахъхъаг поэт».**

**Туроверов Николай Николаевич** райгуырди 1899 азы станицæ Старочеркасскаяйы. Архайдта фыццаг дунеон æмæ граждайнаг хæстыты. Паддзахы афицер уæвгæйæ, 1920 азы Уæрæсейæ Урс æфсадимæ ацыди фæсарæнтæм. Иннæ хъазахъхъæгтимæ царди Сербийы, фæстæдæр афтыди Францмæ. Æвзæрст æрцыди сæрдарæй Парижаг Хъазахъхъаг Цæдисæн.

Йæ фыццаг чиныг «Фæндаг» («Путь») рухс федта 1928 азы. Хæсты размæ ма йын мыхуыры рацыди дыууæ чиныджы. Дыууæйæн дæр сæ ном – «Æмдзæвгæтæ». Ахæм номимæ Туроверовæн хæсты фæстæ дæр фæзынди дыууæ чиныджы – 1942 æмæ 1965 азты.

«Хъазахъхъаг поэтты» æхсæн, уырысы фæсарæйнаг литературон критикты хъуыдымæ гæсгæ, Николай Туроверов ахста фыццаг бынат. Эмиграцийы Туроверовы хуыдтой «Хъазахъхъаг Боян» (зарæггæнæг, кадæггæнæг).

Туроверов амарди 1972 азы Парижы.

Ахмæт йæхæдæг дæр уыди поэт. Фыста уырыссагау. Цæуыл дзуры Ахмæт йе ‘мдзæвгæты? Ацы фарстæн дзуапп ратдзыстут, йæ поэтикон уацмыстæй йын иу куы фехъусæм, уæд.

VIII. Ахуырдзаутæй иу аив кæсы Ахмæты æмдзæвгæ чиныгмæ нæ кæсгæйæ:

### ÆЦÆГÆЛОН БÆСТÆЙЫ

Фæтардтой йæ æнаххосæй йæ зæххæй.
Æнæ хион, æцæгæлæтты астæу
Хæрзиунæгæй кæйдæр бæстæйы мард.

Æмæ æваст йæ цæстыл ауад ивгъуыд:
Фыдæлты бæстæ, урс цъититæ, ком,
Йæ райгуырæн хъæу, къахвæндаг, сæрвæттæ,
Тъыфыл цæргæстæ арф-арфид цъæх арвыл,
Уыгæрдæнтæ, фыййауы зарæг рындзæй,
Фысты уасын, бæхы хуыррытт, куыйты рæйд...
Æрымысыди йе 'взонджы хæтæнтæ:
Куыд рабалц кодта бонцъæхты бæхыл,
Тыхгæнæг ыл куыд æрбамбæлди хъæды.
Лæгæй-лæгмæ хæст... Хъамайы цъыччытæ...
Æхсаргарды дзæхст... Карз хъуырдухæн... Туг...
Мæлæг уды зынудисæн... Фæстаг хъæр...

Куырттатаг лæг цы нæ бавзæрста царды!
Йæ хæтæнтæ, уæхскуæзæй куыст, йæ уарзт,
Йæ удхæрттæ, йæ карз тохтæ, йæ хъазуат...
Хæссы сæ ныр нæ мæнг дунейæ дардмæ,
Хæссы фæцу 'мæ ма 'рцуйы бæстæмæ...
Рæхджы йыл фын, æнусон фын æртыхсдзæн.
Фæстаг хатт ма йæм иу бæллиц фæзынди:
Тæхуды, фен-ма иунæг хатт Кавказ!

*(Журнал «Мах дуг», 2012, №10. Уырыссаг æвзагæй Хъодзаты Æхсары тæлмац).*

IX. **Фарстытæ æмдзæвгæмæ:**

1. Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ равзæрын кодта Ахмæты æмдзæвгæ уæ зæрдæты?

2. Цæмæ бæллыдысты, фæсарæнты цы ирæттæ царди, уыдон?

3. Кæд æмæ куыд ахаудысты уыдон фæсарæнмæ? Цæуыл уыд сæ сагъæс?

4. Дæумæ гæсгæ, цавæр хъæлæсы уагæй кæсын хъæуы ацы æмдзæвгæ?

5. Цы ауади йæ цæстытыл лирикон хъайтарæн йæ амæлæты размæ?

6. Цæлыккаты Ахмæты цард æмæ сфæлдыстад иртасæг Салæгаты Зоя ацы æмдзæвгæйы тыххæй загъы: «Поэт ам (æмдзæвгæ «В изгнании»-йы – М. А.) æвдисы йæхи хъысмæт, фæлæ йæ ныхæстæ иууылдæр дзаг сты уарзондзинадæй йæ адæммæ». Раст у литературæиртасæг? Цы баззад фыссæджы зæрдæйы Ирыстоны æрдзы нывтæй æмæ куыдæй?

7. Ахмæт ныффыста цалдæр æмдзæвгæйы: «Черкесская песня», «Песня горца-узника», «Сонет», «Пора пришла!», «Потух очаг!..» æмæ «В изгнании». Уыдоны бæрæг дары фыссæджы поэтикон дæсныйад. Цавæр аивадон мадзæлттæй æмæ фæрæзтæй пайда кæны Ахмæт æмдзæвгæ «Æцæгæлон бæстæйы»?

8. Цæмæн æрцыд фыст ацы æмдзæвгæ уырыссагау? Нæ бон зæгъын у, Ахмæт уырыссаг æвзаг хорз кæй зыдта, уый?

Фыццаг урок Ахмæты сфæлдыстад ахуыр кæнынæй фæхæццæ йæ кæронмæ. Ахуыргæнæг амоны скъоладзаутæн хæдзармæ куыст.

XI. **Хæдзармæ куыст:** 1) зонын Ахмæты царды хабæрттæ; 2) ныффыссын цыбыр нывæцæн ахæм темæйыл: «Цæлыккаты Ахмæт – цыбыр радзырды дæсны»; 3) уæлæмхасæн кæсынæн: фыссæджы радзырдтæ – «Хакимы лæхъуымæтæ», «Хуыцауы тæрхон», «Дзаджейы æхсаргард», «Адæймаджы хæлар» æмæ «Æфсымæры тыххæй» («Мах дуг», 2001, № 2).

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ

*(1882–1931)*

*Гæдиаты Секъайы фырт Цомахъ райгуырд 1882 азы 14 январы Хъуды комы Дæллаг Ганисы хъæуы.*

*Афæдзы фæстæ сæ бинонтæ цардагур ралыгъдысты быдырмæ æмæ ‘рæнцадысты Джызæлы. Амы райдиан скъола каст куы фæцис, уæд Цомахъ фондз азы фæцахуыр кодта Дзæуджыхъæуы дины училищæйы, стæй та Стъараполы дины семинары бакаст. 1903 азы сси Дерпты (Эстони) университеты историонфилологон факультеты студент. Ам фæцалх революцион куыстыл, æмæ йæ ахуыр фæкъуылымпы. Уыйадыл сыздæхт Ирыстонмæ æмæ Джызæлы райдиан скъолайы иуцасдæр акуыста ахуыргæнæгæй. Фæлæ политикон хуызы æнæууæнк кæй уыд паддзахады раз, уый тыххæй æгуыстæй аззад.*

*1906 азы 26 июлы дунейы рухс федта фыццаг газет ирон æвзагыл: «Ирон газет». Йæ фæзындыл тынг æнувыдæй архайдта Цомахъ дæр, мыхуыр дзы кодта йæ уацтæ. Фæлæ бирæ цæрæнбон не ‘рхаудта газетмæ – йæ фарæстæм номыр куы рацыд 20 августы, уæд æй сæхгæдтой хицауад.*

*Цомахъ фæззæджы аздæхт фæстæмæ Дерптмæ – университеты йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæныны охыл. Уæд сси социалдемократион партийы уæнг дæр. Нæ та йын батад йæ революцион куыст – 1908 азы 7 мартъийы йæ ‘рцахстой, æртæ азы фæбадт ахæстоны, стæй йæ цæргæ-цæрæнбонтæм æмгъуыдæй ахастой Сыбырмæ.*

*Ам йæхи хъæппæрисæй йæ зонындзинæдтæ уæрæхдæр кодта, фыста æмдзæвгæтæ æмæ публицистон уацтæ, радзырдтæ, разынд æм историон-литературон фæллæйттæ дæр.*

*1917 азы Февралы революци йæ æрæййæфта горæт Николаевскы. Уæдмæ йыл стыхджын рæуджыты низ. Æмæ ‘рмæстдæр майы мæйы сыздæхт йæ райгуырæн бæстæмæ сæрибарæй. Раздæр уал алы æхсæнадон куыстытæ кодта, стæй сси Терчы республикæйы рухсады адæмон комиссары хæдивæг.*

*Уалынджы контрреволюци фæуæлахиз, æмæ цалдæр мæйы йæхи бафæсвæд кæнгæйæ, Цомахъ йæхи айста Калакмæ. Уæдмæ*

*советон хицаудзинад ӕрфидар Ирыстоны дӕр, ӕмӕ 1920 азы апрелы фӕстӕмӕ ‘рбацыд ӕмӕ та ӕхсӕнадон куыстытӕн сӕ тӕккӕ гуылфӕны бахауд. Дзӕуджыхъӕуы хӕххон республикӕйы рухсады хъуыддӕгты бӕрнон бынӕттӕ ахста, лекцитӕ касти студенттӕн, уыд газет «Рӕстдзинад»-ы редактор. Стыр хъазуатонӕй бавнӕлдта сфӕлдыстадон куыстмӕ – бацӕттӕ кодта йе ‘мдзӕвгӕты ӕмбырдгонд «Царды уылӕнтӕ» джиппы рауадзынмӕ. Уыцы азты ныффыста йӕ сӕйрагдӕр уацмыстӕ – драмӕтӕ «Амондмӕ цӕуджытӕ» ӕмӕ «Ос-Бӕгъатыр», уацау «Фыдӕлты намыс».*

*Бакуыста ма цалдӕр бӕрнон бынаты дӕр – уыд Цӕгат Кавказы хӕххон педагогон институты ректор, Фӕскавказы коммунистон университеты ахуырады хайады бӕрнон секретарь, Цӕгат Ирыстоны наукон-иртасӕн институты директор...*

*Цомахъ йӕ цардӕй ахицӕн 1931 азы 24 октябры. Къорд хатты рацыдысты йӕ чингуытӕ, фӕлӕ дзы ӕппӕтӕй ӕххӕстдӕр у 1984 азы уагъд – «Уацмыстӕ». Бацӕттӕ йӕ кодта Гуытъиаты Хъазыбег.*

## ЦАРДЫ УӔЗ

*(Ивгъуыд цардӕй)*

Хъуды ком... Иу мӕгуыр хӕххон хъӕу. Иу мӕгуыр чысыл хӕдзар. Бинонтӕ: мад, фыд, дыууӕ ӕнахъом сывӕллоны, чызг ӕмӕ лӕппу. Цӕмӕй цардысты? Куыд цардысты? Чи йӕ радзурдзӕни уый та? Йе сын зӕхх фаг нӕ уыдис, йе фос, йе фыдӕлты хӕзна, йе фӕхӕцӕг хӕстӕг. Куыддӕртӕй цардысты хӕххон ӕвадаты уӕддӕр. Фӕздӕгджын хӕдзары-иу арты фарсмӕ бадтысты сывӕллӕттӕ. Йӕ кӕуыны хъарджытӕ-иу кодта сывӕллӕтты мад Марине. Йӕ мӕгуыры хъӕстытӕ-иу райдыдта сывӕллӕтты фыд Бесо. Сӕ зӕххы гӕппӕлтӕ бызгъуыр ӕмпъызтыты хуызӕн, тыхӕй ма лӕууыдысты къултыл. Хуымгӕнд... Хосгӕрст... Хъӕбӕрхоры къуту-иу уыдис се ‘гас сӕрды куысты кад. Ӕгасӕй-иу ӕртӕ мӕкъуылы бӕрц рацыдис сӕ хосгӕрстӕй. Кӕм ссардтаид Бесо йӕ бинонтӕн хӕринаг, йе дарӕс, йе къахыдзаума?

Скодта уазал зымӕг. Мит ныууарыди. Ӕрӕмбӕрзта йӕ уазал урс пӕлӕзӕй хӕхтӕ. Сосафӕндаг дӕр ӕрӕхгӕдта. Ӕрбацыбыртӕ сты адӕмы фадӕттӕ.

Комрæбыны цъалайы уыдис Бесойы хъæу. Комрæбыны цъалайæ-иу касти Бесо хæрдмæ æфцæгмæ æмæ-иу хъуыдыты ныгъуылди куысты тыххæй.

«Кусæг хъæудзæн мит мæрзынæн», – загъта Бесо иу хатт æмæ арастис æфцæгмæ куыстагур.

Ссыдис станцæмæ, загъта станцæйы хицауæн. Ссардта куыст Бесо. Мызд?.. Мыздыл та чи дзырдта?! Цы радтой, уый. Æхсæз сомы йын лæвæрдтой мæй, уымæй дæр бузныг. Куысты ссард æм стыр амондау фæкасти Бесомæ. Зæрдæрухсæй райдыдта кусын. Æрцардис кусджытимæ, куыста. Фыййаг-иу куы райста æмæ-иу куы арастис фæндаг-фæндаг йе 'мбæлттимæ йæ кæрцы бызгъуыры мидæг, йæ пака худы, йæ рагон къогъодзиты, уæд-иу æм хъуыддаг афтæ каст, цыма стыр царды хорзы бахаудта, уыйау. Мит марзтой, зылдысты фæндагмæ, хъахъхъæдтой йæ. Стыр бузныджы цæстæй касти Бесо уæд куысты хицаумæ. Куы-иу фæзындис уый, уæд-иу цыма куыддæр фефсæрмы ис, худаистæй йын-иу акуывта йæ сæрæй, арфæ йын-иу ракодта æмæ та-иу йæ куыстыл зæрдиагдæрæй æрлæууыд. Чи дзы кодта уыйау æнæ мæнг, æнæ сайд, æнæ зæрдæхудт куыст? Куыд нæ йæ равзæрстаид куысты хицау иннæты 'хсæн, куыд тæккæ сабырдæр æмæ куыстуарзондæр. Иухатт æм хицау йæхи æрбаласта сындæг æмæ йын афтæ зæгъы:

– Бесо! Амы куыст зын у, цыбыр рæстæгмæ у... фæлæ дæ искуыдты паддзахфæндагыл бæхтæрæджы – емсыччы бынаты куы фæтъыссин, уæд уым дæ куыст фæрæвдздæр уаид. Аст сомы дын мæй, бынаты – сæрдæй, зымæгæй. Дæхи, дæ бинонты хъуæгтæ – æххæст... Хуыздæр дын уыдзæни.

Йæ зæрдыл бадардта Бесо ацы ныхæстæ... Æмæ сæ куыд нæ бадардтаид? Бæхтæрæг, емсыкк. Алы мæй афойнадыл цæттæ дæ улупа. Кæрдзыны къæбæр дæ бинонтæн...

Дардæй-иу паддзахфæндаджы былæй ракасти Бесо дæлæмæ, цъаламæ, сæ хъæумæ, æмæ-иу сагъæсы бахаудта йæ бинонты тыххæй, кæд исты хъуаг сты, кæд сын уазал у, зæгъгæ.

Иухатт æм Марине ссыд æфцæгмæ, бабæрæг æй кодта, кæрдзыны кой йын скодта, ома кæд дын кæрдзын хæссын хъæуы. Фæлæ сын хæринаг уым лæвæрдтой æмæ йын Бесо загъта:

– Сабиты мæт кæн, сабиты, мæ мæт ма кæн...

Урс дзулы лыггаг ын радта Маринейæн, стæй æхца дæр иу чысыл. Рацыд фæстæмæ Марине, – йæ зæрдæ куыд нæ срухс уыдаид...

Рæстæг цыди...

Ракуырдта Бесо йæхи дыууæ боны æмгъуыдмæ иухатт. Арасти дæлæмæ, хъæумæ: цæуон, фенон куыд сты мæ бинонтæ, зæгъгæ. Цыдис æнцад паддзахфæндагыл йæ цыбыр кæрцы мидæг, йæ пака худы, хъуыды кодта, куыд хорз уыдзæни, емсыкк куы суа, уæд. Йæ цыд-иу уыдзæни станцæйæ станцæйы 'хсæн. Хаттæй-хатт ын-иу бинонтæм бауайыны фадат дæр фæуыдзæнис, фæстæмæ цæугæйæ. Станцæйæ сын-иу йемæ æрбахæсдзæн йе нартхор, йе хор, йе дзуллаг ссад, йе æндæр æлхæнæггаг. Æмæ-иу Бесойæн йæ зæрдыл æрбалæууыд дуканийы хицау хин æмæ хытъынджын Сакро.

Маринейæн фехъусын кодта Бесо йæ фæндиæгтæ. Скуыввта хохы дзуæрттæм Марине, хохы дзуæртты арфæмæ банымадта Марине, хуыздæр æмæ фидардæр бынат кæй ары Бесо, уый. Бирæ алыхуызон фæндтæ рæзыдысты Бесойы бинонты сæрты мæгъзты уымæй фæстæмæ.

* * *

Емсыккы бынаты бацыди Бесо уалдзæджырдæм. Æрцарди станцæйы емсыччыты цæрæндоны. Схаста йæхицæн станцæмæ хуыссæнгарзы æфсон иу нымæты бызгъуыр æмæ базы зæронд... Хъæццулæн та йын уыдис йæ кæрцы цыбыр... Бæхтæм зилын, бæх тæрын... Уый та йæ ахуыр хъуыди цы! Йæ куыстæй уæлдайдæр бузныг уыдис Бесо. Тыхджын уыдис кусджыты 'хсæн æмбалдзинад: иууылдæр æмхуызон хæххон адæм æмхуызон мæгуыр, æмкоймæгтæ. Хорз æмбæлтты 'хсæн та царды уæз уыйас хъуыдыйæ нæ вæййы.

Бирæ цæуæг нæма уыдис Арвыкомы. Æвзæр рæстæг скодта: уазал, мит, тымыгъ... Бирæ уæгъд рæстæг уыдис нæ емсыччытæн. Бон-иу фæкуыстой станцæйы, ныммарзтой-иу бæхдон, кæрт, фæндаг станцæйы цур. Изæрæй та-иу чысыл лампæ ссыгътой сæ цæрæн бынаты, æрæмбырд-иу сты иумæ, ирхæфстой-иу кæрæдзи алы аргъæуттæй æмæ таурæгътæй алы хъазæн æмбисæндтæй.

Иуæй-иу хатт-иу фæцис паддзахфæндагыл цæуæг. Уæд-иу тагъд-тагъд февнæлдтой сæ куыстмæ. Цæстыфæныкъуылдмæ-иу ацæттæ кодтой цæуыны æввонг сæ бæлццæтты. Кæс, æмæ та-иу хохрæбынты цæлхыты гуыр-гуыр ссыди.

Уыдис рагуалдзæг. Рæсугъд бон скодта. Хæхтæ ма уыдысты

æмбæрзт урс-урсид митæй æмæ æрттывтытæ кодтой рухс арвы бын. Хур æрбакасти хохы къахырæй коммæ. Ныррухс кодта бæстæ компæбыны онг. Урс-урсид хуссæрттæ хъæлдзæг цæстæнгас лæвæрдтой хуры цæстмæ. Уазал дымгæ кодта æфцæгæй. Бон фæцæйцыди йæхи æгъдауыл. Хур нæма æркасти æврагъæй, афтæ станцы æрбалæууыд иу дилижанс, бадти дзы иу æфсæддон, стыр урс худы, дæгъистайнаг нымæты мидæг. Куыддæр дилижанс ныллæууыдис, афтæ бæлццон разынди æмæ бацыди станцы агъуыстмæ. Дыууæ минуты фæстæ рауади станцы хицау...

– Февналут, – зæгъгæ, загъта уый, – нæ бæлццон тындзы Калакмæ, февналут...

Дилижанс æд бæхтæ цæуыны 'ввонгæй лæууыд станцæйы агъуысты дуары размæ. Емсыччы бынаты бадтис Бесо; йæ ра--ды бон уыдис абон. Йæ пака худ арф æркодта; бæндæны скъуыддзагæй хорз æрбалвæста йæхи, фидар ныххæцыди бозитыл...

Абадти бæлццон дæр. Фенкъуыста хæрзхаст, æвæллад бæхты Бесо. Рог цыдæй айстой сæхи сосафæндагыл. Цæсты фæныкъуылдмæ фæауыон сты.

Изæрдалынгты бахæццæ кодта Бесо йæ бæлццоны иннæ станцæмæ.

Раздæхти фæстæмæ Бесо æд дилижанс. Балхæдта урс дзулы джиранка. Сбадти дилижансы. Фæцæуы. Хæры. Æнцад уагъдæй ауагъта йæ бæхтæ. Æнцад цыдысты бæхтæ талынджы.

Сыгъдæг цъæхбын арвæй æрттывтой æнæнымæц стъалытæ. Урсбын дардта Æрфæныфæд кæрæй-кæронмæ. Орионы рæсугъд æртæ стъалыйы уæлæуæз сфардæг сты рæнхъæй æмæ кæрæдзи фæстæ мидбылты худтысты, уæлдайдæр рæсугъд цъæхцæст Сириусмæ.

Талынг дардта компæбын сау хохы цæндты 'хсæн, йæ хъæу кæм уыдис, йæ бинонтæ кæм цардысты, йæ дыууæ сабийы кæм рæзыдысты. Царды мæт та сусæгæй райхъал ис Бесойы хуылфы.

Цы 'рцыди дарддæр? Чи йæ зоны, чи ма йæ базондзæн ныр? Бæхтæ фæзилæны цæмæйдæр фæтарстысты. Ахастой. Бозийыл ма, æвæццæгæн, æрбахæцыд Бесо, æвæццæгæн ма фæхъæр кодта: «тпру», зæгъгæ. Фæлæ ма цы бакодтаиккой Бесойы мæллæг æмæ æдых цæнгтæ уыцы хъал, уыцы фыдуаг бæхтæн... Ахастой... Æхсæвы талынджы ахаудысты былæй æд дилижанс. Ныххæррæгъ сты сæхуыддæг кæмдæр. Ныппырх ис дилижанс.

Йæ цæлхыты хъæр ма дурты хъæримæ ссыди дæле, компæбынæй. Лæг дæр ныммур ис, ныцъцъæл ис, фæцис, аскъуыдис æхсæвы талынджы йæ мæгуыр царды уидаг.

Фæхабар кодтой иннæ бон чидæртæ станцæмæ æнамонды тыххæй. Станцæйы хицауæн загътой емсыччытæ æмæ иннæ кусджытæ. Ацыдысты æнамонд фæзилæнмæ. Акастысты хауæн былæй. Сæр дзы зылдис дæлæмæ, уырдыгмæ кæсынæй. Ныххызтысты къахвæд æмæ фæсфæдыл... Хорзæй дзы цы ссардтаиккой. Дæ фыдгул афтæ фæуæд, уыдон куыд фесты. Лæгæйбæхæй, дилижансæй æмхуызонæй ныппырх сты. Цъæлтæй, стæгсæстытæй ссардтой Бесойы мард дæр иу ран хохы дыдагъы...

* * *

Фехъусын кодтой Бесойы хъæумæ, Бесойы бинонтæм. Ныккуыдта, ныдздзынæзта Марине, йæ рустæм, йæ сæрыхъуынтæм фæлæбурдта. Мады дзыназынмæ ныккуыдтой дзаг хъæлæсæй сывæллæттæ дæр. Уалынмæ Бесойæн йе 'мбæлттæ æрбахастой йæ мард. Сызмæлыдысты адæм чысыл хæххон хъæуы. Куыд æмæ куыдзы рæйын ссис бæстæ. Бахастой йæ хæдзармæ, æрæвæрдтой йæ хæдзары астæу бандоныл. Æнкъард каст кодтой хæдзары гæвзыкмæ. Ныккуыдта ноджыдæр Марине, хъарæг кодта: «Нæ дарæг фесæфти. Цæмæй ма цæрдзыстæм, цæмæй?..» Тарсты куыдæй куыдтой сывæллæттæ дæр уазал къуымы. Фæлæ ма сын кæцæй фехъуыстаид Бесо сæ хъарæг, сæ куыд? Æрæмбырд сты сыхæгты устытæ, æгъдау скодтой мардæн. Ницыуал ныууагъта рустæй, сæрыхъуынтæй Марине, нал æнцадис йæ дзыназынæй. Устытæ сæ хъарæг райдыдтой. Адæм лæууыдысты æнкъардæй. Баныгæдтой йæ хъæуысæр уæзæгыл, хъæуы уæлмæрдты. Хист, мæгуыр хист дæр ын скодтой адæмы æххуысæй.

Иунæгæй баззадис Марине йæ сидзæртимæ. Уæззау ыл æрбадтис царды уæз йæхиуыл, йæ сидзæр сабитыл. Царды мæт дзы бацыдис Маринейы, йæ цæстысыг уромын нал фæрæзта. Фæцыдис станцæмæ. Йæ мыздæй ма цы 'мбæлдис Бесомæ, уый райста. Рацыди фæстæмæ, йæ цæстысыгтæ калгæ. Иннæ бон бацыдис Марине дæллаг станцæмæ Сакройы дуканимæ. Æрдæг иронау, æрдæг гуырдзиагау ын загъта Сакро Маринейæн дыууææртæ рæвдауæн ныхасы. Сбарста йын иу меркъа нартхор, райста йын йæ аргъ, сæвæрдта æхца лагъзы æмæ та райдыдта йæ рæвда-

уæн ныхæстæ. Йе ‘ккой æрбахаста Марине нартхоры дзæкъул. Æнхъæлмæ йæм кастысты йе стонг сабитæ.

Райдыдтой куыддæртæй цæрынтæ Марине – идæдз ус æмæ йæ дыууæ сидзæр сабийы.

* * *

Уалдзæг стыхджын. Фæхъарм. Цъæх адардтой хуссæрттæ. Райхъал та ис дуне. Райхъал сты адæм дæр, рацыдысты сæ хæдзæрттæй æддæмæ. Сæ уæлхæдзæрттæй фæлгæсыдысты алырдæм уыцы хурæфсæст бонты. Мит тади цæгæтты бонæйбон зынгæдæр.

«Куыд сæ хæсдзæн, цæмæй сæ хæсдзæн йæ дыууæ гыццыл сабийы», – хъуыдыты ныгъуылди Марине. Лæппын цъиутау, агурынц уыдон алы бон хæринаг, дзыххæлиуæй. Хуымгæнды гæппæлтæ. Хосгæрсты гæппæлтæ... Æнæ гал, æнæ бæх цы бакæндзæн?.. Радта сæ ‘рдæгыл... Цыппар-фондз путы хъæбæрхор. Дыууæ-‘ртæ мæкъуылы хос. Кæй фаг сты? Исты царды амал агуырдта Марине, хъуыдыты ацыди.

Загъта йын чидæр, æгъдаумæ гæсгæ, дам, фæндаджы хицау хъуамæ баххуыс кæна Бесойы сидзæртæн. Ноджыдæр ын загъта чидæр, зæды хуызæн ус, дам, у фæндаджы хицау, зæды хуызæн сылгоймаг, дам, у, цæры, дам, Дзæуджыхъæуы. Цыма йæм кæцæйдæр ныфсы хур æрбакасти, уыйау айста йæ зæрдæмæ ацы дзырдтæ Марине. Æххуыс! Æрмæст кæрдзыны къæбæры фаг, æрмæст сывæллæттæн зæрдæ сайыны фаг... Кæд бахъомыл уаиккой чысыл...

Скодта хъарм бонтæ. Уалдзæг ныллæууыд. Адæмы уынæр фехъуыстис хуссар уæлвæзтæй. Уалдзыгон хъуыдыйæгты бацыдысты адæм. Куысты рæстæг та æрцыд. Æмæ, адæммæ кæсгæйæ, Маринейы зæрдæйы дæр бафтыди уæлдайдæр царды мæт.

– Цæуын хъæуы Дзæуджыхъæумæ, – загъта Марине æмæ Дзæуджыхъæумæ ацæуыны фæндыл ныллæууыди. Ныфс æй уыдис, æнæ æххуысæй кæй нæ ныууадздзысты сидзæрты. Уыдис Маринейæн Дзæуджыхъæуы иу дард хæстæг. Зыдта Марине, уый дæр мæгуыр цард кæй кæны, фæлæ йын, уæддæр, æрæнцайыны бынат кæй уыдзæн горæты, уый йын йæ зæрдæйæн стыр фидары хос лæвæрдта.

Срæвдз кодта йæхи Марине, срæвдз кодта йæ сидзæрты. Æнхъæлмæ фæкастис уæрдонæй цæуæгмæ, фæлæ куыст афон

кæй æвдæлди балцы цæуынмæ. Иу хъарм рæсугъд бон сыстади æд сабитæ Марине, хæрзбон загъта сыхæгтæн, арфæ йын ракодтой, уæдæ цы, уыдон дæр, æмæ арасти паддзахфæндагыл. Æртæйæ ахызтысты æфцæгыл цæгатырдæм, æфцæджы фæзилæнтыл æрцыдысты Терчы коммæ.

Цыдысты фистæгæй, æртæйæ, сосафæндагыл мад æмæ дыууæ сидзæр сабийы, цыдысты чысылгай, æнцад, дзаумайы бызгъуырты, мæгуыргурты хуызæн. Исчи-иу куы ‘рбацæйцыди фæндагыл, уæд-иу æфсæрмыгæнгæйæ иуырдæм алæууыди Марине, йе та-иу агуырдта фæсауuон къахвæндаг хæстæджыты.

Цыдысты æнцад...

Хæхтæ лæууыдысты æгомыгæй комæн дыууæрдыгæй, ницы мæт сæ уыдис æппындæр. Адæм цыдысты сæ быны – чи ирон уæрдоны, чи фургоны, чи къареты, чи та фистæгæй. Уыдон уыдис мæт, фæлæ сæ алчи дæр æрмæст йæхи мæт кодта. Фурд гуылфгуылфæй тындзыдта кæдæмдæр нарæджы, йæ пырх, йæ сæт калдта дуртыл, къæйтыл, цыма зыдта, хуыздæр фадат æм кæй кæсы цæгат быдыры.

Цыдысты æртæйæ сосафæндагыл фæзилæнмæ.

Дыккаг бон изæрырдæм Фыдхуызы бынæй ныккасти Марине Дзæуджыхъæумæ... Бæлæсты ‘хсæнæй зындысты хæдзæртты сæртæ. Горæты астæуæй, фидарау, урс дардта бæрзонд аргъуан. Æрцыдысты. Цин сыл фæкодтой сæ хæстæджытæ. Фæкуыдтой иумæ зианыл. Фæбадтысты иумæ, фæныхас кодтой æнкъард ныхасæй. Бамбарын сын кодта йæ хæстæджытæн Марине, цы дымгæ йæ систа, цы дымгæ йæ рахаста æд сидзæртæ Дзæуджыхъæумæ. Фæуынаффæ кодтой, фæдзырдтой æмбисæхсæвы онг.

Маринейæн тæлмацæн ссардтой иу ирон скъолайы лæппуйы. Ацыдысты горæты кæронæй иумæ, Марине æд сывæллæттæ æмæ семæ тæлмац лæппу. Ауадысты хидыл. Цæуынц. Иу рæсугъд агъуыстмæ бацыдысты. Агъуысты стыр рудзгуытæ, æгас дуæртты хуызæн, æрттывтытæ калдтой се стыр æвгтæй. Рæсугъд конд дуар. Æрлæууыдысты дуары раз. Лæппу бахоста дуар... Æнхъæлмæ кастысты æнæ дзургæйæ. Дуар бахойынмæ рацыдис иу чызг, урс чызг, урс раздарæны мидæг. Мæсты хуызæй сæм ракасти, бафарста сæ, цы уæ хъæуы, зæгъгæ. «Йæхæдæг у», – загъта йæхинымæр Марине. Лæппу бамбарын кодта чызгæн се ‘рбацыды хъуыддаг. Маринейæн дæр загъта, кусæг чызг кæй у, уый. Мидæмæ сын загъта чызг. Бацыдысты раззаг уатмæ.

Дис кодтой уыцы стыр айдæнтыл, уыцы рæсугъд бандæттыл, уыцы алыхуызон ахуырст къултыл... Лæууыдысты... Ракæс-бакæс кодтой иунæгæй...

Уалынмæ сæм рацыдис иу бæрзонд ус, уæзданхуыз, сау дарæсы мидæг. Зæды хуызæн фæкасти ус Маринемæ. Сывæллæттæ, цыма сæ гыццыл зæрдæтæй бамбæрстой хъуыддаг, уыйау æмбæхстысты Маринейы фæстæ, Маринейы бызгъуырты ауыæттæ. Ус лæууыди, хъуыста, цыдæр загъта...

Бæхтæ фæтарстысты... Ахастой... Расыг уыдаид...

Цæмæй йын æмбæрста йæ ныхæстæ Марине. Нал баурæдта йæхи.

– Мæнæ, мæнæ, мæ сидзæр сабиты... – ныккуыдта æмæ æрхауди усы раз, æрзоныгыл кодта, хъавыдис ын йæ дарæсы кæронæн апъа кæнын.

Сывæллæттæ мæгуырхуызæй лæууыдысты æнцад æмæ ахходжынтау, кастысты усмæ. Ницыуал сдзырдта ус, бацыди мидæмæ... Æнхъæлмæ та кастысты...

Чысыл фæстæдæр сын рахаста мидæгæй кусæг чызг иу сомы гæбаз.

– Уый уын не 'хсины лæвар... Цæугæут ныр!

Сомы гæбаз... Райста йæ Марине, йæ цæстысыгтæ сæрфгæйæ... Рараст сты. Мæстæй йæ зæрдæ скъуыди Маринейæн.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТӔТӔ

* * *

«Райсомы аст сахаты уыд, ӕмӕ тагъд кодтон Мӕздӕджы базар фенынмӕ. (...) Кировы цырты цур бафиппайдтон архитектурон ивддзинӕдтӕ. Фисыныл цы бӕстыхай уыд, ууыл ма иу уӕладзыг самадтой ӕмӕ дзы ресторан сарӕзтой. Йӕ авгӕйӕхгӕд уӕрӕх фӕрстӕ ӕмӕ мидӕггаг хуызмӕ гӕсгӕ ресторан уыд аквариумы ӕнгӕс. Изӕрыгӕтты уый, ӕвӕццӕгӕн, ноджы тынгдӕр рабӕрӕг вӕййы. Ӕмӕхгӕдӕй чи баззад, уыцы къулыл – егъау мозаикӕ: бӕх йӕ фӕстӕгтыл слӕууыд, йӕ уӕлӕ та сӕрыстырӕй бады гуыппырсар лӕппу, бӕрзонд бухайраг худ ӕмӕ йыл нымӕт. Мозаикӕйы ас ӕмӕ стиль бӕлвырдӕй ӕвдыстой монументалисты зӕрдӕйы ахаст. Автор, ӕвӕццӕгӕн, ныффссаст уыди, Мӕздӕгмӕ йӕ национ хӕдхуызӕй кӕй ницыуал баззад, уый тыххӕй. Ӕмӕ куыннӕ! Уырыс, сомих, дзуттытӕ, украинӕгтӕ, азербайджантӕ, хъуымыхъ, гуырдзы, цигантӕ, тӕтӕр, корейӕгтӕ, ногъай, лезгинтӕ, цӕцӕн, кӕсӕг – ӕппӕт уыцы дзыгъуыр, ӕмхӕццӕ адӕмӕй иутӕ ӕрвылбон Мӕздӕджыуылты цӕуынц, иннӕтӕ та дзы цӕргӕ кӕнынц. Ӕмӕ, куыд зыны, афтӕмӕй ирон национ традицитӕ сӕндидзын кӕнынӕн ӕмӕ бахъахъхъӕнынӕн мисхалы бӕрц дӕр ницы ахъаз сты» *(Василий Белов. Избранные произведения в 3-х томах. Т. I, «Современник», 1983, с.с. 558–559).*

* * *

Афтӕ мӕм кӕсы, цыма мах ӕнус (XX ӕнус. – *Ред.*) адӕмты стыр фыдбылызмӕ ӕппары. Фыдгӕнджтӕ рамбылдтой ӕнусон ӕмӕ мӕлӕтдзаг тохы. Халӕг, сафӕг тыхтӕ фӕуӕлахиз сты. Адӕмы уды фарнылл ничердыгӕй ӕфты, хаугӕ дзы цы кӕны, ӕндӕр. Лӕмӕгъдзинад, тас ӕмӕ ныл низтӕ ӕртыгуыр сты. Чи нӕ фервӕзын кӕнид, уыцы зӕрдӕхӕлардзинад ӕмӕ зонды хӕзнатӕ нӕ разы куыд хъуамӕ фегуырой? Ӕнӕнхъӕлӕджы дӕр сын нӕй ссарӕн.

***Луис Бунюэль (1900–1983)***

* * *

Дунейæн рацаразæн нæй. Адæм кæддæриддæр мардзысты кæрæдзи. Æз дæр мæ фыдау пессимист дæн...

* * *

Рæстæгæй-рæстæгмæ фæзынынц Йесо Чырыстийы хуызæн комикон удгоймæгтæ æмæ фæзæгъынц: «Кæрæдзи уарзут». Уый æдылы фæдзæхст у. Бафæдзæхсæн ис, Мæйы сæрты агæпп кæнут, зæгъгæ – уый дæр æвидауцдæр ныхас нæу! Фæлæ йын сæххæстгæнæн нæй. «Кæрæдзи уарзут» – йæ зæгъын æнцон у. Фæлæ-ма бафæлвар, бауарз!

***Хуан Луис Бунюэль, Луис Бунюэлы***
*фырт æмæ йæ ассистент*

* * *

Æнæзонд адæймæгтæ зондджынты никуы бамбардзысты.

* * *

Æдылыйы æдзухдæр фæуырны, зондджыны мæнæй хуыздæр ничи афæливдзæн, зæгъгæ, уый.

* * *

Гуырцæй цагъайраг чи уа, уый паддзахы бандоныл дæр цагъайраг уыдзæни.

***Люк де Клапье Вовенарг***

* * *

Нырыккон Уæрæсейы паддзахадон машинæйæн йæ сæйраг нысан у, машинæйæн йæхи мидæг чи кусы, уыдонæн лæггад кæнын. Сæ куыст та у хæрын, бынат хъахъхъæнын, хи хъуыддæгтæ аразынæн цæмæй фадат уа, ууыл архайын (алы хатт коррупцийы æххуысæй нæ). Уымæ гæсгæ паддзахадон куыстмæ чи бахауы, уыдонмæ цалынмæ тыхы мур вæййы, уæдмæ тох фæкæнынц сæ бынæттæ нæ раттыныл. Паддзахадон машинæмæ æддæрдыгæй исты сигналтæ куы бахæццæ уа, уæд сæ нымайы фыдгæндыл, фæлæ дзы ирвæзæн кæцытæй нæ уа, æрмæстдæр уыдонмæ дары йæ хъус. Сигналтæм æргом кæй не здæхтæуы, уый тыххæй æфхæрын хъæуы, фæлæ машинæйæн уыцы ‘гъдау æцæгæлон у. Ардæм ма бафтауын хъæуы иу хъуыды: паддзахадон

кусджыты раивта ног фæлтæр. Ног адæймæгтæ кæд фæсарæйнаг æвзæгтæ æмæ разамынд дæттыны æгъдæуттæ сахуыр кодтой, уæддæр уый не 'мбарынц, æмæ машинæ хъуамæ йе 'ргом кæй здаха æддагон сигналтæм. Хуымæтæг æвзагæй дзургæйæ, хъуамæ машинæ адæмæн лæггад кæна. Фæлæ хицауад ахæм хъуыды тутт, æнæсæрфат хонынц.

*__Юри Козлов__, «Роман-газета»-йы сæйраг редактор. «Литературная Россия», 2012.14.09*

## ИУНÆДЖЫ ХЪЫСМÆТ

✦ Не 'ппæт бæллæхтæ дæр цæуынц, иунæгæй баззайыны фадат нын кæй нæ вæййы, уымæй.

***Жан де Лабрюйер***

✦ Сæрибар уарзыны монцимæ чи райгуыры, уыдон иууылдæр тырнынц иунæг уæвынмæ.

***Джордж Байрон***

✦ Кæд «нæ», зæгъгæ, афтæ дзурын æмæ иунæг уæвын базыдтай, уæд фæхæст дæ дæ уды сæрибар æмæ дæхи хъахъхъæныны фæрæзтыл.

***Никола Шамфор***

✦ Иунæг бахордта, æмæ бинонтæ иууылдæр – æфсæст.

***Китайаг æмбисонд***

✦ Фæсивæды æппæты фыццаг иунæгæй фæразыныл ахуыр кæнын хъæуы, уымæн æмæ уым ис амонды, удæнцойы гуырæн.

✦ Адæймаг æцæгæй цы у, уый фены, иунæгæй куы баззайы, æрмæст уæд. Уымæ гæсгæ, иунæг уæвын кæй нæ фæнды, уый сæрибар нæ уарзы.

***Артур Шопенгауэр***

✦ Æцæг намысыл фæхæст уыдзынæ æмæ сæр сæрмæ хæссын райдайдзынæ, иунæгæй цæрын куы базонай, æрмæст уæд.

***Рабби Нахман***

✦ Иунæг кæй дæ, уый трагеди нæу, иунæг уæвын дæ бон кæй нæу, уый у трагеди.

***Альбер Камю***

✦ Мидэмиграци – уый у Дзæнæтмæ эмиграци.

***Владимир Микушевич***

✦ Паразитæн иунæгæй цæрын йæ бон нæу.

***Александр Солженицын***

✦ Æппæтæй иунæгдæр чи у, уый æппæтæй тыхджындæр у.

***Элеанорæ Дузе***

✦ Иуæй-иу иунæгæй баззайы, рынчын кæй у, уымæ гæсгæ, иннæ та, рынчынтæй кæй алидзы, уымæ гæсгæ.

***Фридрих Ницше***

✦ Иу уæвын тæссаг нæу, тæссаг у ноль уæвын.

***Константин Малихан***

## ИУАХÆМЫ

* * *

Номдзыд япойнаг хæстон раздзог Нобунанга иуахæмы сфæнд кодта знæгты басæттын. Уыдонæн та сæ нымæц уыди дæс хатты фылдæр. Салдæттæ уæлахизыл сæ зæрдæ тынг нæ дардтой, гуырысхотæ кодтой. Уæд сæ сæ раздзог фæндагыл æрурæдта æмæ сæм дзуры:

– Æхца суилдзынæн æмæ кæд герб абада, уæд мах фæуæлахиз уыдзыстæм.

Суылдта æхца, æмæ герб разынди. Æфсæдты бауырныдта, кæй фæуæлахиз уыдзысты, уый, размæ абырстой æмæ знæгты æнцонæй басастой.

Хæсты фæстæ Нобунангайæн йæ адъютант дзуры:

– Æвæдза, хъысмæты къух цы амона, уымæн ивæн нæй.

– Раст зæгъыс, дзуапп радта раздзог æмæ йæм равдыста, кæй суылдта, уыцы мæнг æхца – дыууæрдыгæй дæр ыл уыди гербы ныв.

* * *

Цардис иу лæг, æууæндыд æрвон тыхтыл æмæ иудадзыг куывта Иунæг Хуыцаумæ. Гъемæ иуахæмы куыд куывта, афтæ йæ рæзты фæцæйцыдысты къуылых, æххормаг, куырм æмæ хъодыгонд адæймæгтæ. Лæг сæ куы ауыдта, уæд фæудаист æмæ фырмæстæй фæхъæр ласта: «О Сфæлдисæг, уарзондзинады Хуыцау куы Дæ, уæд ацы хъизæмаргæнæг удтæн истæмæй цæуылнæ баххуыс кæныс?» Дзуаппы номыл сыбыртт дæр нæ райхъуысти, фæлæ лæг уæддæр æнхъæлмæ кастис. Æппынфæстаг æм æгуыппæг арвæй æрдзырдæуыд:

– Æз сын ме 'ххуысы хай бакодтон... Дæу сфæлдыстон.

# МОЛЛА НАСРЕДДИНЫ ХАБÆРТТÆЙ

## Бындзытæ – сылгоймæгтæ

Насреддин бындзытæ мардта æмæ йæ усмæ дзуры:

– Дыууæ сылгоймаджы æмæ дыууæ нæлгоймаджы амардтон, ома дыууæ бындзы дзы сылгоймæгтæ уыдысты, дыууæ та – нæлгоймæгтæ.

– Куыд æй базыдтай, сылгоймæгтæ дзы кæцытæ уыдысты æмæ нæлгоймæгтæ, уый?

– Дыууæ дзы айдæныл бадтысты, – дзуапп радта Насреддин.

## Уайдзæф

Насреддин иу лæгимæ фæхыл, æмæ йæ хицауы къантормæ æрбакодтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй ма цалдæр боны размæ дæр цыдæр хъуыддаджы фæдыл ардæм æрбахауди.

Хицау æй куы ауыдта, уæд ын бауайдзæф кодта:

– Худинаг дын нæу, Насреддин, ныр дыккаг хатт дæ мæ къанторы!

– Æмæ уым диссагæй цы ис? – афарста Насреддин.

– Куыд цы? Раст адæймаг ардæм никуы 'рбацæуудзæн, уый нæ зоныс?

– Байхъус-ма, мæ хæлар, – дзуры Насреддин, – æз ам æрмæст дыккаг хатт дæн, ды та дзы алы бон дæр вæййыс.

## Хъуыдытæ зонæг

Насреддин адæмы сайын байдыдта, кæйфæнды хъуыдытæ дæр, дам, базондзынæн. Æрцахстой йæ æмæ йæ тæрхонылæгмæ æрбакодтой. Уый йæ фæрсы:

– Куыд дзурынц, афтæмæй искæй хъуыдытæ базонынмæ арæхсыс. Гъемæ ма уæдæ базон, æз ацы минут цæуыл хъуыды кæнын, уый.

Насреддин ын дзуапп радта:

– Ды хъуыды кæныс, дæ цуры сайæгой кæй лæууы, ууыл.

## Хæдзары сæр – къæрных

Насреддин фæсахсæвæр æрхуыссынмæ куыд хъавыд, афтæ айхъуыста, хæдзары сæр къæрных цыдæртæ кæй архайы, уый. Æмæ йæ усмæ хъæрæй дзуры:

– Знон дæм дуар бирæ фæхостон, фæлæ ды нæ райхъал дæ. Гъемæ уæд хæдзары сæрмæ сбырыдтæн, Хуыцаумæ скуывтон, стæй мæйы тыныл ныххæцыдтæн æмæ хæдзармæ мæхи æруагъ-тон тохынайы.

Къæрных уыцы ныхæстæ фехъуыста æмæ ныхъхъус. Насред-дин та йæ усмæ дзуры:

– Цæй, хуыррытт кæнын райдайæм.

Æмæ сæ хуыррытт райхъуысти.

Къæрных афтæ банхъæлдта, лæг æмæ ус æцæгæй дæр ба-фынæй сты. Сыстади, Хуыцаумæ скуывта, стæй мæймæ йæ къухтæ сивæзта æмæ тохынайы йæхи ауагъта.

Насреддин йæ усмæ фæхъæр ласта:

– Тагъддæр цырагъ ссудз, къæрных æрцахстон!

Уæд æм къæрных хъæрзгæйæ дзуры:

– Æфсымæр, дзæгъæлы тагъд кæныс. Дæ куывд æмæ мæ зонды фæрцы ахæм хауд æркодтон æмæ сыстынхъом нал дæн.

## Цæфхад

Насреддин фæндагыл ссардта хæрæджы цæфхад æмæ цинæй амарди: «Гъеныр ма æртæ цæфхады æмæ иу хæрæг куы ссарин, уæд мæ фистæгæй цæуын нал хъæуид!»

## Фарст

Иуахæмы Насреддин бацыди, зæронд дзаумæттæ кæм уæй кодтой, ахæм дуканимæ. Уæйгæнæг уыди бæгъæввад, бызгъуыртæ дарæс ыл.

– Царм дæм ис? – фæрсы Насреддин.

– Ис.

– Зæгæлтæ дæм ис?

– Ис.

– Ахорæн дæм ис?

– Ис.

– Уæдæ дæхицæн дыууæ басмахъы цæуылнæ бахуыйыс?

## Зонды сусæгдзинад

– Зондджын суæвæн цы хуызы ис? – бафарстой Насреддины.

– Тынг æнцонæй. Дæ цуры зондджын лæг куы ныхас кæна, уæд æм лæмбынæг хъус. Дæхимæ дын куы хъусой, уæд та дæхи ныхæстæм хъус.

## Дæ дыккаг лæджы цæрæнбоны тыххæй кув

Иу сылгоймаг Насреддинмæ æрбацыди курдиатимæ:

– О дзырддзæугæ Насреддин, дæ хорзæхæй, исты мын бауынаффæ кæн. Мæ фыццаг лæг мæм æдзухдæр загъд кодта. Ныр мын дыккаг лæг ис, æмæ мæ уый та алы бон дæр саунад скæны. Цы чындæуа? Куыд дзы фервæзон?

– Мæ чызг, Хуыцаумæ кув, цæмæй дæ лæгæн бирæ цæрæнбон ратта! – дзуры Насреддин.

– Уый та куыд? – дисы аныгъуылди сылгоймаг.

– Дæ фыццаг лæг дæм загъд кодта, ай та дæ иу бон дæр æнæ надæй нæ уадзы. Дæ дыккаг лæг куы амæла æмæ æртыккагмæ куы смой кæнай, уæд уый къухæй та мæрдтæм бацæудзынæ. Уымæ гæсгæ фæраз нæдтытæн, стæй Хуыцаумæ кув, цæмæй дæ дыккаг лæг тынг бирæ фæцæра.

## Гæды æмæ куыдз

Иу æхсæв Насреддин æмæ йæ ус арты фарсмæ бадтысты. Лæг газеты касти, ус та цъындахæдон быдта. Сæ гæды æмæ куыдз дæр сæ фæллад уагътой, сæ зæрдæйы дзæбæхæн хуыссыдысты хъармы.

Иуафон ус йæ лæджы афарста:

– Нæ лæг, кæс-ма, нæ гæды æмæ куыдз куыд хæларæй цæрынц. Мах афтæ цæуылнæ зонæм?

– Цæуылнæ зонæм, зæгъыс? Кæрæдзиуыл ма сæ бабæтт, æмæ уæд фендзынæ, цы дзы рауайдзæн, уый, – дзуапп ын радта Насреддин.




*Мыхуыры рацыди ног чиныг «Ирыстоны поэзи». Саразта йæ æмæ йын цыбыр биографион зонæнтæ ныффыста Хъодзаты Æхсар. Балхæнæн ын ис журнал «Мах дуджы» редакцийы (Къостайы проспект, 11) æмæ горæты чингуыты дуканиты.*

Цъары фæрстыл:

*2. Салават Юлаевы цыртдзæвæны модель.*

*3. Мастисæг.*

*4. Ирон лæг.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |


* * *


*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*


Журналы цы ӕрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*


*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 12.12.12. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 5. Цена свободная. Выход из печати 19 января 2013г.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*

*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*

*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*

*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247